

НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор

Казбек МАМУКАЕВ

Редакция

Зам. гл.редактора – Ахсар КОДЗАТИ
Поэзия, драматургия – Марат ДЖУСОЕВ

Общественный совет

Руслан БЗАРОВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Елизавета КОЧИЕВА, Станислав КАДЗАЕВ,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2019

МАХ ДУГ

1
2019

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор

МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

Редакци

Сæйраг редакторы хæдивæг – ХЪОДЗАТЫ Æхсар
Поэзи, драматурги – ДЖУСОЙТЫ Марат

Журналы æхсæны уынаффæдон

БЗАРТЫ Руслан, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав,
КЪУСРАТЫ Анатоли, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2019

НОМЫРЫ ИС:

ЗÆНДЖИАТЫ БÆБУ: 150 АЗЫ

Бæбуйы тыххæй дзурынц 6

ЗÆНДЖИАТЫ Бæбу. **Куыд базонгæ дæн Къостаимæ** 19

ЦГЪОЙТЫ Хазби. **Рагбонты фыстæджытæ.** Новеллæ 22

КОЛИТИ ВИТАЛИ: 60 АНЗИ

КОЛИТИ Витали. **Мæ уарзт æма мæ цийфес.** Æмдзæвгитæ 35

ХОЗИТЫ Барис. **Хæдæфсарм адæймаг æмæ курдиатджын поэт** 46

СФÆЛДЫСТАДОН БЫНТÆ

ХОДЫ Дзаххотт. **Чи кæй?** Фельетон 53

ХЪУЫЛАТЫ Ладимыр. **Æртæ зæгæлы.** Радзырд 55

ХЪОДЗАТЫ Æхсар. **Мæ удæн йæ хæтæн – уæларв.** Æмдзæвгæтæ, тæлмацтæ 57

ФИДАРАТЫ Руслан. **Баппæрстон æз уады рагъыл саргъ.** Æмдзæвгæтæ 71

ТÆЛМАЦТÆ

ЗОЛОЙТЫ Аркади. **Немыцаг æмæ англисаг поэзийæ** 74

ЦÆРИКЪАТЫ Мæирбег. **Ахæм уыд Азанбег** (Дзанайты Азанбеджы райгуырды 100 азмæ) 80

МАХ ДУДЖЫ РАВДЫСТ 85

ФАРНХÆСДЖЫТÆ

МАМИАТЫ Таймураз. **Цъесаг лæппу** 94

ПУБЛИЦИСТИКÆ

КУЧИТЫ Руслан. **Нæ иудзинады сæрвæлтау.** Уац 106

РАЗАГЪДЫ ЛÆГТÆ

Солæман-паддзахы тыххæй кадджытæ, æмбисæндтæ 111

АРВИСТОН 125

УÆЛÆМХАСÆН

Юрий ВОРОНОВ. **Царица Тамара и «структура страсти».** Уац 136

ТÆФÆРФÆС. АЙЛАРТЫ Измаил 142

ЗÆНДЖИАТЫ БÆБУ: 150 АЗЫ

ЦЫРАГЪДАРÆГ

Зæнджиаты Хъасайы фырт Бæбу райгуырди 1869 азы Мызуры. Йæ мад æмæ йæ фыдæн уый уыд иунæг (йе ‘фсымæр амарди чысыл сабийæ). Йæ лæппуйы бонтæ арвыста Мызуры, хатгай-иу цард йæ мадырвадæлтæм дæр – Цъæйы хъæуы. Хъуамæ адæймаг рæстæй цæра, гæды ныхас кæнын йæ сæрмæ ма хæсса. Уыцы хуызы йæ хъомыл кодтой йæ ныййарджытæ.

Бæбу ахуыр кодта Мызуры – дины райдиан скъолайы. Каст æй фæцис иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ. Фæстæдæр сæ хæстæг Сохиты Дрисы æххуысæй лæппу бацыди Кутаисы ахуыргæнджыты семинармæ. Каст æй куы фæци, уæд ахуыргæнæгæй кусын райдыдта Беслæны. Уый уыди 1890 азы. Ацы хъæуы уæд уыди 200 хæдзары. Сæ фылдæр – пысылмæттæ. Скъолайæн дзы йæ кой дæр нæма уыд, æмæ сывæллæттæ фылдæр цыдысты мæзджытмæ. Бæбуйы бирæ бафыдæбон кæнын хъуыд адæмы ‘хсæн рухс тауыныл, æмæ уыцы аз Беслæны фæзынди скъола. Скъола æрбынат кодта Гуытъиаты Гæккайы хæдзары. Ахуыргæнджытæ кæй нæ фаг кодта, уымæ гæсгæ фыццаг дыууæ азы Бæбу куыста иунæгæй. «Отчет общества восстановления христианства на Кавказе», зæгъгæ, уыцы документы фыстой 1890 азы: «Общество назначило особого учителя осетина Бабу Зангиева, окончившего курс Кутаисской учительской семинарии образцовым учеником. Молодой учитель повел дела так умело, что не только христиане, но и магометане, сильно восставшие вначале против школы, скоро полюбили ее и охотно стали определять в нее детей, так что в числе 40 наличных учеников в школе находятся 16 магометанских мальчиков».

Бæбуйы царды ахсджиагдæр цаутæй иу баст у Цъæйы комимæ. Йæ мад Госæимæ арæх æфтыд ардæм æмæ сабыргай зонгæ кодта диссаджы æрдзимæ. Иудадзыг йе ‘мбæлццон уыд йæ хæлар Баситы Михо (Чабæханы фыд). Михойы сабитæ Тазрет æмæ Чабæхан бирæ рæстæг хъомыл кодтой Бæбуйы хæдзары Алагиры. (1942 азы немыц Алагир куы бацахстой, уæд Чабæхан йæхи куыд æхсарджынæй равдыста, уый алчидæр зоны). Бæбуйы

хæдзар парахат гом уыди бирæтæн – йæ хæстæджыты, йæ къабæзты, йæ хæлæртты цот цардысты æмæ ахуыр кодтой Бæбумæ.

Бæбу æмæ Михо цæмæйдæрты фæзмыдтой А Н. Толстойы, сæ зæрдæмæ йын арф айстой йæ зонды ныхас «Непротивление злу насилием», иудадзыг архайдтой адæмæн хорз кæныныл. Толстойы фены тыххæй ацæуынмæ хъавыдысты Ясная Полянамæ. 1910 азмæ æмгъуыд скодтой, фæлæ Бæбу фæрынчын, æмæ йæ бæсты ацыд Æмбалты Цоцко (Михоимæ). Толстой æхсызгонæй сæмбæлди кавказаг уазджытыл, семæ бирæ фæныхас кодта.

О, фæлæ Цъæйы кой кодтам. 1909 азы Бæбу ам сарæзта хæдзар, æмæ йæм цæуын райдыдтой тарнизæй рынчынтæ. (Ацы хабары тыххæй кæс дæлдæр). Цъæйы комы уæлдæф адæймагæн æвдадзы хос кæй у, ацы дзæнæты къуым бирæ сусæгтæ кæй æмбæхсы, уый тыххæй Бæбу йæ уазджытæн дзырдта иудадзыг. Йæ ныхас ын-иу уæлдай тынгдæр сфидауын кодтой фыдæлты таурæгътæ, æмбисæндтæ. Авд азы дæргъы фæкуыста Бæбу Фæсбайкалы æфсæнвæндагыл, Цъæйы курорт саразынæн исты фæрæзтæ самал кæныны тыххæй. Цæвиттон, Зæнджиаты Бæбуйы схонæн ис Цъæйы курортæн бындурæвæрæг. Æвæдза, æнахуыр хъæздыг зæрдæйы хицау уæвын хъуыди, цæмæй дæ адæмæн исты хорзы бацæуыны сæрвæлтау дæхи хардзæй ахæм стыр хъуыддæгтæ саразай, уый тыххæй.

1913 азы Бæбу ирон æвзагмæ раивта брошюрæ «Чехоткайы тыххæй» (джиппы уагъд æрцыди 1930 азы). Уыцы куыст Бæбу бакодта тарнизы ныхмæ тохгæнæг Æппæтуæрæсеон Лигæйы фæдзæхстмæ гæсгæ. Йе ‘мбæстæгтыл куыд зæрдиагæй аудыдта, уымæн ма æвдисæн у ахæм хабар дæр: Цъæйы цы хæдзæрттæ сарæзта тарнизæй рынчынтæн, уыдон фæстагмæ æд сынтæджытæ, æд хуыссæнтæ, æд хæдзарыдзаума балæвар кодта адæмæн, йæ рагон æрдхорд Баситы Михойæн та бафæдзæхста, цæмæй сæм йæ хъус дара. Уый уыди 1914 азы.

Цалдæр ныхасы Бæбуйы сфæлдыстадон куысты тыххæй. Ирон æвзагмæ раивта Дж. Свифты «Гулливеры балц», Л. Н. Толстойы «Хадзы-Мурат», «Хъазахъ», А. М. Горькийы «Челкаш», А. С. Неверовы «Ташкент – хорджын сахар» æмæ æндæртæ. Уымæй дарддæр Бæбу иудадзыг уацтæ фыста нæ адæмы царды ахсджиаг фарстаты фæдыл. Ранымайдзыстæм дзы цалдæр: «Дзомагъы æфцæджы бынты тоннелы тыххæй» *(Рæстдзинад, 1928.24.03)*, «Хæххон хъæутæн саразæм скъола-интернат» *(Рæстдзинад,*

1928.23.08), «Ног чиныг ирон æвзагыл æмæ йæ уыдзæн кæсæг?» *(Рæстдзинад, 1930.14.02)*, «Ирон æвзагæн хъæуы хуыздæр бынат скъолаты» *(Рæстдзинад, 1930.13.02)*, «Цъæйы курорты æхсызгондæр аразинæгты тыххæй» *(Рæстдзинад, 1930.11.05)*, «Æхсызгон кæнинаг хъуыддаг» *(Рæстдзинад, 1930.29.03)*, «Туристтæм дзæбæх цæстæнгас» *(Рæстдзинад, 1929.27.06)*, «Цъæйы саразæм музей» *(Рæстдзинад, 1933.29.08)*, «Ноджыдæр ма ирон орфографийы тыххæй» *(Рæстдзинад, 1936.29.05)*.

Уымæй дарддæр Бæбу йæ хъус дардта ирон газеттæн уацхæсджытæ хъомыл кæныны хъуыддагмæ. Дзырддзæугæ ахуыргæнæг, йæ адæмы иузæрдион хъæбул иудадзыг архайдта фыдæлты зонд, фыдæлты фарнæйræзгæ фæлтæры фæхайджын кæныныл.

1930 азы Алагиры байгом бæстæзонæн музей – аргъуаны бæстыхайы. Уый дæр Бæбуйы фæндæй. Хъуыдыгонд ын уыд, ацы агъуысты къултæ Къостайы конд нывтæй фæлыст кæй уыдысты, уый. Æмæ цæмæй ма фесæфтаиккой, уый тыххæй дзы музей саразын кодта.

Цырагъау фæсыгъди Бæбуйæн йæ рæстаг зæрдæ. Йæ кæрдаг зонд, йæ хъарутæ æвгъау никуы бакодта йæ Иры дзыллæйæн. Фæлæ йæ сæр фыдæвзæгты, фыдлæгты амæддаг баци – 1937 азы йæ æрцахстой æмæ йæ æвирхъау мардæй амардтой.

Нæ куырыхон хистæры цард фæзминаг уræзгæ фæлтæрæн. Æмæ йын ацы публикацийæ йæ рухс ном арæм.

Хъодзаты Æхсар

* * *

Уæлладжыры комы Цъæйы цъитимæ æввахс фæзынди санаторийы æнгæс цыдæр – тарнизæй рынчынтæн. Раздæры ахуыргæнæг – ирон лæг Зæнджиаты Бæбу ам сарæзта чысыл бæстыхай. Ардæм чи ‘рбафты, уыдонæн дзы разыны бынæттæ, стæй европæйаг хæринæгтæ.

Фæлæ ацы аз ардæм бирæ рынчынтæ æрбацыд, æмæ сын Бæбуйы бæстыхай фаг нæу. Ахсджиаг хъуыддагæн хорз сæрæвæрæн скодта Бæбу, æмæ йæм цæмæй хицауад æмæ æхсæнад сæ хъус æрдарой, уый аккаг у. Фæлæ уал фыццаджы-фыццаг фæндагмæ базилын хъæуы.

Дзасохты Гиго, *1910*

* * *

Зæнджиаты Бæбу нæртон куыст кæны ирон пролетарон дзыллæйæн. Уый уырыссаг литературæйы хæзнатæ тæлмац кæны ирон æвзагмæ. Бæбу раивта Толстойы «Хадзы-Мурат» æмæ «Хъазахъхъ», раивта ирон æвзагмæ Неверовы «Ташкент – хорджын сахар» æмæ Горькийы «Челкаш».

Куыд тæлмацгæнæг, Зæнджиаты Бæбу æвдисы стыр дæсныйад. Кæй ивы ирон æвзагмæ, уыцы уацмыстæн Бæбу тынг хорз æрцахсы се стиль, сæ фæлгонцтæ, се ‘взаг. Афтæмæй йæ тæлмацгондæй уыцы уацмыстæ ирон æвзагыл къаддæр нæ рауадысты сæ оригиналтæй: ницы фæхъуыдис сæ аив миниуджытæй.

Уырыссаг æвзагмæ ис ахæм сæрмагонд миниуджытæ, æмæ уыдон æндæр æвзагмæ раивын зынæй арæхсынц. Бæбу уыйбæрц хорз зоны ирон æвзаг, æмæ цыфæнды зын уырыссаг ныхасæн дæр йæ аккаг дзырд ссары ирон æвзаджы. Рæсугъддæр стæм разындзæн Бæбуйы ирон æвзагæй.

Стыр æхсызгон хъуыддаг аразы Бæбу. Уæрæхдæр фæндаг раттын хъæуы ацы хъуыддагæн.

Тыбылты Алыксандр, *1932*

* * *

Л. Н. Толстойы уацмыстæ чи тæлмац кодта ирон æвзагмæ, уыдонæн сæ хуыздæртæй иу у Зæнджиаты Бæбу. Бæбу уыди зæронд ахуыргæнæг, хорз зыдта ирон æмæ уырыссаг æвзæгтæ, тæлмац кæныны принциптæ.

Куыд загътам, афтæ Бæбу ратæлмац кодта повесттæ «Хадзы-Мурат» æмæ «Хъазахъхъ».

Ацы повесттæ сæ тематикæмæ, сæ обрæзты ахастмæ гæсгæ æнгом баст сты Кавказимæ, фыссæг хорз æвдисы хæххон адæмы цард. Кавказы æрдзы нывтæ, тæлмацгæнæджы зæрдæмæ хæстæг æмæ ахсджиаг чи уыд, ахæмтæ.

Тæлмац кæнгæйæ, Бæбуйы бахъуыди алыг кæнын бирæ фарстатæ – цавæр терминтæ равзара, цавæр аивадон мадзæлттæй спайда кæна стыр уырыссаг фыссæджы хъуыдытæ ирон æвзагыл равдисынæн, цавæр принцип хъуамæ райса йæ тæлмацы бындурæн.

Бæбу тæлмацы куыстæн стыр аргъ кæй кодта æмæ уыцы куысты тыххæй бæлвырд хъуыдыйыл хæст кæй уыд, уый бæрæг у уымæй дæр, æмæ ма тæлмац кæныны принципты фæдыл статьятæ дæр кæй фыста?

Бæбу хорз æмбæрста, тæлмац кæнын механикон куыст кæй нæу, фæлæ сфæлдыстадон куыст кæй у, тæлмац кæнын кæй хъæуы хицæн дзырдтæ нæ, фæлæ фыссæджы хъуыдытæ, фыссæджы обрæзтæ æмæ нывтæ, йе стиль, йæ аивадон миниуджытæ хæлд куыд нæ цæуой, афтæмæй.

Уыцы хъуыддаг, кæй зæгъын æй хъæуы, æнцон нæу.

Фыццагдæр уый æмæ уырыссаг æвзаджы хъæздыг лексикæйæн, хицæн дзырдтæн, хицæн æмбарындзинæдтæн ирон æвзаджы нæй се ‘мдых дзырдтæ, се ‘мхуызон терминтæ æмæ уыдон хъæуы агурын, аразын. Дыккаджы – уырыссаг æвзаджы вазыгджын хъуыдыйæдты системæ у ирон æвзаджы вазыгджын хъуыдыйæдты системæйæ бирæ куыстгонддæр, бирæ фидауцдæр. Æмæ уыцы хъуыдыйæдтæ ирон æвзагмæ тæлмац кæнгæйæ, алы хатт аив нæ рауайынц, бахъæуы сæ хуымæтæджы хъуыдыйæдтæй раивын.

Бæбуйы тæлмацты лексикæмæ куы æркæсæм, уæд дзы фендзыстæм уырыссаг æвзагæй æмæ æндæр æвзæгтæй æрбайсгæ терминтæ, ирон æвзаджы рагон къæбицæй сисгæ дзырдтæ, ног арæзт вазыгджын дзырдтæ. Мæнæ иукъорд ахæм дзырды:

Чъина – букет цветов («...Æз æрæмбырд кодтон стыр чъина алымыггаг дидинджытæй»).

Æнæчетар æлдар – безалаберный барин («æфсæддон хауæггаг цард кодта йе ‘нæчетар æлдаримæ»).

Бафсад кæнын – пойти с войском («йæ хъуыдыты мидæг йæ цæстытыл хъазыд, Воронцов ын цы æфсæдтæ ратдзæн, уыдонимæ Шамилмæ куыд бафсад кæндзæн»).

Нæхстæры цард – уединенная военная жизнь («иукъорд мæйы хибарæй, нæхстæры цæрæгау, æфсæддон царды чи фæци»...).

Сарыхъ – чалма.

Алыпп адæймаг – замечательный человек.

Уадзымыс лæг – способный рассказчик, сочинитель.

Дыджызæ – кормилица.

Дзыхæвæрд фæуын – столкнуться лицом к лицу.

Æрмæкъ (адæймаг) – вспыльчивый.

Базыхъ – здоровый, (русый) малый.

Æлгъдзæф – легкая рана.

Аджис-къус кæнын – задуматься на мгновение («Бæрзонд исдуг аджис-къус кодта»...).

Хæстæргом – наклонность к войне, к грабежу.

Ноджы арфдæр æмæ бæстондæр сахуыр кæнын хъæуы Зæнджиаты Бæбуйы тæлмацы принциптæ. Фæлæ уал ныр дæр нæ бон зæгъын у, ирон æвзагмæ аивадон прозæ чи тæлмац кæны, уыдонæн сæ хуыздæртæй иу Зæнджиаты Бæбу у, зæгъгæ. Уый нæ тæлмац кæны механикон æгъдауæй, комкоммæ, дзырдæй дзырдмæ, уымæн тæлмац кæнын у сфæлдыстадон куыст. Бæбу дæсны пайда кæны ирон æвзаджы хъæздыгдзинæдтæй, ирон æвзаджы аивадон мадзæлттæй æмæ хорз æмбарын кæны, тæлмац цы æрмæг кæны, уый хъуыды, уый обрæзтæ æмæ нывтæ.

Ардасенты Хадзыбатыр, *1960*

* * *

Абон дæр ма нæ зæрдыл лæууы иу хабар. Бæбу ма йæ куысты куы уыд, уыцы рæстæджы Алагиры астæуккаг скъолайы (уæд дзы иу уыд) хистæр кълæстæн уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæгæй куыста Николай Бобошко. Æрмæстдæр мах цалдæр æмбалæй зыдтам (йæхицæй), Бобошко профессор кæй у æмæ Киевы университеты кафедрæйы сæргълæууæгæй кæй куыста, уый.

Цæмæй ахуыргæнджытæй уырыссаг æвзаджы зонындзинæдтæ ма рох кæной, уый тыххæй-иу сын рæстæгæй-рæстæгмæ фыссын кодта диктант. Иу ахæм диктанты хæдфæстæ Бæбу йæ къæдз лæдзæджы æнцæйтты иннæ хæттытæй хъауджыдæр раздæр æрцыд скъоламæ. Ахуырдзау куыд скатай вæййы, уый дæр афтæ нал быхсыд йæ куыст фенынмæ, уæдæ мын Бобошко цавæр бæрæггæнæн сæвæрдта, зæгъгæ. Уалынмæ сын сæ айуæрста. Зæнджийы-фырт кæсæнцæстытæ фындзы рагъыл æрсагъта, кæсы, æмæ куысты бынмæ сырх кърандасæй фыст – «Рæстæмбис». «Нæ, нæ, æз разы нæ дæн!» – æваст фæкодта Бæбу, æмæ, Бобошко рæдыдтыл кæй банымадта, уыдоныл дзурын райдыдтой. Бæбу фæтых. Уырыссаг æвзаджы ахуыргæнæг йæ къухтæ сдардта, стæй йын йæ фыстыл дæргъæй-дæргъмæ сæвæрдта «Тынг хорз». «Уæллæй, æз дзы æвзагмæ ахæм дæсныйыл никуыма сæмбæлдтæн, – уый фæстæ нын дисгæнгæйæ дзырдта Бобошко. – Уагæр æм цавæр ахуыргонддзинад ис?»

Бæбу æнаххосæй ахст куы фæци, уæд йæ къухфыстытæ, йæ оригиналон аивадон уацмыстæ дæр фесæфтысты. Йе ‘фсин Клавдия Александровнæ куыд дзуры, афтæмæй йæм уыди цалдæр

бæзджын тетрады æмдзæвгæтæ фыст. Йæ зæрды уыд сывæллæттæн чиныг рауадзын, фæлæ йын нал бантыст.

Клавдия Александровнæйы ныхæстæм гæсгæ, Бæбу æмæ Хетæггаты Къоста тынг хæлар æмæ уарзонæй цардысты. Къоста стыр аргъ кодта ирон æвзаг æмæ литературæйы дæсны ахуыргæнæгæн. Къостайы зæрдæмæ уæлдай тынгдæр цыдис, Бæбу ирон интеллигенци сырæзын кæныныл, адæмы уавæртæ фæхуыздæр кæныныл афтæ зæрдиагæй кæй куыста, уый.

Алагиры Къостайы конд нывтæ цы аргъуаны къултыл баззадысты, уымæн йæ крестытæ куы акъуырдтой, уæд дзæвгар рæстæджы дæргъы баззад æхгæдæй, æвæгæсæгæй. Уæззау кресты æрхаудæй æмбæрзт фехæлд æмæ къæвдадон агъуыстмæ тагъдис. Сæфынц Къостайы диссаджы нывтæ къултыл! Бæбу хицауадæй бар райста æмæ аргъуанæй музей сарæзта. Адæм уарзтой, аккаг аргъ кодтой сæ сабиты ахуыргæнæгæн, дзыллæйы лæггадгæнæгæн æмæ, кæмæн цы йæ армы æфтыд, уый хастой музейæн, ног хъуыддаджы сæраппонд лæварæн. Чидæриддæр Бæбуйы фæсидтмæ йæ хъус æрдардта, уыдонæй абон дæр йæхи фæсмонгондæй ничи нымайы. Музеймæ суанг фæсарæйнаг туристтæ дæр ма цыдысты фенынмæ. Уæлдайдæр Къостайы нывтæм æмæ адæмон диссаджы къухарæхст сфæлдыстад фенынмæ. Кæд æй немыцаг фашисттæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæджы фæдавтой, ныггаффутт кодтой, уæддæр ма абон дæр музей кусы. Хицауад æппæт мадзæлттæ дæр аразы, цæмæй та йæ раздæры гаччы сбада, уый тыххæй.

Бæбуйы тыххæй фаг зæгъын ахæм чысыл афыстытæй кæйфæнды бон дæр зынтæй бауыдзæн. Йæ цардæй цæвиттонæн уыйбæрц хорз цаутæ райсæн ис, æмæ сæ нымайын райдай, уæд хицæн чиныг рауайдзысты. Фæлæ уал ныртæккæ цыбырæй.

Иу ахæмы урочы рауад ныхас, тæлмац куыд кæнын хъæуы, уый тыххæй. Кæйдæриддæр бафарста, уыдон иууылдæр загътой: «Мæнæ рæнхъ бакæс æмæ йæ уырыссагау ныффысс кæнæ та – иннæрдæм: уырыссаг рæнхъ бакæс æмæ йæ иронау ныффысс».

Бæбу, мидбылты худгæйæ, цъынддзастæй бирæ фæхъуыста, стæй афтæ:

– Æмæ дзы уæд цы рауайдзæн? Æмтъеры, суйтæ хъуыдытæ? Чиныгæн йæ иу цъар бакæс, куы хъæуа, уæд та æнæхъæн сæргонд дæр. Автор цы фыссы, уый бæлвырд бамбар æмæ йæ, гъе, афтæ бæлвырдæй зæгъ дæхи ныхæстæй.

Кæддæриддæр дæсны æмæ арф дзуаппытæ домдта скъоладзаутæй. Æрмæстдæр бæрæггæнæн райсыныл чи архайдта, уыдоны-иу уайтагъд фембæрста æмæ сын-иу афтæ:

– Цæстуынгæйæ йæхи æмæ искæйы дæр чи фæсайы, уыцы адæмы хъæдæй æнамонддæр царды мидæг нæй... Ахуыр, ахуыр æмæ ахуыр! – фæдзæхста Владимир Ильич Ленин...

Йæ дæсныйадмæ гæсгæ Зæнджийы-фырт иннæ ахуыргæнджытæй бирæ тыхджындæр кæй уыд, ууыл дыууæ ничи зæгъдзæн. Ахуыр æмæ хъомыладон куысты пайда кодта тæккæ ахъаззагдæр мадзæлттæй. Уыцы мадзæлттæ фылдæр йæхæдæг кодта хъуыды дæр. Бæбуйы куыстыл дзургæйæ, афтæ зæгъын фидаугæ дæр нæ кæны, ахуыр æмæ хъомылад æнгом баста, зæгъгæ. Уыдон ын уыдысты иу, бæттын дæр сæ нал хъуыд, афтæ иу.

Зæнджиаты Бæбумæ чи ахуыр кодта, уыдонæй алчидæр йæ цардвæндагæн хорз хъыбыллæ райста Бæбуйы къухтæй.

Стыр аргъ кодта мадæлон æвзаг æмæ культурæ сахуыр кæныны хъуыддагæн, уымæн æмæ Бæбу фидар хæст уыд ахæм зондыл: стыр уырыссаг адæмы æмæ дунейы культурон хæзнатæн хорз базонæн ис æрмæстдæр уæд, æмæ куы зонай хи адæмы æвзаг æмæ культурæ. Æмæ йæхæдæг дæр бирæ хорздзинæдтæ сарæзта йæ адæмы культурон рæстæн.

Бæбу кæд карджын, æвдай цыппараздзыд уыд, уæддæр ын йæ фадæттæ, йæ тырнындзинад куынæ аскъуыдæуыдаид, уæд ма бирæ пайда æрхастаид адæмон ахуырадæн, æвзагзонынад æмæ литературæйæн. Фæлæ йын саразын цы бантыст, уый лæудзæн ирон адæмы зæрдыл æмæ йын æхсызгонæй ардзысты йæ ном.

Сечъынаты Ладемыр, *1966*

* * *

1933 аз. Сызгъæрин фæззæг. Алагир. Раздæры аргъуан. Ныр та дзы бæстæзонæн музей ис. Йæ саразæг æмæ йæ директор Зæнджиаты Бæбу фидæны музейæн фыццаг экспонаттæ æрæмбырд кæныны тыххæй фæзылди районы æппæт хъæутыл дæр. Æххуысгæнджытæ дæр ын уыд – йæ раздæры скъоладзаутæ. Уымæй дарддæр Зæнджиаты Бæбу иудадзыг йæ хъус дардта æрыгон литературтæм дæр – цыдысты йæм районы æппæт хъæутæй дæр. Æз дæр æм Баситы Дзаххоттимæ бацыдтæн. Бахастон æм цыбыр радзырд (тетрады дыууæ сыфыл) мæ сыхаджы тыххæй. Йæ ном дæр афтæ хуынди – «Сыхаг».

Бæбуйы баййæфтам музейы. Уыди хъæлдзæг – ныллæг хъæлæсæй зарыд æмæ урс хæцъилæй йæ фыдæлтыккон лæдзæг сæрфта. Лæдзæгыл – алыхуызон рæсугъд нывтæ. Лæг нæ куы бафиппайдта, уæд йæ цæсгомыл æхсызгон мидбылхудт анхъæвзта, гæзæмæ халас рихитæ, цыбыр боцъо базмæлыдысты.

– Æгас цæут, фæсивæд. Куыд кæсын, афтæмæй æнæ хъуыддагæй не ‘рбацыдыстут. Уæдæ нæ куыст райдайæм. Æрмæст мæнæ хурмæ рацæут. – Æмæ нæ разæй араст аргъуаны стыр тулдз дзуарырдæм. Йе ‘рттиваг сау цырыхъхъыты хъыс-хъыс ма хорз уайы мæ хъустыл.

Бæбу цалынмæ тетрады сыфтæ каст, уæдмæ йæм мах æдзынæг кастыстæм. Йæ къухы цы гыццыл сау кърандас уыд, уымæй, мах кæй не ‘мбæрстам, ахæм цыдæр нысантæ æвæрдта тетрады сыфтыл.

Уалынмæ Бæбу каст фæци, йæ тарморæ цæстытæй мæм скаст æмæ загъта:

– Дæ сыхаг, æвæццæгæн, хорз лæг у. Фæлæ йæ æнæцæст, æнæрфыг, æнæфындз цæмæн фæкодтай? Йæ уæлæ цавæр дарæс и? Кæрц, куырæт? Бæгъæввад у, æви?.. Дæ сыхаджы бынаты куы уаин, уæд дыл мæ зæрдæ фæхудид.

Æз фефсæрмы дæн. Мæ ныхыл цыма хиды ‘ртæхтæ дæр фæзынди. Бæбу уый бафиппайдта æмæ афтæ:

– Райсом-иу æрбауай. Иу чиныг дын ратдзынæн кæсынмæ. Ныр та дæ радзырд айс, дзæбæх æм æркæс æмæ мæм-иу æй равдис.

Суанг æмбисæхсæвтæм фæбадтæн, Бæбуйы нысанты апп райхалон зæгъгæ. Мæ сыхагæй æфсæрмы кодтон. Радзырд дыууæ хатты ногæй рафыстон, фæлæ йæ Бæбумæ нал бахастон.

Дыккаг бон æм музеймæ куы бауадтæн, уæд йæ фыццаг фарст уыди:

– Кæм и радзырд?

– Нæхимæ йæ ныууагътон. Чи зоны, дæ чиныджы фæстæ...

– Мæ чысыл хæлар, иттæг раст у дæ уынаффæ, – загъта Бæбу. – Чиныг бакæс, стæй... Ныр та æрбадæм. Байхъус мæм.

Бæбу æрбадти музейы дурын асиныл, мæн дæр йæ фарсмæ сбадын кодта æмæ мын кæсын райдыдта Толстойы «Хадзы-Мураты» фыццаг фæрстæ ирон æвзагмæ йæхи тæлмацæй. Йæ хъæлæс уыди зæлланггæнаг, æмæ мæм афтæ касти, цыма кæцæйдæр аргъуаны къуырф царæй хъуысы, цыма Бæбу кæсгæ нæ кæны, фæлæ кувгæ.

Æз æм хъуыстон æмæ мæ цæстыты раз фегуырди æнахуыр быдыр, цæлхытæ дæргъмæ-цæхгæрмæ кæй скæрдæнтæ кодтой, ахæм фæз. Æмæ дидинæг: «Бакæсгæйæ бæрæг уыд, цалх ыл кæй атылд æмæ æрæджиау йæхи уæлæмæ кæй систа, уый. Æцæг иуварсырдæм акъул, фæлæ уæддæр йæхи нал æруагъта – лæууыди хъæддых. Цыбыр ныхасæй, цыма йын йæ буарæй иу карст ратындæуыд, йæ хуылфыдзаумæттæ йын сфæлдæхтæуыд, йæ цонг ын атындæуыд, йæ цæстытæ йын скъахтæуыд, уый хуызæн уыд, фæлæ уæддæр хъæбæр лæууыд, æмæ йын йæ алыварс йе ‘фсымæрты чи ныццагъта, уыцы адæймагæн ком нæ радта, нæ йын басаст...»

– Дарддæр та-иу æй дæхæдæг бакæс, – загъта Бæбу. – О, хæдæгай, Толстой Алагиры дæр уыд. Ай-гъай. Йæ бонычиныджы йæ фыста...

Æз нæхимæ атагъд кодтон – Бæбуйы чиныг, зæгъын, тагъддæр бакæсон. Уый уыди мæ фыццаг фембæлд Толстойы «Хадзы-Муратимæ».

Цæгæраты Максим, *1978*

* * *

Цъæйы комы йæ фæллад чи уагъта, уыдонæн исты фадæттæ саразыныл фыццаг хатт афæлвæрдта хъæууон ахуыргæнæг Зæнджиаты Бæбу 1909 азы. Цы чысыл æфтиаг æм хауд, уыдонæй нæзы хъæды астæу сарæзта хæдзар, уыди дзы фараст уаты æмæ тыргъ. Йæ фарсмæ ма иуцасдæры фæстæ фæзынди ноджы иу бæстыхай ныккæндимæ – цæлгæнæн æмæ хæрæндон уыцы хæдзары уыдысты. 1911 азы, цы чысыл фæрæзтæ ма йæм баззад, уыдонæй Бæбу саразын кодта æртæуатон ног агъуыст – тыхст рынчынтæн. Æппæт уæтты дæр уыди хуыссæнтæ, бандæттæ æмæ æндæр хæдзарыдзаума. Дзæбæх бонты хæринаг хордтой кæрты, цæлгæнæнмæ æввахс. Хи найынæн æмæ гæрзтæ æхсынæн æрбаластой егъау агтæ, æрæвæрдтой сæ Цъæйдоны тæккæ был.

Куыд уынæм, афтæмæй Цъæйы курортæн бындур æрæвæрдта Зæнджиаты Бæбу. Фæстæдæр ацы дзæбæхгæнæны кой айхъуыст æгас бæстыл.

Беруаты Барис, *1979*

* * *

Фæндзæм къласы куы ахуыр кодтон, уæд нын ирон æвзаг амыдта Зæнджиаты Бæбу. Уый нын уарзын кодта нæ мадæлон æвзаг... Сабитæн амыдта ирон адæмы æгъдæуттæ дæр.

30 январы Дзанайты Никъалайы уац «Зианы кæндтæ» куы бакастæн, уæд мæ зæрдыл æрлæууыдысты Бæбуйы ныстуантæ. Бæбу æргомæй уыди хисты ныхмæ. Иу хатт нын йæхи цардæй æрхаста ахæм хабар. Йæ фыццаг цардæмбал Цæллагон куы амард, уæд бирæ адæм æрцыди зианмæ. Бæбумæ чидæртæ бацыдысты æмæ йæ фæрсынц: «Бæбу, хистæн цы аргæвдæм?»

Уæд сын Бæбу радта ахæм дзуапп:

– Кæд мæм тæфæрфæс кæнынмæ æрбацыдыстут, мæ биной-нагæн фæстаг фæндараст зæгъут, уæд стыр бузныг. Фæлæ мæм кæд хæрынмæ æрбацыдыстут, уæд уæртæ скъæты хъуг æмæ йæ аргæвдут.

Афтæ мачи банхъæлæд, æмæ Бæбу чъынды лæг уыди. Нæ. Уый йæхи хардзæй Цъæйы сарæзта фæлладуадзæн хæдзар, адæмæн æххуыс кодта. Хисты ныхмæ кæй уыд, уымæй дæр, æвæццæгæн, йæ зæрды уыдис адæмæн хорзы бацæуын.

***Хосроты Д.**, пенсиисæг, 1992*

* * *

1929 азы ма æз уыдтæн фыййау. Хызтон Дзомагъы æфцæгыл ме ‘рвады фос. Цыдис мыл уæд 17 азы. Бирæ фæхъуыды кодтон мæ дарддæры цардыл, фарстон арæх мæхи: «Кæдмæ уыдзынæн куы иуæн, куы иннæмæн фыййау?» Уыд август. Ныууагътон фос, рацыдтæн нæхимæ, Нармæ. Уырдыгæй та цалдæр боны фæстæ мæ къах адардтон Къасарагомыл Алагирырдæм. Æрхæццæ дæн уырдæм фистæгæй дыккаг бон. Алагиры та уыцы рæстæджы уыд Хъæууонхæдзарадон техникум. Радтон уырдæм мæ гæххæттытæ. Радтон фæлварæнтæ дæр, æмæ мæ райстой техникуммæ. Райдыдтон ахуыр кæнын.

Уыцы заманы иннæ предметтæй уæлдай ма техникумы ахуыр кодтой ирон æвзаг æмæ литературæ дæр. Ахуыргæнæгæй дзы куыста Зæнджиаты Бæбу.

Фыццаг бон нæ аудиторимæ куы ‘рбацыд, уæд студенттæ нæ фестадысты, æмæ Бæбуйæн уый уыди тынг хъыг. Куы æрбадт, уæд загъта мæстыхуызæй: «Худинаг уын нæу: усгур лæппутæ

æмæ чындздзон чызджытæ куы стут, ирæттæ нал стут, ирон хæдзæртты не схъомыл стут? Æз уæ хистæр куы дæн, стæй уæ ахуыргæнæг».

Уыцы рæстæджы Бæбуйы тæлмацæй мыхуыры рацыд Толстойы «Хаджи-Мурат». Бæбу дыккаг хатт куы ‘рбацыд аудиторимæ, уæд мах фестадыстæм. Бæбу æрбадти стъолы уæлхъус, систа йæ пъартфелæй «Хаджи-Мурат» æмæ загъта: «Иронау уæ кæсынмæ чи у дæсны, уый ардæм рацæуæд!»

Йæ къух сдардта иу чызг, рацыд Бæбуйы цурмæ, æрлæууыд. Бæбу йæм радта чиныг, чызг æй райдыдта кæсын, фæлæ йæ каст Бæбуйы зæрдæмæ нæ фæцыд æмæ йын загъта: «Ацу, сбад».

«Дарддæр чи?» – загъта та Бæбу.

Рацыд иннæ чызг. Райдыдта кæсын æмæ та уымæн дæр йæ каст Бæбуйы зæрдæмæ нæ фæцыд.

Фæстагмæ ничиуал сдардта йæ къух, нал уæндыдысты. Бæбу каст æнхъæлмæ. Гæнæн куынæуал уыд, уæд æз сдардтон мæ къух. Рацыдтæн. Бæбу мæм радта чиныг. Райдыдтон кæсын. Бæбу йæ къух æруагъта йæ сæрыл æмæ лæмбынæгæй хъуыста. Уыцы заман чызджытæй иу йæ къæхтæ размæ радаргъ кодта. Бæбу фæмæсты æмæ йыл фæхъæр кодта: «Худинаг дын нæу, чындздзон чызг куы дæ, уæд дæ рæтæнæгъдтæ кæдæм радаргъ кодтай?» Йæхæдæг мæнмæ дзуры: «Дарддæр кæс!»

Æз дзæвгар куы фæкастæн, уæд мæ баурæдта æмæ мæ фæрсы: «Кæмæй æмæ кæцæй дæ?»

Æз ын загътон: «Дæн Балатæй, гуыргæ та ракодтон Нары». Бæбу мын загъта: «Гъемæ дæ цæрæнбон бирæ уæд». Иннæтæн та загъта: «Уынут, уый уартæ кæм райгуырд, куыд рæвдз у кæсынмæ, сымах та ам, быдыры хъæуты куы схъомыл стут, уæд уын худинаг нæу, иронау кæсын кæй нæ зонут, уый?»

Афтæ мæ кæсын бахъуыд цалдæр боны. Мæхи дардтон сабыр, фыдуаг митæ мæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыдысты. Бæбуйы зæрдæмæ цæмæн фæцыдтæн, уый абон дæр нæ зонын. Цалдæр хатты мæ сæхимæ акодта. Йæ хæдзары хицау Клавдя уыди хæларзæрдæ æмæ кæрдзындæттон сылгоймаг. Уыдис сын дыууæ чысыл лæппуйы.

Бæбу йæхæдæг уыди асæй рæстæмбис, цыргъуачъи æмæ мыдхуыз рихиджын лæг. Кодта æдзухдæр æдзынæг каст. Дзырдта сабыргай, кодта æнцон æмæ æмбаргæ ныхас. Студенттæ дæр æм фæстагмæ райдыдтой лæмбынæгæй хъусын. Урокты сын фылдæр

дзырдта зæрдиагæй ирон адæмы хæзнайыл – Нарты кадджытыл, Къостайы сфæлдыстадыл, йæхи размæйы æмæ йæ рæстæджы фысджыты тыххæй. Уæлдæр куыд загътон, афтæмæй кæд студенттæй иуæй-иутæ нæ уарзтой ирон æвзаг æмæ литературæ, уæд Бæбуйы лекциты фæстæ зæрдиагæй райдыдтой ахуыр кæнын. Иуæй-иутæ та дзы райдыдтой æмдзæвгæтæ фыссын дæр. Уыдонæй уыдтæн æз мæхæдæг дæр. Иу къуыримæ ныффыстон цалдæр æмдзæвгæйы, радтон сæ Бæбумæ. Уый сæм æркаст æмæ мын загъта: «Хъуыдытæ æмæ дæм æнкъарæнтæ ис, фæлæ техникон æгъдауæй лæмæгъ дæ æмæ дарддæр ахуыр кæн». Раст куы зæгъон, уæд Бæбу куынæ уыдаид, уæд æз, æвæццæгæн, фыссын дæр нæ райдыдтаин.

Куыд фехъуыстон, афтæмæй техникумы ирон æвзаг æмæ литературæ дæр Бæбуйы руаджы райдыдтой ахуыр кæнын. Уыцы рæстæджы Бæбуйы хуызæн лæгтæ бирæ нæ уыд ирон адæммæ, йæ адæмы культурæ, æвзаг æмæ литературæйыл чи мæт кодтаид.

Бæбу уыди тынг кадджын æмæ уарзон ахуыргæнджыты æхсæн, тынг æм хъуыстой. Уыд мадзура, фæлæ-иу кæй загъта, уый-иу фæцыд, чи йæм хъуыста, уыдон зæрдæмæ. Уарзтой йæ Алагиры цæрджытæ дæр æмæ-иу ыл куы фембæлдысты, уæд-иу ын арфæтæ кодтой.

1929 азы зымæджы кулакты куы райдыдтой дæрæн кæнын, куы сын истой сæ фæллой, сæхи та ахсын, уæд Бæбу фыццаджы хуызæн хъæлдзæг нал уыд. Арæх нал цыд йе ‘мбæлттимæ. Цæуын та райдыдта æнкъардæй æмæ сæргуыбырæй. Уыд уыцы аз æххормаг æмæ хъызт зымæг. Фæзынд æххормаг зымæг техникумы студенттыл дæр. Цардысты цæкуы æмæ дзæрнайæ. Уалдзæг куы ралæууыд, уæд фæмæллæг дæн æмæ сфæнд кодтон техникум ныууадзын. Фембæлдтæн Бæбуйыл æмæ йын загътон мæ фæндон. Уый мæ афарста: «Æмæ дарддæр цы ми кæндзынæ?»

Æз ын загътон:

– Фæнды мæ Мæскуымæ ацæуын.

– Æмæ дын дзы зонгæ ис?

– Нæй.

– Уæдæ иунæгæй куыд цæуыс? Искуы куы амæлай, уæд та?

– Нæй æнæ цæугæ, – загътон ын æз.

Бæбу исдуг ахъуыды кодта, стæй йæ дзыпмæ нывнæлдта, систа дзы туман, æрбадардта йæ мæнмæ. Æз æй нæ куымдтон, фефсæрмы дæн куыддæр, акалд мæ хид дæр.

– Айс æй, айс, æфсæрмы ма кæн, бахъæудзæн дæ, – загъта Бæбу.

Æз æй райстон æмæ загътон Бæбуйæн фæстаг бузныг æмæ хæрзбон. Мæхæдæг ацыдтæн Даргъ-Къохмæ. Уым балхæдтон билет æмæ араст дæн поезды Мæскуымæ.

Къорд азы фæстæ мыл Мæскуыйы фембæлди Алагирæй мæ зонгæ. Афарстон æй хабæрттæй, Бæбуйæ дæр æмæ мын загъта:

– Зæнджиаты Бæбу нал и. Адæмы знаг æй схуыдтой, æрцахстой йæ æмæ йæ амардтой.

Бæбу нал и, фæлæ йæ чи зыдта, уыдоны зæрдæтæй нæ ферох уыдзæн уæлæуыл дæр æмæ мæрдты дæр. Нæ йæ ферох кæндзæн æнæхъæн Ирыстон дæр.

Балаты Тембол, *1995*

ЗÆНДЖИАТЫ Бæбу

КУЫД БАЗОНГÆ ДÆН КЪОСТАИМÆ

Хетæггаты Къостайы æз хорз нæ зыдтон. Сæмбæлдтæн ыл Дзæуджыхъæуы дыууæ хатты. Къоста йе ‘мдзæвгæтæ нæма хъæр кодта, ничи ма йын сæ зыдта, афтæ йын дзы Дзæуджыхъæуы реалон скъолайы 7-æм къласы ахуыргæнинаг Дзалаты Луа сусæгæй, Къостайы æвастæй, иукъорд æмдзæвгæйы сфыста: «Чи дæ?», «Хъуыбады», «Додой» æмæ-ма ноджыдæр цыдæртæ. Дзалайы-фыртæй та сæ æз æмæ Баситы Мискæ сфыстам.

Уый агъоммæ æз ирон æвзагыл æмдзæвгæ никуы фехъуыстон æмæ мын афтæ æхсызгон уыд, афтæ тых мын кодтой, афтæ тынг хъардтой зæрдæмæ, æмæ, хъуыды-ма йæ кæнын, мæ сæрыхъуынтæ-иу арц сбадтысты, мæ цæстытæ-иу доны разылдысты. Уый адыл сæ æз арæх кастæн æмæ сæ къуырийы бонмæ æнæ чиныгæй базыдтон.

Дзалайы-фырт мын бафæдзæхста – дзурын сæ нæма хъæуы, Къоста ма сыл кусгæ кæны йе ‘мдзæвгæтыл æмæ йын хъыг уыдзæни, зæгъгæ. Фæлæ-ма уыдæттæ йедтæ чи хъуыды кодта! Ахæлиу сæ кодтон: æхсызгон мын уыди сæ кæсын, стæй мæм номы хуызæн каст, адæмæй бирæтæм, æндæр ничи, фæлæ æппæты разæй æз кæй фæдæн хæрзæггурæггаг, уый.

Уымæн йæ хæдфæстæ Æрыдоны семинары сæмбæлдтæн æмæ

уым студенттæн радзырдтон «Чи дæ?» æмæ ноджыдæр цыдæртæ Къостайы æмдзæвгæтæй. Нæ мæ рох кæнынц ныр дæр ма сæ рухс цæсгæмттæ, стæй хъæлдзæг хæлиу цæстæнгас студенттæн фырцинæй.

Уыцы рæстæджы Беслæныхъæуы ахуыргæнæг уыдтæн æмæ сæ скъолайы лæппутæн дæр бацамыдтон.

Уыдæттæ, æвæццæгæн, Къостайы хъусыл æрцыдысты, уымæн æмæ, фыццаг хатт ыл куы сæмбæлдтæн Дзæуджыхъæуы, уæд йæ фыццаг фарст уыди: куыд æгъдауæй бафтыдысты мæ къухы йе ‘мдзæвгæтæ. Æз ын радзырдтон, хъуыддаг куыд уыд, афтæ.

Дыккаг хатт ыл сæмбæлдтæн Дзæуджыхъæуы. Цæхæрадоны бадти Колыты Тотрадз æмæ-ма ноджыдæр чидæртæ. Хъуыды ма кæнын, афарста мæ: «Дæ ахуыргæнæджы куыст цæмæн ныуагътай, нæхимæ цæуылнæ кусыс, Уæрæсемæ дæхи цæмæн аппæрстай?»

Уыцы бонæй фæстæмæ йыл никуыуал фембæлдтæн.

Йе ‘мдзæвгæтæй бирæтæ аивта, кæм бафтыдта, кæм аппæрста, фæлæ бирæ рæстæг рацыд æмæ мæ ферох сты.

Аппæрста ахæм куплеттæ:

1. *Мæ мад уайтагъд амард,*
Хъыг цас ыл кодтой!
Чысыл цыдæр ацард,
Рæсугъд æй хуыдтой.

2. *Куы фесты нæ муртæ,*
Уæд, гъæйдæ, цæугæ,
Мæнæн-ма нæ дуртæ
Ныууагъта бæргæ.

3. *Йæ фос мæнæй дарддæр*
Скъæрæг нæ уыд,
Мæ фырытæй нарддæр
Ыскæнæн нæ уыд.

4. *Куы хосдзау, куы суглас,*
Куы фосмæгæсæг,
Мæхъидзау, къæпидас,
Куы фаджысхæссæг.

(«Чи дæ?»)

Дæ кад мыггагмæ у цæринаг,
Дæ цард йæхæдæг уыд сæдæ.
Зæххыл дын нал баззад кæнинаг,
Дæ мæсыг амайын фæдæ.

(«Марды уæлхъус»)

Ацы æмдзæвгæтæ аппæрста Къоста йæхæдæг, йæ чиныджы нæ бацыдысты.

Алагиры аргъуаны къултыл бирæ нывтæ ис Къостайы къухæй фыст. Ныр дæр ма æнæхъæн сты. Къамис ын йæ куыст куы иста, уæд сæм алчер бирæ фæкасти, стæй æрæджиау загъта: «Мало божественности». Æцæг лæгхуыз кæй уыдысты йæ нывтæ, уыцы сахъат сæм ссардта. Уый мæхи хъусæй нæ фехъуыстон, фæлæ мын æй дзырдтой, уым чи уыд уыцы сахат, ахæмтæ.

* * *

Йæ мæлæты фæстæ иу æртæ мæйы рацыдаид, афтæ Лабæйы уыдтæн æмæ Къостайы хо Олгъамæ бацыдтæн. Уым федтон Къостайæн йæхи къухæй фыст йæ фыд Леуаны ныв. Уыдаид иу адыли кæнæ чысыл фылдæр алырдæм. Олгъайы ныхæстæм гæсгæ, Къоста йæ фыды тынг бирæ уарзта æмæ йын йæ ныв кæддæриддæр йæ хуыссæны сæрмæ дардта.

Олгъа мын лыстæгæй фæдзырдта йæ рынчыны хабæрттæ Къостайæн: куыд зын уыд рынчынæй Къостамæ зилын, дзæгъæл куыд хатти, коммæ куыд нæ касти, сывæллонæй уæлдай куыд нæуал уыд, ирон адæм æй куыд нæ рох кодтой йæ рынчыны сахат æмæ йын æхцатæ-йедтæ куыд æрвыстой.

«Мах дуг», 1935 аз, № 3–4.

ЦГЪОЙТЫ Хазби

РАГБОНТЫ ФЫСТÆДЖЫТÆ

Новеллæ

Æыууæизæрастæу. Тамарæ йæ изæры зылдтытæ раджы фæци. Йе скъоладзау чызг æмæ лæппуйы фæсхæрд сæ уроктыл бафтыдта, рæвдауæндоны кары лæппу та йæ ног хъазæнæй хъазыныл балæууыд. Гъе æрмæст ма йæ сæрыхицау Сосланмæ у йæ каст. Йе ‘мкусджытæй кæмæндæр йæ райгуырæн бон у, æмæ фæстиат кæны. Тамарæ дæр хæдзары зылдтытыл йæхи ирхæфсы, цотмæ йæ цæст дары. Сосланæн æхсæвæр раджы æрцæттæ кодта. Куы ‘рбацæуа, уæд ын æй ахъарм кæндзæни. Цыфæнды цæлы фынгыл дæр фæбадæд, уæддæр сæхимæ къофи кæнæ цай ма бацыма, уымæн уæвæн нæй. Тамарæйæн уый дæр æхсызгон вæййы: æгайтма йæ хæрд, йæ нозт æгъдауыл у, уæдæ ма йын Сослан йæ къухты конд хæринаг дæр æрцагуры. Адджынæн, хæрзадæн дзы саходы.

Тамарæйæн йæ цæстытыл ауадысты сæ уарзты рагбонтæ æмæ йæ мидбылты бахудт. Диваныл йæхи æруагъта, æгæрон цины уылæнтæ йыл æрбакалдысты, базыртæ йыл басагътой, æмæ ма цымæ уымæй амондджындæр зæххыл исчи уыд! Уыцы дзæнæтон уавæры йыл рæстæг куыд атахт, уый æмбаргæ дæр нæ бакодта, афтæ дын сæ телефон куы ныззæлланг кæнид.

– Алло, алло! Тамарæ дæ? – райхъуысти сылгоймаджы хъæлæс.

– О, о! Тамарæ дæн. Ды чи дæ? Бахатыр кæн, нæ дæ базыдтон.

– Чи дæн, чи, куы зæгъай, уæд дæ лæджы æмкусæг. Уый, кæй зæгъын æй хъæуы, уæхимæ нæма ис. Райгуырæн боны фæдыл фынджы фæстæ йæхи æндæр сылгоймагимæ ирхæфсы. Тагъд нæ уыдзæн. Дæумæ йæ нæма ‘вдæлы.

– Тугтæ йыл ма мыс! Хъахбай, цыдæр! – фæрæвдз Тамарæ.

– О, о! Кæд дæ нæ уырны, уæд ма йын-иу йæ пиджаччы дзыппæй былтæахорæнæй амæстæй йæ фындзыкæлмæрзæн сис! – ууыл аскъуыд йæ ныхас æмæ телефоны бипп-бипп райхъуыст.

Тамарæ сагъдауæй аззад, стæй дзы хъæрæй сирвæзт:

– Нæ! Уымæн уæвæн нæй!

Сывæллæттæ йæм се ‘ргом раздæхтой, йæ цæстæнгас сæ зæрдæмæ нæ фæцыд, æмæ йыл чызг йæхи æрбауагъта, æна, цы кæныс, зæгъгæ. Мад æй æрбахъæбыс кодта:

– Ницы, ницы, мæ дзыккакъах чызг. Дæ уроктæ конд фæдæ? Тагъд уæ фыд дæр фæзындзæн æмæ уын сæм уый æркæсдзæн. Æз уæ æххæст райсоммæ ацæттæ кæнон.

Йæ цоты уæлæдарæсмæ зилгæйæ йæ сæрæй нæ хицæн кодтой уыцы сылгоймаджы ныхæстæ. Нæ, нæ, æз цы Сосланы зонын, уый ахæм нæу, зæгъгæ, йæхицæн ныфсытæ æвæрдта, уыцы хъахбай нын нæ æнгом цард халын сфæнд кодта.

– Ницы йын дзы рауайдзæн! – сдзырдта та хъæрæй. – Мæн ахæм ныхæстæй нæ асайдзысты, нæ мæ сæрра кæндзысты!

Чысыл фæстæдæр сæ фатеры дуары гуыпп фæцыд, æмæ Сослан мидæмæ æрбахызт. Тамарæйыл цыма хъызт бон хур ракаст, уыйау фæци. Йæ размæ цингæнгæ рауад сæ кæстæр лæппуимæ. Ай-гъай, чысыл раздæр ма йын телефонæй, æндæр сылгоймагимæ ис, зæгъгæ, куы дзырдтой.

– Æгæр та афæстиат дæн, не ‘фсин, æмæ хатыræй уæд, – сдзырдта Сослан. – Æгъдау та мæ æрцахста. Нæ куысты фылдæр сылгоймæгтæ сты. Нæлгоймæгтæн дæр сæ фылдæр фынджы æгъдауæй сæхи иуварс ласынц. Æз та – хъæууон лæппу, æгъдауы бахауын, æмæ дзы ануазын дæр фæхъæуы.

Бинонтæ та кæрæдзи æрæмбæрстой, æрхъæрмуд сты æмæ дзы алчидæр йæ хуыссæн бацагуырдта. Тамарæ сæ æрбæстонтæ кодта, фæлæ йын уæддæр уыцы сылгоймаджы ныхас æнцой нæ лæвæрдта. Фатер куы ныссабыр, уæд рагъæнæй Сосланы пиджак райста æмæ йын йæ дзыппытæ асгæрста. Ахæм митæ йæ сæрмæ бæргæ нæ хаста, стæй Сосланыл ма æууæнд, истæмæй

йыл дызæрдыг кæн, уый йæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыд. Ныр дæр йæ зæрдæ йæхиуыл худт, фæлæ йæ рæстдзинад базонын фæндыд!

Пиджаччы галиу дæллаг дзыппы разынд фындзыкæлмæрзæн. Хæрдмæ йæ дыууæ æнгуылдзæй сласта, хъавгæ йæ райхæлдта. Æргæвст галы тугæй амæстау разынд йæ иу хай. Æвиппайды Тамарæйы къухæй пъолмæ æрхауд. Æлгъ ыл кодта æмæ та йæ йæ дыууæ æнгуылдзæй систа. Сонтæй афæнд кодта йæ моймæ йæ бадавын... Фæлæ уый йæ сæрмæ не ‘рхаста, стæй ностæллад лæг уайтагъд афынæй, æмæ йæ райхъал кæна, уый йын йæ цæст нæ бауарзта. Сослан ыл гадзрахатæй рацæуа, уый йæ ницыхуызы уырныдта. Æрмæст ын йæ рæстдзинад куыдæй райхала, куыд æй сбæрæг кæна, ууыл уыд йæ сагъæс. Бирæ фæрахъуыдыбахъуыды кодта, фæлæ ницы фæрæз ардта... Уалынмæ та йыл ногæй æрбакалдысты рагбонты мысинæгтæ.

Сослан историон факультеты ахуыр кодта, Тамарæ та – филологион факультеты. Алы хъæутæй, алы районтæй сæ сæ ахуыры фæндаг университетмæ æркодта. Кæрæдзи никуы федтой, цалынмæ стыр аудиторимæ иумæйаг лекцимæ нæ бацыдысты, уæдмæ. Уæд дæр къæсæрыл хæрхæмбæлд нæ фесты, зæгъгæ, уæд, чи зоны, абон иумæ нæ уаиккой, сæ цард нæ баиу кодтаиккой. «Нæ! Нæ! Хуыцау бахизæд æнæ Сосланæй цæрын», – йæ хъуыдытæй фæтарсти Тамарæ.

* * *

Аудиторийы къæсæрæй мидæмæ бахизон, зæгъгæ, куыд загъта Тамарæ, афтæ йæ размæ фæци Сослан, тыргъмæ ма цæмæдæр фездæхт. Чызг ын фæндаг дæтты, лæппу та уымæн дæтты. Афтæмæй кæрæдзимæ фемдзаст сты æмæ сæ дыууæ дæр сагъдау аззадысты, кæрæдзимæ сдзурынхъом дæр нал фесты, ды ахиз, зæгъгæ. Уæдмæ Тамарæйы фæстæ мидæмæ цæуджытæ фæзынд, æмæ уый бахызт, Сослан та рахызт. Дыууæйæ дæр кæрæдзи фæстæ ракастысты æмæ та фемдзаст сты. Уыйадыл цыдæр æбæрæг хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ базмæлын кодтой æнæрцæф чызджы зæрдæ. Фæлæ сæ лекцийы рæстæг феуæгъд, æмæ та йæ раздæры гаччы абадт.

Сослан ын уый фæстæ куыд дзырдта, афтæмæй лекцийæ æмбаргæ дæр ницыуал бакодта, йæ хъуыдытæ иууылдæр уыдысты чызгыл: чи у, йæ фенын ма мын бантысдзæн, зæгъгæ, æмæ

лекци куыддæр фæци, афтæ адæмы сæрты сæрбихъуырæйттæгæнгæ йæ разы февзæрд.

Базонгæ сты... Æмæ уым диссагæй цы ис! Диссаг уыдысты йе ‘нкъарæнтæ, йæ бæллицтæ, йæ рæсугъд æгъдау. Уæгъд æй нал суагъта. Тамарæ йæхæдæг дæр... Ахæм лæппуйы чи нæ бауарзæн, ахæм æнкъарæнтæм кæй зæрдæ нæ нынкъуысдзæн. Байгом ис чызджы зæрдæ... Æмæ йæ æрмæст йæ ныхæстæ, йе ‘рхъуыдыджын митæ не ‘фтыдтой дисы, фæлæ йæ фыстæджытæ дæр. Æцæг æм йæхæдæг йе ‘нкъарæнты тыххæй никуы ницы ныффыста. Сослан та йын канд йæ сыгъдæг уарзт не ‘ргом кодта, фæлæ ма – йæ дызæрдыг сагъæстæ дæр, уымæн æмæ-иу чызджы ахуырæй æмæ йæ мад æмæ фыдæй алкæд уымæ нæ равдæлд.

* * *

Тамарæ Сосланы фыстæджытæй иу дæр нæ фесæфта, фембырд сæ кодта, æмæ ныр йæ зæрдыл куы ‘рбалæууыдысты, уæд сæ се ‘вæрæн бынатæй райста æмæ сæ стыр хæзнайау стъолыл æрæвæрдта. Æрбадт бандоныл æмæ сæ фæлдахы. Сæ фылдæр – æмдзæвгæтимæ. Иуахæмы йын лæппу афтæ дæр ма загъта: «Афтæ æнхъæлыс, æз филолог нæ дæн æмæ æмдзæвгæтæ фыссын нæ зонын? Уарзондзинад цынæ кæны!..» Фæлдахы фыстæджытæ, кæсы æмæ сæ кæсы. Сæ ныхæстæ йын рæвдауынц йæ зæрдæ. Цæмæн сæ райста, цы мæт ын сæ райсын кодта, уый дæр æй æрбайрох. Мæнæ иу цыбыр фыстæджы кæрон йæ цæстытæ ацахстой æмдзæвгæйы цыппар рæнхъы:

Уарзтон дæ, уарзтон дæ, бирæ дæ уарзтон:
Хурыл дæ, стъалытыл, зæдтыл дæ барстон.
Амæндты амонд дæ! – загътон мæхицæн.
Уый æнхъæл чи уыд – фæуыдзыстæм хицæн?!

Сæрды каникулты дыууæ мæйы кæрæдзи куы нал федтой, уæд æй ныффыста. Тамарæйæн йæ мад фæрынчын æмæ йæ йемæ дохтыртыл рахау-бахауæй Сосланмæ кæм æвдæлд. Æвæдза, адæймаджы дызæрдыг сагъæстæ йæ быны куыд æвиппайды акæнынц. Тамарæ уый нырма уæд фыццаг хатт банкъардта, фыццаг хатт ыл ныссагъæс кодта, фæлæ йæм нырæй тынгдæр никуы бахъардтой Сосланы фыстæджы рæнхъытæ. Къулыл сахат дыууадæс амоны, фæлæ ма уæддæр Сосланы фыстæджытæй Тамарæйы йæхи атонын нæ фæнды. Хорз хъуыды кæны алы фыстæджы

райст дæр. Æрвыста йæм сæ, хъæумæ уа, æмдзæрæнмæ, студентты арæзтадон къордтæй...

Мæнæ ацы æмдзæвгæ та æнæкæсгæйæ дæр зоны.

Ныйирд. Цъæх арвыл – стъалыты пырхæн,
Мæй хуртуангæс у, хъусцæгау æрзæбул.
Æрфæныфæд – йæ тæмæнты ныгъуылæн.
Зæлдаг тынтæй мæ уарзонæн æхсæвдзу
Чындздзон дарæс лыстæг сынкæй хуыйы,
Æз та йæ бæсты стъалыгæс лæууын.

Фыстæджыты æхсæн бæрæг дары, 8-æм Мартъийы фæдыл æм кæй æрбарвыста, уый. Цæмæдæр гæсгæ йын уæлдай стырдæр аргъ кæны, рæстæгæй-рæстæгмæ йыл ахæссы йæ цæст, бакæсы йæ æмæ та сног вæййынц йе ‘взонджы рæсугъд мысинæгтæ.

«Дидинæг. Цал æмæ цал хуызы сты дидинджытæ! Чи дзы кæм зайы, цы уæлдæфæй улæфы, цы æрдзы хъæбысы рæзы, уымæ гæсгæ тæф кæны.

Мæнæ та ныр дæр уалдзæг æрцыд. Æрхаста йемæ хуры хъарм æмæ дидинджыты хæрздæф, уарзæтты хъынцъым æмæ æхцондзинад. Зæрдæ дзаг кæны рæсугъд æнкъарæнтæй, уæлмонц бæллицтæй. Æмæ дын уалдзæджы фыццаг бæрæгбоны – сылгоймæгты æмæ дидинджыты бон – зæрдæбынæй арфæ кæнын. Дидинæгау уарзон æмæ адджын у адæмæн. Дæ фенд æхсызгон кæмæн у, дæ удысконд та – амонд, ахæмтимæ цæр. Æцæг, уардийау у сындзджын, тызмæг, гуырымыхъ, дæрзæг. Де ‘нкъарæнтæн дын аргъ кæнын кæй нæ бафæнда, де ‘нæрцæф уд басæттын чи сфæнд кæна, уыдоны ныхы бын, судзин фæныхсæгау, риссаг рæхуыст кæнын дæ бон куыд уа, афтæ. Дæ номы аккаг зæрдæрайæ цæр. Макуы ахуыссæд дæ уарзты зынг – цардмæ, дæ алыварс хорз адæммæ. Сæйрагдæр та – æдзух дæумæ чи тырны, уымæ!..»

Тамарæ каст фæци фыстæг æмæ та хъуыдыты аныгъуылд: «Нæ, нæ! Ацы æнкъарæнтæ кæмæ уыд, уый сæ куыд хъуамæ ферох кæна. Чидæр нын нæ цардмæ ныхилы, æмæ йын дзы ницы рауайдзæн!» Æмæ та йæхимидæг адзæгъæл, стæй скарста: «Цæй æмæ йын æй йæ зæрдыл æрлæууын кæнон, уадз æмæ йæ бакæса». Фыстæг иуварс æрæвæрдта. Иннæты фæлдахы:

Дæу фенынмæ бæллын æдзух –
Дæ ныхæстæ нæ кæнынц цух

Мæ зæрдæйæ. Фæфæнды мæ:
Æрмæст ныккæс дæ зæрдæмæ!
Дæ цæрайæ цæрын. Кæнын
Табу дæ номæн. Ард хæрын –
Дæу дæн! Дæу у мæ цард, мæ зонд,
Мæ уд дæ удæн у нывонд.
Мæ уд дæ нывæрзæн – æвæрд.
Мæ уд дæ удæн у лæвæрд.
Мæ уаг, мæ ми – дæуæн цагъар,
Мæ зæрдæ бахæрай, Тамар!

Тамарæ ма бирæ фæхъуырдухæн кодта йæхиимæ уыцы æхсæв, Сосланæн йæ рагбонты фыстæджытæй кæцы бакæсын кæна, уый фæдыл. Кæцы сæ равзæрстаид, рахицæн кодтаид, уымæн ницы амал ардта. Йæ къухмæ райста, сæ чызг Азауы фæстæ сын лæппу куы райгуырд, уæд æм арæндонмæ цы фыстæджытæ барвыста, уыдон.

Мæ уды тавс

Æз суадон дæн – рæсуг æмæ сатæг. Кæддæр рахъардтон цъæх нæуу фахсы гуыбынæй. Лыстæг цыхцырджытæй фемæхстæн. Æмæ мыл бацин кодта кæрдæг. Æхцонæн мæ ныхъуырдтой йæ уидæгтæ. Фæлæ йын йæ уидæгтæм мæ хъæлæсы фæхастон змис æмæ лыстæг хуыр. Зымæгон хъызты-иу йæ сыфтыл мæ комытæф ихын фæрдгуытæй æрцауындзæг æмæ сыл-иу ихæнриз бахæцыд. Гъемæ дын иузаман арвы дуарау куы фегом уаид мæ фыцæн бынат, бæзджын кæрдæджы æхсæнæй сæрттывтон сæгъы цæстау сыгъдæгæй. Цæссыгау лæдæрсы мæ дон, тындзы дæлæмæ мæскъмæ, æмæ мæ фæд чындздзон чызджы риуыл ставдбыд хъуымбыл дзыккуйау фахсыл дæлиау æрзæбул. Раст ыл, цыма, дымгæ йæ къух рæвдаугæ æруагъта, уыйау зына-нæ зына къæдзмæдзытæгæнгæ æруади цæугæдонмæ.

Æз суадон дæн – рæсуг æмæ сатæг. Бæлццонæн сафын йæ дойны, зайæгойæн – йæ мондаг. Сæрдæй-зымæгæй хуры цæст уыдтон, мæйрухс æхсæвты стъалытимæ хъазыдтæн, мæ айдæны сæхи уыдтой цæргæстæ. Хъарм уарынты, ихкъæвдаты надтон мæхи, здухгæ митгæлæбутæ уæлдæфы ахстон æмæ сæ зыдæй ныхъуырдтон, æхсæрдзæнтимæ зарыдтæн, семæ ерыс кодтон. Нæ фæлладтæн лæггад кæнынæй, абухынæй, уарзынæй, цæрынæй...

Азтæ ивтой кæрæдзи. Æз тарстæн, иуахæмы мæ митхъæпæн йæ быны куы фæкæна, лæсæн мыл куы ракæла, – куы ныххуыдуг уон, куы бамыр уа мæ зарæг. Æз тарстæн... Фæлæ мæм æнæнхъæлæджы Хуыцауы лæварау фæзындтæ ды! Æмæ мæ раздæхтай фæндагмæ. Царды фæндагмæ, фидæныл æууæнчы, фидæнмæ тырнæнты фæндагмæ. Цардмæ!

Ды – мæ хæл-хæлгæнаг суадон, мæ уды тавс. Æрæджиау чысыл уæлдæр суанджы фахсæй дæхи ратыдтай æмæ барджын фæд айгæрстай иуырдæм, стæй та – иннæрдæм. Æнæрцæф, æнæбасæтгæ, раст цыма мæн агуырдтай, уыйау тыхстæ, фæйнæрдæм рæдывтай нæуцъар фахсы риу... Æмæ мæ ссардтай!.. Æрфæд мæм кодтай... Ме ‘рвхуыз цæстытæм мын ныккастæ, федтай дзы дæхи, ныххуыпп кодтай мæ донæй æмæ мыл рауагътай дæхи. Дæ донæй, дæ цинæй, дæ мæтæй, дæ рисæй байдзаг ис мæ гуырæн, мæ уд, мæ зæрдæ. Мæ фыцæны найыс дæхи. Хурмæ та сæрттывта мæ цæст, сабухта мæ цæрæн. Йæ былтæй акалд, æмæ нæ удты монц иу фæдыл уырдыджы стыр цæугæдонмæ ныйиарц.

Мæ уды тавс, мæ хæл-хæлгæнаг рæсуг æмæ сатæг суадон, дæ фарсмæ бафтыди мæ тыхыл, мæ ныфсыл, æмæ фæтынгдæр и мæ зарæг. Дæуимæ мæм хъызт зымæджы хъæпæнтæ, тæрккъæвдайы лæсæнтæ нымады дæр куы нæ сты. Куы уай мæ фарсмæ – ныббыхсдзынæн æппæтæн дæр, ныссæтдзынæн цыфæнды ныхдуртæ дæр. Уæдæ, цæй ныззарæм нæ иумæйаг зарæг, къæрццæмдзæгъд хъазты æрзилæм иумæ симды. Иумæ, иумæ аныгъуылæм хуры тынты, мæйрухс æхсæвы фæлмы, стъалыты дзыгуырты.

Мæ уды тавс, ды æмæ æз дыууæ суадонæй фестадыстæм иу зараг къададон, иувæды, чындздзон чызджы уарзæгой риуыл ставд æмæ æнгомбыд хъуымбыл дзыккуйау, згъорæм, æмæ нын райхалæн ма уæд!

Мæ царды дидинæг

Ды чи дæ, уый зонис? Ды дæ уалдзыгон хъоппæгцæст дидинæг. Райсомы ирдгæ æмæ изæры уддзæф кæуыл узæлынц, хуры хъарм тынтæ кæй рæвдауынц, уый! Рæвдауы дæ мæ уарзондзинад дæр. Дæ сæр куы æркъул кæныс, уæд мæм уалдзæджы фидиуæг малусæджы хуызæн фæкæсыс. Ды дæ, райсомы

сатæг æмæ хуры тынты æнарæхст æвнæлдæй дæр чи баризы, ахæм æрвон малусæг.

Ды чи дæ, уый зоныс?! Ды дæ хæххон сæрвæты сырх-хъулон дидинæг-дзæгъдзæгъгæнæг. Уадымс хъазы дæ дæллагхъуыр, æмæ дыл фырцинæй бахæцыд ризæг. Зырзыраг дæр дæ уымæн хонынц. Акæс-ма сæрвæты хъæбысмæ: сырх тæппытæ дари хъуымац фестад. Гъæйтт, тæхуды, дæуæн уымæй æнгом къаба бахуый, дæ фидыцтæ дын куыд равдиса, дæ зæрдæ хурварс куыд абада! Мæйрухс æхсæв арвы стъалытæ халыл бакæн æмæ дын сæ дæ хъуырыл æрæфтау, Бонвæрнон дын дæ ныхыл бакæн, райсомы æртахæй дыл дзабыртæ скæн, дæ къухыл дын ахæц æмæ дæ акæн аргъæутты бæстæмæ!

Ды чи дæ, уый зоныс?! Æхсырхъуыр уарди-дидинæг! Мыдыбындз мыдагурæг кæмæ тæхы, хуры тынтæ кæуыл хъазынц, ахæм зæрдæскъæф дидинæг! Алчидæр дæм йæхи ивазы: баузæлы дыл, рахъавы дæ æртонын. Фæлæ дæуыл ис сындзытæ æмæ сæ къухы ныхсынц – дæхи æртонын нæ уадзыс! Æз дæм хъавгæ æввахс бацыдтæн. Ды дæ сындзытæ амбæхстай, дæхимæ мæ хæстæг бауагътай, æмæ дын дæ урс дидинсыфтæн иугай батæ кæнын, рæвдауын дæ, рæвдауыс мæ ды дæр дæ цæстæнгасæй, де ‘рвон тæфæй. Ды дæ мæ царды дидинæг. Дæ уындæй, дæ кондæй зилы мæ сæр, уынын дзы мæ бæллиц, мæ катай, тæрсын дын æртонынæй – æмæ дæ цæстыгагуыйау хъахъхъæнын. Хъахъхъæнын дæ – мæхицæн нæ! Дæхицæн! Фæнды мæ, куыд дæ, афтæмæй куы баззаис! Де ‘нкъарæнтæн, дæ бæллицтæн, дæ уарзтæн кæрон куынæ уаид!!!

Циу цард, куы нæ уарзай, уæд! Ницы! Цард у уарзондзинад! Иу – æлгъыст, дыууæ – фæлдыст, æртæ – æнтыст. Иу – мæгуыр æмæ æрхæндæг, дыууæйæн æртыккаг куы нæ уа, уæд сæ цард у æрхуым æмæ мæтъæйлаг. Æртыккаг та у уарзондзинад – цард.

Мит фæлдзæгъдæн кæны:
Уары, уары ‘мæ уары,
Раст сыхырнайæ чидæр
Мигътæ арвæй луары.
Мах дыууæйæ лæууæм
Гомдуар арвы бын – иунæг.
Мах нæ уарзтæй цæрæм
Дуне, стъалыты мидæг.

Митгæлæбуты ‘хсæн
Здухгæ февзæры уадымс, –
Сонтæй асхойыс мæн,
Худыс, сабийау хъазыс.
Митæй дзыккутыл рæвдз
Уаргъ æрæвæрдта уарын.
О, цæй диссаг дæ, æрдз!
Зæрдæ агуры зарын.
Кæн дæ фæлмæн ныхас, –
Мæн фæцагайы уаз зын.
Уадз дæ цæстыты ‘нгас
Тынгдæр сабуха уарзын.
Мах дыууæйæ лæууæм
Гомдуар арвы бын – иунæг.
Мах нæ уарзтæй цæрæм
Дуне, стъалыты мидæг.

Азау дунемæ амонджын къах равæрдта – йæ фæстæ сын дыууæ лæппуйы райгуырд. Сослан æм фырбуцæн йæ номæй дзургæ дæр нæ кæны. Дзыккакъах æй хоны, Тамуйы кæхцы йын йæ къах дзыккайы куы атъыстой, уæдæй нырмæ. Искæдæм балцы куы фæцæуы, уæд Азауы кæртмæ арвиты, фæзæгъы йын: «Дæуæн дæ къах хорз у, ахизæны дыл куыд фембæлон, афтæ бакæн». Азау дæр та йæхицæй ныббуц вæйиы.

Сослан бæрнон бынаты кусы, разамонæг у, студентæй дæр æхсæнады хъуыддæгты зæрдиаг архайæг уыд. Горæты разамынд ыл сæ цæст æрæвæрдтой, æмæ куыддæр университет каст фæци, афтæ йæ сæхимæ кусынмæ æрбахуыдтой.

Тамарæйæн та, цыма, йæ зæрдæ йæхимæ фехсайдта. Сосланæн æй зæгъын хъæуы. Цин ыл цы бакæна, æндæр ын хъыг нæ уыдзæн. О, фæлæ уал ацы фарста райхалын хъæуы... Царды цынæ ‘рцæуы, ахæм хъуыддаг нæй... Кæцы фыстæгæй райдайа, ууыл бирæ фæсагъæс кæнгæйæ сфæнд кодта сæ базонгæйы фæстæ йæм иумæйаг лекцитæй иуы фыццаг хатт къухæй-къухмæ цы чысыл фыст æрбалæвæрдта, уый:

«Цæй зын у, цæй зын, æнæ дæу цæрын, мæ уд бафæллад дæумæ æнхъæлмæ кæсынæй. Ды та мæ хъуыды дæр нæ кæныс. Мæ иувæрсты ауайыс, салам мын нæ дæттыс, цыма зонгæ дæр не стæм, афтæ дæхи дарыс. Мæ рисыл нæ риссыс, мæ цин дæ не ‘ндавы. Æз та дæм æнхъæлмæ фæкæсын, дæ уындмæ фæбæллын.

Де сныхас мын амонд куы хæссы, дæ фендæй мæ зæрдæ райгæ куы кæны!..»

Тамарæ йæ иуварс æрæвæрдта, иннæты амбырд кодта æмæ сæ сæ бынаты бафснайдта. Стæй йæ мойы дзыппы ногитуæвæрд фындзыкæлмæрзæн атъыста, былтæахорæнæй амæст та бæрæг ран æрæвæрдта. Сосланы фыццаг фыстæг фыссæн стъолыл папкæйы сæрыл бæстон æрæвæрдта, райсомæй йæ æнæмæнг куыд бафиппайа, афтæ. Йæхæдæг йæ цотыл æрзылд, алкæй дæр дзы абæрæг кодта, сæ хъæццултæ сын арæстытæ кодта æмæ æнæхъыпп-æнæсыппæй сæ уатмæ бахызт.

Райсомæй дæр ын йæ моимæ аныхас кæныны фадат нæ фæци. Уымæй раздæр фехъал, йæ цотæн, йæ сæрыхицауæн аходæн ацæттæ кодта. Скъоладзауты ахуырмæ арвыста, йæхæдæг кæстæримæ рæвдауæндонмæ фæраст. Стæй та – скъоламæ – йæ куыстмæ.

Сослан дæр райсомæй тагъд-тагъд йæхи арæвдзытæ кодта, æгæр мæгуыр цай дæр нæ бацымдта, афтæмæй, фыссæн стъолыл ын цы гæххæттытæ уыд, уыдон иууылдæр йæ папякæйы бавгæдта æмæ куыстмæ атындзыдта. Зноны ноздæй йæ сæр нырма дæр уыди цæнгæты хуызæн. Ноздфæлладæй куыд кусдзæн, адæмимæ куыд ныхас кæндзæн, цавæр уынаффæтæ хæсдзæн, уымæн ницы зоны. Йæ кусæн уаты стъолыл йæ гæххæттыты папкæ æрæвæрдта æмæ уæззаугай йæхи бандоныл æруагъта. Папкæ байгом кодта æмæ дзы æппæты уæле, йæ бинойнаг ын цы фыстæг ныууагъта, ууыл йæ цæст æрхæцыд. Йæ кæддæры къухфыст нал базыдта æмæ йæм фæлæбурдта, ай цы у, зæгъгæ. Зыдæй йæ акаст, фæлæ йын йæ хъуыды рæстмæ нæ бамбæрста. Дыккаг хатт... Æртыккаг хатт æй сабыргай куы бакаст, уæд йæхимæ фарст радта: «Чи йæ кæмæ фыссы? Мæ папкæйы цы кусы?» Æрæджиау йæ зæрдыл æрбалæууыд, сæ фатеры фыссæн стъолæй йæ кæй систа æмæ йæ папкæйы йæхæдæг кæй сæвæрдта, уый. Сагъдауау аззад, цыдæр хъуыдытæ йæ сæ быны афсæрстой æмæ йæ ноздвæллад цыдæр æрбаци. «Ацы фыстæг не стъолыл цы куыста? Чи йæ кæмæ фыссы?! – фæрсы йæхи. – Тамарæмæ? Æмæ чи?!» Йæ сæр ныттылдта, йæ цæстытыл йе ‘рмттæ авæрдта æмæ дызæрдыг хъуыдыты анысгъуылд: «Чи нын халынвæнд кæны нæ рæсугъд цард?!» – сирвæзти йæ дзыхæй æмæ ныууынæргъыдта.

Лæг уыцы бон нæ куыстæй уыд, нæ – хæдзарæй. Фыстæг æй уæгъд нал суагъта, йæ уæлныхты йын хаста йæ гуырысхотæ. «Нæ хицау цыдæр кæны», – уыцы хъуыдыимæ-иу йæ уатæй рахызтысты, йе ‘мкусджытæй йæм-иу чи бауад, уыдон. Йæхæдæг, куысты рæстæг нæма фæци, афтæ сæхимæ атагъд кодта Тамарæйæн фыстæг равдисынмæ.

– Ай кæй фыст у?! Чи дæм æй фыссы? – фæрсы Тамарæйы, куыддæр фатеры баиу сты, афтæ.

– Кæй фыст у зæгъыс?! – ныддис кодта Тамарæ... Стæй фембæрста йæ къухфыст кæй нал базыдта æмæ дызæрдыг кæй кæны. – Мæнæ диссæгтæ! Нал æй базыдта! Ныртæккæ дын æй æз фенын кæндзынæн. – Йæ фыстæджытæ йын рахаста æмæ йын сæ йæ разы стъолыл æрæвæрдта:

– Мæнæ адон кæй фыст сты, уый!

Сослан йæхи фыстæг кæй нал базыдта, уымæй хорзау нал уыд æмæ Тамарæмæ хатыр курæгау бакаст. Стъолæй фестад, йæ хъæбысы йæ æрбакæнын уыд йæ зæрды, фæлæ йæ Тамарæ фæурæдта: «Ды ма мын зæгъ... – Сæ уатмæ бауад, кæйдæр былтæахорæнæй амæст фындзыкæлмæрзæн йæ дыууæ æнгуылдзæй йыл хæцгæйæ радавта æмæ йæ фæрсы: «Ай цы у? Дысон æй дæ дзыппæй систон. Де ‘мкусæг сылгоймæгтæй мæм дысон дæ размæ иу æрбадзырдта æмæ мын æй уый загъта. Æндæр, хорз куы зоныс, æз дыл дызæрдыг никуы кодтон, дæ дзыппытæ дæр дын никуы къахтон.

Лæг фæуыргъуйау, цæсгом сырх-сырхид афæлдæхт. Йæ дзыпмæ февнæлдта фындзыкæлмæрзæн агурæг.

– Уым æндæр ис. Дысон дын æй баивтон, – сабыр хъæлæсæй сдзырдта Тамарæ.

– Мæнæ диссæгтæ! Æууæнк куыд никæуылуал ис. Кæс-ма, кæс, уыцы налатмæ! – сирвæзти Сосланæй. – Къухтæхсæн уатæй куы рахызт, уæд мæ фындзыкæлмæрзæн бацагуырдта йæ къухтæ асæрфынæн. Цæмæй, дам сæ асæрфтаин, уый дзы нæ уыд. Зæрдæхæлар у, фæлæ афтæ цæмæн бакодта, уымæн мæ бон дзуапп раттын нæу.

– Зæрдæхæлар!? Бынтыдзæуæг, æндæр цы? Дæхи дзы хъахъхъæн! – срæцыгъта ус æмæ йын æхсæвæр æвæрыныл фæци.

Сослан уæддæр йæхицæн бынат нал æмæ нал ардта. Йæхи йæ усы раз æнæ аххосæй куыд сраст кодтаид, уымæн ницы хос зыдта...

Тамарæ йын афтæ:

– Дæуæн мæм сусæг зæгъинаг ис, æмæ мæм лæмбынæг æрбайхъус. Мæхимæ та мæ зæрдæ фехсайдта, æмæ мын æй дохтыртæ дæр загътой.

Сослан æй йæ хъæбысы фелвæста æмæ йæ ныззылдта. Сабитæ сæ цины хъæрмæ сæ уатæй рауадысты æмæ кæд мад æмæ фыды цин цæуыл у, уый нæ базыдтой, уæддæр сыл ныттыхстысты...

Бæрæгбоны хуызæн уыд уыцы изæр Сослан æмæ Тамарæйы фатеры, фырцинæй кæрæдзийæ нал æфсæстысты. Иуахæмы лæг йæ усæн афтæ:

– Ехх, мæ ныхас æппæт адæммæ куы фехъуысид, уæд сын зæгъин: «Уæ рагбонты фыстæджытæ арæхдæр кæсут! Уыдон уын-иу æрмæст уæ уарзт не сног кæниккой, уæхи дæр уын æрыгон кæнынц!»

КОЛИТИ ВИТАЛИ: 60 АНЗИ



КОЛИТИ Витали

МÆ УАРЗТ ÆМА МÆ ЦИЙЙЕС

ÆНДÆР КУВД

Ниффедар уогæй нæ хъанзи,
Хуцауæй уой фæккорæн:
«Фæннин цæрæ сæдæ анзи», –
Кæрæдземæн фæкковæн.

Нæ гъавун æнос цæрунмæ, –
Табу амонд дæттæгæн.
Нивгун мардæй рамæлунмæ
Нуртæккæ дæр цæттæ дæн.

Нæ телун арвмæ тæппæзтæ,
Æрмæст корун: «Мæ фæсте
Мæ Дигорæ, мæ къабæзтæй
Мабал рамæлæд маке...»

* * *

Дæ миутæй басугъта́й ду берети,
Сæ зæрдитæ кодтай син тæхсун...
Дæ фингæмæ мæ уарзти къеретæ
Уæд цума ци нифсæй фæххæссун...

Ке мæлдзæн æз раздæр мæ адзалæй,
Лæдæрун уой бæргæ æд æрхун.
Лæдæрун, ке нииуодзæн хъæзалæ,
Уæддæр дæмæ æд цийнæ тæхун...

* * *

Æрдзæ бабæй æригъал æй,
Фæссурхвазæ ‘й æрвгæрон.
Ираефи дон æ цæхъалæй
Æрæхснадта билгæрон.

Æсхъиуд уадæй æ уолæнтæй
Бæласи цонг рæвдауй.
Ракæнуй æй æвдолæнтæ,
Ку ба ‘й фæлмæн радауй.

Телуй е дæр е ‘хснад къортæ
Цæунæрвонг æ фæсте.
Евгъуйуй дон ба æ цорти,
Лæууæнвæткæ ин нæйе.

Æз дæр уотæ мæ сах уарзти
Нæбал ирдтон еу рауæн.
Фал раевгъудтæ мæ рæзти,
Мæн ниууадзгæй, хъеллауæй...

МÆЙÆ

Æхсæви тайради
Е ‘ной истухсинæ.
Идард æрвгæронмæ
Куд арæх бæллинæ.

Мæйæмæ е ‘скасти
Ратгæй, цит, мæ бартæ,
Уæларвмæ кæсинæ
Арæх изæрдарти.

Æз дæр æ уиндæмæ
Хуардтон билицъæрттæ.
Тавгæ ке нæ кæнуй,
Уой ба нæ æстæфтæн.

Дæу дæр сонти-бонти
Мæйæбæл баринæ.
Дæ каст, дæ бахудтбæл
Мæ уод фæгъгъаринæ.

Дæумæ зæрдигонæй
Даринæ мæ тæрттæ.
Мæйау æдафс адтæ, –
Уой ба нæ лæдæрдтæн!

* * *

Ферттивтонцæ къæрæзгитæ
Изæдбадæнау, æма
Мæ донласт зæрди изгитæ
Æрæгъзалдæнцæ цума.

Дæ лигъз бауæр, дæ лигъз цæнгтæ
Фæууæгъдæ кодта халат.
Фæййирддæр æнцæ мæ сæнттæ,
Фæййирддæр æй хуссæнуат.

Мæ цæстингас ку ниууорс æй,
Рафæлгæсæ, – исæфун.
Фал, æвæдзи, уæхæн рохсæй
Зин æй талингæ ‘стæфун...

* * *

Кадæр загъта зæрдирастæй –
«Фиццагдæр бал дæ бакаст»,
Е æ надбæл ма рараст уæд,
Е бавзарæд мæнау маст.

Фиццаг хатт æй æрæстæфгæй,
Куд нæ фæццох дæн зундæй!
Куд нæ басугъдæй мæ цæстæ
Æ фæлмæн худт, æ уиндæй!

Æбун арви итигъдади
Исистон мæхе бæрзонд.
Фал æ еци рæсугъдадæ
Разиндтæй къинсау тæссонд.

Исдæн бунтон зинæстæфæн,
Ци æнгъæл имæ кастæн!
Куд фулдæр лæстæн æ цъифи,
Уотæ арфдæр си хастæн.

Æууæндтæн, ес ма æфсарæ,
Мæ изæд æй исхудтон, –
Уомæн ба уæд æ хæдзарæ
Уидæ алкæмæн игон.

Ку лæдæрдтæн, е ‘стур десæй
Ке уодзæнæн æнæ хай,
Ци ма хуардтон уæд мæ гъестæ,
Цæбæл кодтон уодагъай!

Ци пайда ма ‘й загъта-багъта,
Мæхе фудтæ ‘нцæ, – æдта!
Нæ уарзун мæ ка нæ уагъта,
Ци хъæсти нез мæ тилдта?..

НÆ ЦАРДИ УАГÆ

Фæливд æма цъамайрадæ –
Цæмæн ба уæд нæ бухсæн!
Æви догæн æ тайрадæ
Фæннихъуæруй æрмæст мæн?

Берæгъбалау æригъал ан,
Нæ нæмæ ес еу хуæздæр.
Еу иннемæн æй æ хуали,
Ци лæдæрæн ма æндæр.

Ку нæбал бæззæн нæхуæдтæ,
Хуцауæй уæд ци корæн?
Нæ рагъбæл хæссæн нихвæдтæ,
Æргомæй ба нæ дзорæн.

Ехбæл тардау ниббуцæу ан,
Цæрдбудзæу ба – нæ хонæг,
Куйгæлдзæнмæ ке фæццæуæн,
Æрмæст уой ба нæ зонæн.

Неке гъæуй мæ дзиназун,
Цард иссæй мин содзгæ рун.
Фæтътъæпп ун дæр нæ фæразун,
Фурмæстæй дæр абузун.

МÆ ҒЪÆУБÆСТÆ

Ку бацæуй лæг æ зæруи,
Уæд райдайуй медбуцæу.
Имисун бабæй айзæри,
Æхсæрисæр, дæу, мæ гъæу.

Фæскарст будур, еугай хелтæ,
Уайгæдони æрцæвæн.
О, куд уарзтон изæрмелтæ,
Куд мин уидæ æхцæуæн!

Ескæмæн кæд дæ æнадæ,
Е кæнис еске тухсун...
Æз ба алкæд зæрдирадæй
Дæ коймæ дæр исистун.

Кæд æруагътон рæдудадæ,
Хатир корун уæд, сæттун.
Фал ци райстон хуарздзийнадæй,
Дæ фарнæбæл уой бæттун.

Æрхун реуи æрбацадæ ‘й,
Кæнун бабæй сонт цæрддзо,
Тæходуй ма бæгъæмбадæй
Дæ гъæунгти æрцæйцо!

Куд нæ дин ес æндæр уæвæн,
Дæумæ бæлгæй æз мæлдзæн.
Куд нæ дин ес иронхгæнæн,
Нæдæр ба ес рагæлдзæн.

О, мæ уод æма мæ цæстæ,
Мæ рист зæрди рæстæмбес,
Æхсæрисæр, мæ гъæубæстæ,
Мæ бауарзт æма цийиес!

КАТАЙ

Дæ æфсæрмæ, дæ рæууæнттæй
Ци хузи дæ радавон?
Æрбадарæ, цæй, дæ цæнгтæ, –
Мæ уод сæбæл батавон!

Цалинмæ мин уа дæ тауæ,
Раст уæдмæти æзмæлдзæн.
Зæнхи ‘скъуди дæр ниххауæ,
Уæддæр дæбæл æмбæлдзæн.

Ци ма мин ес æвзаруйнаг,
Кенæ ба мин ци финст е?
Æз ку фестон дæ маруйнаг,
Уæддæр зелдзæн дæ фæсте.

Ма мæ уадзæ æгуппæгæй,
Ра мин æдтæ нифси хъуртт.
Фæттагъд кæнæ дæ æцæгæй
Мæ гурусхæн æ фæссурд.

Дузæрдуги къубулойни
Бакодтай мæ еугур тухт.
Ци бауодзæн мæ æмбойни,
Нæ лæдæрун уой бæлвурд.

Нæ дин лæдæрун де ‘цæгтæ,
Мæхе дæмæ куд гъарон!
Æрбадарæ, цæй, дæ цæнгтæ,
Мæ уод сæбæл батавон...

ÆЗ БА УÆДДÆР

Ка батудта цард е ‘нцойни,
Арвæй тунтæ ка иста,
Е дæр ма бостæй е ‘мбойни
Фæлдесæги æлгъиста.

«Седзæр» ном мæн ба къæхтæбæл
Нæ бауагъта ислæуун.
Ме ‘фхуæрд уодæн æ цъæхтæбæл
Абони дæр нæ кæун.

Кусти хедæй мæ фæсонтæ
Некæд бацæнцæ сор дæр.
Кæд еске фæйдта зинбонтæ,
Уæд дуккаг адтæн æз дæр.

Мæ разæй цудæй ме ‘надæ,
Нæдæр рæвдуд нæ зудтон.
И фæсдуæрттæ æнимадæй
Мæ царди бонтæ тудтон.

Мæн ба амонд мæ ирæзи
Кæд нæ даудта æ росæй.
Уæддæр си æдæн арази,
Уæддæр си мæлун бозæй...

ЗУДÆ ЛÆГ

Аци лæги цæрдтитæ æма уавæртæ мæхе цæстæй ку нæ фæууидтайнæ, уæд ми некæд байрагæс адтайдæ.

Нихxезгæй зудæ æ тоги,
Уæлвæз рауæн фæццардæй.
Растдæр зæгъгæй ба, æ доги
Цардæй æви нæ цардæй?

Нæ фæразуй рамæлун дæр,
Берæгъи бакаст – е ‘нгæс.
Æнгъезуй ин ракæнун дæр
Уодæгасæй тæфирфæс.

Сæрдигон дæр кæрцæ даруй,
Исуазал унæй тæрсуй.
Нæдæр хорæй нæ багъар уй,
Нæдæр артæй нæ тæфсуй.

Базелуйнаг æ хæдзарæ,
Исхъамил æй æ рæбун.
Хуарз æма ‘йбæл цурхт сæнарæ
Уой нæ уадзуй фæлдæхун.

Кæд ци ‘й фæндуй фæстезад æй, –
‘Хе нæ хонуй æнамонд.
Æ фидæй ин æризадæй
Цалдæр къоппай – гъæдæй конд.

Рæбунмæ хатт имæхст дустæ
Къеунихæст æнцæ куддæр.
Æхемæ ба айдагъ фустæ
Æртæ сæдемæй фулдæр.

Ниффæскъаутæ æй æ ронæ,
Æ хъур, цума – цъеуасæн.
Ци хузи æй æ хæдонæ –
Хъæбæр зинтæй æртасæн.

Алцæмæй дæр ниллæг унæй
Куд ма ес бундæр тасæн!
Хуарз æма сæр ниллæгун æй,
Ма ‘й нæ гъæуй сæрвасæн.

Сауæритæ, гъуна сомтæ
Гобани цъари цæвгæй.
Е рарвиста царди бонтæ
Æхе дасгæй – цæвæгæй.

Æд нартихуар – æ гомори,
Мæнæуæй идзаг – æ гом.
Фал ку балæууа дæ цори, –
Ниммæгуртæ уй æргом.

Е нихæси ку рабада,
Æ мулк, æ фонс – æ коййаг.
Æхецæн ба халтъамадон –
Алли бони хуæруйнаг.

Нæ байдзулдæй бони ирдбæл,
Æппунæдзох æрæвдзæй.
Мæгурдæйраг, æ сау циртмæ
Æнæмулкæй ка цæудзæй...

КУРДИАДÆ

Дæ къохи райст, билти змæлдæ,
Дæ цæстити æхсгæ каст.
Æнæнгъæлти мин мæ зæрдæ
Ракодтонцæ дууех карст.

Ниггæлстай мæ устур мæти,
Ци дзæгъæлти цард тудтон!
Куд нæ дæ зудтон нурмæти,
Куд некæд дæ фæууидтон?

Артбæл донау исирадтæн,
Ниддæ реуи æздухсæн.
Нурмæ де ‘ной куд фæццардтæн,
Нурмæ де ‘ной куд бухстæн!?

Æрдæгсугъдæй мæ ма уадзæ,
Ци мæ гъæуй?
Æрмæстдæр, –
Дæ уод уарзун мæ бауадзæ,
Неци ди корун æндæр...

ХУÆРЗБОН

Нæбал бакæсдзæн де ‘рдæмæ,
Фудинæфæ кæндзæнæн.
Мацæбæл бал мæ бадæмæ,
Нецибал дин зæгъдзæнæн.

Мæ рæумиутæ, мæ сонт уарзтæй
Мæхуæдæг дæр истухстæн.
Ду ми дæхе еуварс ластай,
Æз ба дæбæл нæ бухстæн.

Куд фæттадтæн мæ рист уодæй,
Нæбал зудтон, – ци фæдтæн...
Мæнбæл кодтай гиризходæ,
Æз ба дæбæл æууæндтæн.

Фæссонт уогæй, зæрæрдæмæ
Хъеллаугæнгæ хæтдзæнæн.
Мацæбæлбал мæ æрдæмæ,
Нецибал дин зæгъдзæнæн...

ДОНИФАРСИ ЗАР

Хор исдаргæй æ зинг цæстæ,
Ку байдзулуй Дигоргом.
Фиццагидæр уæд дæу фæхстæ
Е батавуй æхсицгон.

Донифарс, нæ Донифарс!
Дæ Рæхис æй хемæлвас.
Ираефи дон, Къари хæрд, –
Зæрди айтæ арф æвæрд.

Бæрзонд тегъæ фæлгæсунцæ,
Дзæнæт ами æрцъен æй.
Адæм дæнцæн ке хæссунцæ,
Е Хъанухъти Есе æй.

Мисигони дон æррæстæ
Сæрдæ дæр нæ исусуй.
Донифарси æнхуæцфæрстæн
Сæ кой нур дæр игъусуй.

Ка фæццардæй кадæ-радæй
Нæ медкоми и уæлфахс.
Ка нæ бæлстæй æлдайрадæ, –
Сумах айтæ, Донифарс.

Зæрдæ де ‘ной куд фæраза,
Дæ кади ном нæрдзæнæй.
Алкæд ба дин цитгин Уаза
Ниллæг ковдзæй æ сæрæй.

Донифарс, нæ Донифарс!
Дæ Рæхис æй хемæлвас.
Ираæфи дон, Къари хæрд, –
Зæрди айтæ арф æвæрд.

* * *

Ци хъæбæр æнæуагæ хеваст дæ,
Ци изæд дæ, цума, ци фудрун,
Ислæсунмæ гъавун дæ цъифдзастæй,
Фал фæстæмæ арфдæр нигъулун.

Æвæццæгæн, æдæн дзæрмæ къудур.
Æндæра ци фудзинтæн, бухсун.
Кæд ниддæн дæ уарзтæй еугур туппур,
Æфсæдгæ ди уæддæр нæ кæнун.

НОМЕРÆН

(Ленæмæ)

Æгæр берæ ‘нцæ мæ фудтæ,
Никки фулдæр мæ æрхæн.
Лæдæрун æй, – фæррæдудтæн,
Бахуардта мæ уотæхсæн.

Дæлсигитæй мæ ци ‘згели,
Бауагътай ми мæрдон тас.
Мæ уод ма мин ци æууели, –
Нæбал уогæй уодæгас.

Фæййагорун дæ ме ‘нгаси,
Сор æзменсау æгъзæлун.
Ду цал хатти æригас уис,
Æз уал хатти фæммæлун.

Сæргубур ‘ма хъел фæсонтæй
Дæ тæрегъæдтæ федун.
Мæ фæстети – мæ фæсмонтæ,
Мæ развæндаг – æведæн.

ХОЗИТЫ Барис

ХÆДÆФСАРМ АДÆЙМАГ ÆМÆ КУРДИАТДЖЫН ПОЭТ

«Цæуй мæбæл ауал анзи...»

Колиты Витали

Ирон æмбисонд хуымæтæджы нæ зæгъы: «Хъысмæт цы скæрда, уый – æвзаринаг!» Курдиат у сфæлдыстады астæумагъз, Хуыцауы лæвар, поэтæн йæ хъысмæты хай. Поэты зæрдæйы уый фесты æвидигæ суадон. Æркæсæм-ма Колиты Виталийы сфæлдыстадмæ. Судзин голладжы бамбæхсæн куыд нæй, афтæ нæй бамбæхсæн æцæг поэзийы уидæгтæн дæр, уымæн æмæ уыдон æнæмæнг суадздзысты сызгъæрин тау.

Колиты Оледжы фырт Витали райгуырди 1959 азы Тъæнджы мæйы, Ног азы къæсæрыл Къостайы хъæуы (Лабæйы). Хæрзчысыл ма куы уыдис, уæд йæ мад æмæ йæ чысыл хоимæ æрцардысты Æрæфы районы Æхсæрысæры хъæуы. Æргъиу-æвзонг ма куы уыдис, уæд хæдзары уæз æрæнцад йæ уæхсчытыл, фæлæ зындзинæдтæй нæ фæтарст: архайдта йæхиуыл дæр, нывæста йе ‘мдзæвгæты рæнхъытæ, афтæмæй дзырдаивады мидæг агуырдта йæхи фæд, йæхи æрмдзæф, йæхи зарæг. Каст фæцис Æхсæрысæры астазон æмæ Мацутæйы астæуккаг скъолатæ, стæй Цæгат Ирыстоны Хетæггаты Къостайы номыл университет. Куыста мадæлон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæгæй Камбилеевкæйы скъолайы, сæххæст кодта йæ паддзахадон хæс æфсады рæнхъыты (1983–1985), уыди Горæтгæрон районы газет «Фидиуæджы» тæлмацгæнæг (1985–1990), 1991-æм азæй фæстæмæ та – ныр 28 азы дæргъы – у литературон-аивадон æмæ æхсæнадон-политикон журнал «Ирæфы» бæрнон секретарь.

Витали комдзог никуы рацыд йæ мады æвзагыл, никуы ауæй кодта йæ сыгъдæг уды бæллицтæ. Йæ зæрдыл æдзух лæууыди фыдæлты фæдзæхст: «Хъысмæт дын цы сныв кæна, уый – дæ цæсгом». Йæ поэтикон уацмыстæ иу æмæ дыууæ хатты нæ фæзындысты Ирыстоны газеттæ æмæ журналты. 1979-æм æмæ 1986-æм азты – мыхуыргонд æрцыдысты иумæйаг æмбырдгæндты –

«Судз, ме стъалы» æмæ «Æмзæл зарæг»-ы. Нæуæдзæм азты райдиан ын йе ‘мдзæвгæтæй иукъорд уырыссаг æвзагмæ ратæлмац кодта поэт, Пушкины номыл дунеон премийы лауреат Къибирты Тимур.

Фæлæ Колийы-фырт ирон æмæ дыгурон чиныгкæсæгæн зындгонд у, фыццаджыдæр, йæхицæн цы æмдзæвгæты чингуытæ рацыд, уыдонæй. Хицæн æмбырдгæндтæн сæ фыццаг – «Уаза» (Ир, 1991). Чиныгкæсæгмæ æххæстæй фæхæццæ сты поэты сыгъдæг æнкъарæнтæ æмæ æнæхин удыхъæд. Техникон æгъдауæй чиныджы фæрстыл æмбæлæм куыд классикон стихамады бæрцбарæнтыл (ямб, хорей, анапест, дактиль, амфибрахий), афтæ сæрибар æмдзæвгæйы хуызтыл (верлибр, урс æмдзæвгæ) дæр. Поэтикон æрмадзы уæрæх жанрты алдымбыд авторæн фадат радта йæ авналæнтæ фæуæрæхдæр кæнынæн. Поэт æрдзон уидæгтæй фидар баст у фыдыуæзæгимæ:

Цæргæсæн арвмæ стахт æй гæзæмæ,
Нæ цæруй æнæ зæнхæ цæргæс.
Æз дæумæ æрæздæхдзæн фæстæмæ,
Æз дæумæ æрæздæхдзæн, мæ къæс.

Поэт йæ алы уацмысæн дæр æргом кæны йæ астæумагъз:

Мæ зар – мæ реуи сонт æвзарæ,
Уадæ – æ базур мæ бæхæн.
Цийййес разæй – тухст, гъезæмарæ,
Нæййес фæстæмæ æздæхæн.

Æмдзæвгæты рæнхъытæй райхъуысынц поэтæн йæ зæрдæйы цæлхъытæ, фенæм ын йæ мæт, йæ катай, фенæм лæджы хъысмæт цард æмæ мæлæты, рухс æмæ тары æхсæн арæныл:

Кæнун хæлæф, зæнхуæз мæ мæтæ,
Цард ба – арвферттивди гæрах.
Ку мах фæгъгъазæн нæ хъисмæтæй,
Ку е æ къохмæ райсуй мах...».

Хæхбæсты поэтæн зынаргъ у алцыдæр, суанг хъæддаг зайæгойтæ æмæ къутæртæ дæр. «Пихцил могæ»-йы сындзытæй дзаг къалиуты дæр тæлфы йæ уды хъизæмар. Æрымысыд йе ‘взонгад, йæ фыццаг уарзт, мугæйы «пихцилсæр» къутæр иунæг æвдисæн кæмæн уыд, уый, æмæ ногæй пиллæттæ скалдта йæ уарзты «бадт артдзæст».

Æрæфы донау, лирикон хъайтарæн аивгъуыдта йæ хурджын æнæмæт дуг, æмæ йæ фæллад риуы æрбынæттон сты сагъæс

æмæ мæт. Фæлæ уæддæр йæ зæрдæ агуры рухс сæнттæ, бæллы кæддæры тар æхсæвты сусæг уарзт ногæй бавзарынмæ («Имисуйнаг»).

Колиты Витали йæ фыццаг чиныджы йæхи равдыста курдиатæй æххæст поэт æмæ æргомзæрдæ лæппуйæ.

Цард цард у, вæййы дзы райдиан дæр æмæ кæрон дæр. Цардыуаг æмæ хъысмæты къæсæрæй автор æнæнхъæлæджы рахызти «Фæстаг æмдзæвгæ»-йы хъуырдухæнтæм. Цæмæн æй бадомдта – йæ фыццаг чиныджы – фæстаг уацмысы рæнхъыты сагъæс? Поэт нын зæгъынмæ хъавы: алы ног æмдзæвгæ дæр хъуамæ фыст цæуа, цыма дын æппæты фæстаг æмдзæвгæ у, афтæ. Йæ рæнхъытæ хъуамæ барст цæуой «дзилли фарни рæстбарæ тæразæ»-йыл, цæмæй йын бантыса «фæлдесонди бæрзонддæр исконд»-мæ схизын. Æмæ уæддæр йæхиуыл нæ фервæссыди Витали æмæ нымдгæнгæ зæгъы:

Кæд дæ сæрмæ не схъæрттæн, Поэзи,
Раба кодтон уæддæр дæ усхъæн.

1997 азы фæззæджы райдианы мыхуырæй рацыди Виталийы æмдзæвгæты дыккаг æмбырдгонд «Сæхолæ» (Йр, 1997). Сæхолæ – Дыгургомы дыууæ хайы чи иу кæны, уыцы цæугæдон. Чиныгимæ чи базонгæ уа, уый бафиппайдзæн иу хъуыддаг: «Сæхолæ» канд хæхбæстæ нæ иу кæны, фæлæ – чиныгкæсджыты зæрдæтæ дæр. Чи зоны, гъе уымæн у æнцон кæсæн, æнцон æмбарæн. Поэтæн йе ‘рмдзæф у арв æмæ æрдзы лæвар. Уыимæ бæрæг у – уæхскуæзæй бирæ фæкуыста æмдзæвгæйы стихамадыл, фæлгонцтæ аразыныл, æмæ йын уый æнтысгæ дæр бакодта. Витали ныфсджынæй бакъахдзæф кодта сфæлдыстады тыгъдадмæ æмæ йæ хуыздæр æмдзæвгæты схызти бæрзонд æмвæзадмæ. Бæрзонд æцæгдзинад у йæ хæзнаты хæзна. Уый фæрцы у поэтæн цард æмæ мæлæты, фыд æмæ хорзы æхсæн тох йæ сæйрæгты сæйраг. Уый йын скъуыны йе ‘нæнцой зæрдæйы тæгтæ, æрдз æмæ йæхиимæ иунæгæй куы аззайы, уæд. Йе ‘мдзæвгæты хæлбурцъ кæны, æнæрынцойæ цæгъды фæдисы дзæнгæрæг не змæст дуджы катай, маст æмæ хъынцъым. Нæ цæстытыл ауайынц, автор цы хæхбæсты схъомыл, уый нывтæ. Æцæг, æппæты сæйрагдæр хъуыдытæ, æнкъарæнтæ арф æвæрд сты мидæгæй, поэты зæрдæйы:

Уæддæр мин ду цидæр æндæр адæ
Фæккæнис, – мæ зæрддаг – Иристон.

Ци дæ радæ, ци ба мин дæ кадæ –
Уоди хъаурæ дæуæй фæйистон.

Дыккаг чиныджы ма хорзыл банымаинаг у, поэт йæ романтикон зæрдæйы уаг кæй бахъахъхъæдта, уый (æмдзæвгæтæ «Фун», «Амуран», «Лæгæти», «Цæргæс», «Фарст»). Уыцы уаг поэт райста, фыццаджыдæр, Малиты Георги æмæ Багъæраты Созырæй (Сæ нæмттæ дæр сын хуымæтæджы не ссардта сæрмагонд æмдзæвгæтæй: «Малити Георгий цард имисгæй», «Созур Багъæрати»).

Æцæг, афтæ хъуыды кæнæн нæй, æмæ Витали у æрмæстдæр романтик. Йе ‘мдзæвгæтæ бирæвæрсыг сты, иуæй-иу хатт йæ зæрдæйы уаг аивы строфайæ-строфайы æхсæн дæр, рæнхъæй-рæнхъы æхсæн дæр. Æмæ уæд ирддæрæй разыны йæ цæстæнгас нæ алыварс дунемæ:

Тар изæр... Æрхæндæги хæцъелæ
Зæрдæбæл дувæтъонæй тухсуй.
Фудæнсæндæ æма ристæууелæ
Уоди цъаймæ донау лæдæрсуй.

Æмткæй райсгæйæ, «Сæхолæ»-йы кæд аирвæзтысты хицæн аиппытæ, уæддæр ахсджиаг у йæ романтикон ахаст, лирикон хъайтары бæллицты хал. Уымæн æмæ æнæ бæллицтæй цард, уæлдайдæр та поэзи – ницы сты! Уым æвæрд ис, хъуыдыйы цæхæр æмæ рæстæджы дадзинтæ кæм тæлфынц, поэты уыцы рæстдзинад. Йе сфæлдыстады, дзуарæвæрдау, æддæг-мидæг ауадысты зæххон æмæ æрвон æнкъарæнтæ. Поэт йе ‘мдзæвгæты Сæхолæйы былгæрæттыл цы ‘мбисонды рæсугъд бæлæстæ ныссагъта, уыдоныл Ногбоны зазты фæлындæнтау æрцауындзæг сты арвæрдыны хуызтæ æмæ арвæрттывды рухс тæгтæ.

Колиты Виталийы æмдзæвгæты æртыккаг чиныг «Мæ царди ниваæ» (Ир, 2006) мыхуыры фæзынд 12 азы размæ. Фидарæй зæгъæн ис: хæдбындур поэт ныфсхастæй цæуы йæхи фæндагыл, гом кæны ног арвгæрæттæ. Чиныджы уынæм фæлтæрдджын æмæ гæрзарм поэты миддуне, йæ ног уæлахизтæ, йæ царды ахсджиаг нысантæ.

Дзыллæимæ ныхас кæнынмæ йæ æвдисæнтæ нæ хъæуы: уый нæ, фæлæ се ‘хсæн бастдзинад куы нал уа, уæд æй цард дæр нал хъæуы:

Æма дзиллæн æз кæд нæбал дæн,
Корун ди, Хуцау, уæд,

Фесафæ мин мæ бæлдæ,
Рарветæ мин мæлæт!

Колийы-фырт æмдзæвгæтæ фыссы, æрвылбон царды йæ алыварс цы уыны, уый аивадон хуызы фæлгъаугæйæ. Йæ поэзи суадонау цæвы йæ зæрдæйы рæбинагдæр къуымæй, мæнг æнкъарæнтæн бынат кæм нæй, уырдыгæй. Арæх æй йе сфæлдыстады тыххæй бафæрсынц: «Гæр, æндæр неци куст ес дæуæн?..» Æмæ сын йæхирдыгонау дзуапп ратты:

Æмдзæвгæ ба, цæстæ цал фæраза,
Уæдмæ уодзæй мæ царди цибæл.
Цалинмæ мин мæхе нæ ниууадза, –
Агорæг зелдзæнæн æ фæдбæл.

Поэтæй рох никуы уыдис нæ фыдæлты куырыхон æмбисонд: «Хъысмæты хæс – кæронмæ хæссинаг!». Хъысмæты хæс «Царды нывы» авторæй рох никуы уыдис, æмæ йæ бирæ азты дæргъы хæссы дзырдаивады сæрвæлтау – сæрыстырæй, хæдæфсармæй, уæзданæй...

Æвзарæн рæстæг æцæг поэтæн свæйыы йæ цардхъомыс, йæ уæлтæмæнады суадон. Ахæм поэтты рæгъмæ, æнæмæнгæй, ахæссæн ис Виталийы. Ног цинтæ æмæ нæ ног сагъæстыл нæ бафтыдта йæ цыппæрæм чиныг «Зæрдæмбæлæ» (Ир, 2012).

Æз дис фæкæнын, йæ чингуытæн цы æлвæст æмæ цыбыр нæмттæ ратты, ууыл. Иуырдыгæй зæрдæйыл æмбæлынц, иннæрдыгæй уацмысты мидис æххæстæй æвдисынц. Афтæ та рауад ацы хатт дæр: чиныг гом дæр нæма бакæныс, афтæмæй цыдæр хъарм уылæн адæймаджы зæрдæйыл сæмбæлы. Æмæ уый адыл цыдæр æхсызгон æнкъарæнмæ æнхъæлмæ кæсын райдайæм:

Мæ къæдзос арв æма мæ зæнхбæстæ,
Мæ нийыерæг, мæ хъаурæ дæттæг;
Дæ гъар уозæлд, дæ берæ стур хуæрзтæн
Æрцудæй ихæсфедæн рæстæг.
Фæсуæззау тухст æмæ æргомдзорæй
Зæрди тунтæй ци зар алвистон –
Дæу нивонд æй кæнун, мæ Дигорæ,
Дæу нивонд æй кæнун, Иристон!

Ацы рæнхъытæ мæм фæкастысты дзуапдæттæн хатдзæджы хуызæн. Æцæгæйдæр, æрцыдис йæ хæсфидæн рæстæг. Фæлæ диссаг æндæр хъуыддаг у: 8 рæнхъы мидæг куыд бантысти

поэтæн ахæм стыр хъуыдытæ бавæрын? Сæ мидæг хæссынц зæрдæскъæфæн сагъæс æмæ рæстæджы комулæфт.

Æмдзæвгæты æмбырдгондмæ цы поэтикон уацмыстæ хаст æрцыдис, уыдоны æхсæн рахицæн кæнын æмбæлы, ног зæлтæ, ног хъуыдытæ æмæ ног мидис кæмæн ис, уыцы рæнхъытæ, сурæттæ, сагъæстæ. Уыдон æгасæй дæр райгуырынц поэты нæртон удыхъæдæй. Йæ хъизæмар æмæ йæ уды сæрибар ныфсы хос сты йæ романтикон ахастæн. Йæхæдæг куыд хуымæтæг у, афтæ хуымæтæг æмæ уырнинаг сты йæ сурæттæ дæр, раст сæ цыма иууылдæр сабитæн фыста, уыйау сæ мидисамад у æнцон æмбарæн æмæ зæрдæмæдзæугæ.

Поэт йæ зæрдæмæ хъусын кæй зоны, уый йæ фервæзын кодта ихсыд ныхæстæй æмæ æрдæгæууылд хъуыдытæй. «Зæрдæмбæлæ»-йы лирикон хъайтар æгасæй дæр йæ уд нывондæн хæссы уды сыгъдæгæн. Æнæ уымæй арф æнкъарæнтæн уæвæн нæй. Æмæ чиныджы автор уыдоныл амайы йе сфæлдыстады мæсыг. Амайы йæ йæ удтухæн, йæ хидвæллой æмæ йæ уæлмонц уды цырагъы рухсмæ. Уымæй стырдæр хæс ирон поэтæн нæй ацы хуры бын.

Колийы-фырт канд поэт нæу, фæлæ ма бирæ азты дæргъы, уæлдæр куыд загътам, афтæ удуæлдай куыст кæны журнал «Ирæфы» – 1991 азæй фæстæмæ. 28 азы – 28 боны не сты. Цал къухфысты, цал радон номыры бацæттæ кодта мыхуырмæ, уыдонæн, æвæццæгæн, банымайæн дæр нæй. Журналы авторты нымæц дæр чысыл нæу. Уыимæ сæ алкæмæн дæр ис йæхи удыхъæд, йæхи зæрдахаст. Æмæ сæ алкæйы (уæлдайдæр æвзонг авторы) зæрдæмæ дæр агурын хъæуы сæрмагонд фæндаг, цæмæй дæм йæ уацмысмæ цы фиппаинæгтæ ис, уыдон бамбара, æнæзæрдæхудтæй сæ бахынца æмæ йын исты ахъаз фæуой. Æцæг, афтид фиппаинæгтæй уацмысы фæдыл ныхас амайæн нæй. Къухфысты мидæг иунæг хъуыдыйад куы бæзза «зæххæй сисынмæ», уæддæр хъуамæ редактор ма фæзивæг кæна æмæ йæ ныффыссæгæй раппæла. Уымæй йын йæ базыртæ нæ сæтты, фæлæ йын уыйхыгъд дæтты ахсджиаг ныфс, æмæ йын, чи зоны, уый дæр ахъаз фæуыдзæн йæ дарддæры сфæлдыстадон куыстæн.

Колийы-фырт журналы редакцийы бæрнон бынат кæй ахсы, уый дзы рох никуы вæйиы, цыфæнды лыстæг хъуыддæгтæм дæр кæсы лæмбынæг цæстæй. Уымæн æмæ хорз æмбары, чысыл æнтыстæн дæр йæ бон у, хъæмпы халау, стыр уæлтæмæны зынг расайын. Витали арæх фæзæгъы: «Махмæ ахæм стыр литера-

турæ нæй, æмæ курдиаты стъæлфæнтæ алырдæм ракал-бакал кæнæм». Раст у фæлтæрдджын редактор: «Раттаджы къух – райсаг у!» Дзырдаивады хъуыддаг дæр афтæ: автор хорзæй куы ницы зæгъа, уæд дзы чиныгкæсæг ницы райсдзæн. Хохы иу чысыл дур йæ фæдыл дурлæсæн куыд расайы, афтæ хицæн ног ссард хъуыды дæр хъуамæ суа ног уацмысы райдиан... Фæлæ уый бафиппайынæн хъæуы зæды зæрдæ. Уыимæ цыфæнды дзырдфæлдисæгæн дæр аргъ кæнын хъæуы объективон æгъдауæй. Æмæ уымæ гæсгæ редактор хъуамæ уа æргомдзырд. Витали хайджын у, редактормæ цы домæнтæ ис, уыдонæй.

Колиты Витали фыццаджыдæр у хæдæфсарм, цæсгомджын адæймаг. Йæхиуыл никуы фервæссыд, фæлæ ныфсхастæй цæуы сфæлдыстадон фæндагыл, агуры ног авналæнтæ, ног мадзæлттæ. Уæрæх пайда кæны адæмон сфæлдыстадæй, дунеон литературæйы æмæ мадæлон æвзаджы суадонæй. Кæддæр дзы Малиты Васо раст загъта: «Ис ын йæхи хъæлæс, йæхи сæрмагонд интонацитæ, йæ нывтæ сты цæстуынгæ, ахадгæ. Æнцонæмбарæн, сыгъдæг адæмон æвзаг ын йæ уацмыстæ кæны зæрдæмæдзæугæ» («Судз, ме стъалы», Ир, 1979.). Уый уымæн афтæ у, æмæ поэтæн йæ уацмыстæ гуырынц йæ зæрдæйы арфæй, æхсиды сæ йæ риссæгтæ, йæ сагъæстæ йæ цинтæй. Йæ лирикон фæлгонцтæ, хæххон суадонау, лæдæрсынц зæрдæйы зондæй – зонды зæрдæмæ. Колийы-фырт йе сфæлдыстадон фæндагыл цас дарддæр цæуы, уыйбæрц кæрæдзимæ æввахсдæр кæны дзырдæн йæ хуыз æмæ йæ мидис, аив æмдзæвгæтæ фæлдисы ауон æмæ рухсы, фидæн æмæ ивгъуыды арæныл.

СФÆЛДЫСТАДОН БЫНТÆ

ХОДЫ Дзаххотт

ЧИ КÆЙ?

Фельетон

Ацы фарста стыр хъуыддаг у. Советон Цæдисы лыггонд цыди социализмы пайдайæн. Фæлæ йæ алы ран афтæ не ‘мбарынц æмæ не ‘вæрынц.

Зæгъæм, дзырдæн. Даргъ-Къохы «Хорцæдисы» кусджытæ цалдæрæй сфæнд кодтой «Чи кæй?» фарстайыл фæуæлахиз уæвын. Æмæ сын æнтысгæ дæр бакодта.

Бадынц цыппарæй дуарæхгæдæй. Аныгъуылдысты цавæрдæр хъуыдыты мидæг.

Суанг мæймæ тæхынмæ дæр ма хъавыдысты. Тыхсынц. Уæд сæ иу загъта: «Ныуадзут уæ арф хъуыдытæ, фæлæ мæ зæрдæ агуры карчы дзидза».

Дыккаг загъта: «Карчы дзидза æвзæр нæ хуыдтой нæ фыдæлтæ, фæлæ ма гогызы дзидзайæ иу хатт дæхи бафсад».

Æртыккаг загъта: «Карчы æмæ гогызы дзидза арæх хæрæм, фæлæ куыд фехъуыстон, афтæмæй æрыгон къамбецы дзидза æмбисонд хонынц, раст мыдадзы хосау. Фæлæ кæм уа!»

Сæ комыдæттæ риутыл згъорын байдыдтой уыцы ныхæстæм гæсгæ. Уæд сæ цыппæрæм æмбал Алыксандр ферваæзын кодта. Уый загъта: «Кæд къамбецы дзидза афтæ хорз у, уæд уый мæ бар фæуæд. Мæнæ нæ сыхаг Муссæмæ ис дыууæ къамбецы. Иу къамбецæй нæ фæмæгуырдæр уыдзæн».

Сразы сты. Аргæвстой йæ. Бахордтой йæ. Сæ ахсæнтæ куыд куыстой, уый бæлвырд нæ базыдтон, фæлæ сæ дзуапп дæттын куы бахъуыд тæрхондоны раз, уæд сæ сæртæ тынг æвзæр кæй куыстой, уый хорз базыдтон.

Æрæджы та «Хорцæдисы» кусджытæ кæмдæр арахъхъ базыдтой æмæ йæм афæдис кодтой, сæ разæй Ибрагим, афтæмæй, кæнæ мах нал уыдзыстæм, кæнæ арахъхъ, зæгъгæ. Ацы ран дæр та фæтых сты арахъхъыл, скуынæг æй кодтой. Рацыдысты. Ибрагим сæ разæй цæуы. Кæсы, æмæ мæнæ йæ разы фаджыс ныццæхгæрмæ. Чи кæй?

Ау, ды мæ куыд бауромдзынæ, зæгъгæ, йæхи фæхъæбатыр кодта, фаджысыл комкоммæ бацыд æмæ йæ уæлæ ныццæхгæр. Нал сызмæлыд.

Иннæ æмбал Хæчъа уынджы кæронмæ куы бахæццæ, уæд къанауы чысыл доны хъуыр-хъуыр йæ хъустыл ауад. Чи кæй? Æз дæуæй фæтæрсдзынæн, зæгъгæ, Хæчъа хъæбатыр гæпп бакодта, æмæ къанауы хидæвæрдæн ныццæхгæр. Басаст дон, уæдæ цы уыдаид. Фыццаг ауайынмæ хъавыд Хæчъайы бынты, дарæсы йын цы ахъарын хъуыд, фæлæ йæ гуыбынмæ куы бахæццæ, уæд ма йын цæй цæуæн уыд, æмæ уым мал кæнын байдыдта.

Æртыккаг – Миша – къанауыл бахызт, фæлæ йæ сфæндыд йæ лæджыхъæд уынджы бæстастæу равдисын. Амбылдта уый дæр сæ «Чи кæй?» фарстайы. Колхозон бæхтæ ахæм фыдæмпъызт цæлхдур никуыма федтой, æмæ-иу хуыррытгæнгæ йæ фæрсты ацыдысты.

Диссаджы хъæлдзæг зард кодтой хæфсытæ цъымарайы, сæ куыстытæ, æвæццæгæн, конд фесты, сæ хъуыдыйы кæрон дæр нæ уыд искæимæ «Чи кæй?» тох кæнын. Фæлæ Алыксандр цъымарайы тæккæ астæу куы скуыси, уæд сæ уд сæ къæхты бынæй ауад, доны сæхи бакалдтой, сæ бынат ныууагътой Алыксандræн.

Диссаг у, æвæдза, хъуыддаг. Кæй кой кодтам, уыдон, æвæццæгæн, сыстадаиккой, сæ расыг куы ‘рцыд, уæд.

«Хорцæдис» цы мæнæутæ райста, уыдон ныккодта гонты, стыр гуыдыр сыл сæвæрдта, уый æдде ма сын хъахъхъæнæг нывæрдта цыппар дружинниччы. Афтæ куы бафæрсиккам: чи кæй хъуамæ хъахъхъæна: дружинæ мæнæуы, æви мæнæу дружинæйы, уæд ныл исчи фæхудид? Æмæ æцæгдæр – мæнæу искæйы нæ, фæлæ йæхи хъахъхъæнын дæр куы зонид, уæд-иу мыстæн дæр «макæ» зæгъид, фæлæ кæм! Чидæр фæтых мæнæуыл. Гон-

ты ма баззад æрмæст... цыппар къулы, мæнæу «фæдæлдзæх».

Кæй зæгъын æй хъæуы, хуы иннæ фосы мыггæгтæй бирæ æдзæсгомдæр у, фыдæхсæст, æнæмбаргæдæр у, уæздандзинадæй йæм ницы ис. Фыдуынд, æнад. Фæлæ «Хорцæдисы» кусджытæ æхсæны хорæй хуы куы балхæнынц æмæ йæ æргæвдынмæ куы рабынæй кæнынц, уæд хъыллист кæны, уæдæ æндæр цы йæ бон у! Дзурын куы зонид, уæд та афтæ зæгъид: «Сымах та мæнæй æдзæсгомдæр, мæныл йæ тых чи æвзары!» Ацы фарста «Хорцæдисы» кусджытæн сæхи бар куы баззайа, уæд æй сæхирдыгонау лыг кæндзысты, фæлæ курын прокурорæй, цæмæй сын уый дæр феххуыс кæна æмæ «Чи кæй?» фæстагмæ цæуыл алыг уа, уый «Рæстдзинад»-ы фæрстыл куыд фехъусын кæна.

«Рæстдзинад», 1932 аз

ХЪУЫЛАТЫ Ладимыр

ÆРТÆ ЗÆГÆЛЫ

Радзырд

Бон базмæлыди. Ног чындзытæ сæ сыхæгты рудзгуытæ гом кæнынц. Уасынц уасджытæ. Хъуысы Терчы сæр-сæр. Мæнæ устытæ дон фæхæссынц. Сæлимæт Госæдайы фæурæдта:

– Кыс-кыс! Æрæвæр-ма дæ бедратæ. У, Госæда, дæлæ Быдзыготæм диссаджы дæсны. Цæмæйдæриддæр æй бафæрсай – уайтагъд дын æй зæгъдзæни. Цыфæнды хъуыддаджы тыххæй дæр дын бæлвырд ныхæстæ ракæндзæни. Мацы йын бавгъау кæн. Алцыдæр исы. Æмæ кæд Батджерийæн исты хос скæнид...

Бады дæсны Гикка цъæтджын сынтæджы. Исчи йæм куы бацæуы, уæд ын сæрæй акувы æмæ уæздан хъæлæсæй фæзæгъы: «Куыд хорз адæм сты уæвгæйæ та ацы хъæу: фæлмæн, уазæгыл æнувыд, кæрдзындæттон. Æз тæккæ дæр ахæм адæмы уарзын».

Мæнæ бацыд уатмæ Госæда дæр. Гикка йæ хъæбысы стыр тæбæгъ бакодта, райста хъæдуртæ æмæ сæ æртыгæйттæй æвæрын райдыдта. Нæй, нæ бадынц йæ хъæдуртæ нывыл. Цыма сæ дзых æппындæр никæуыл ис, уыйау ныхъхъус сты! Ахæм «гоби»

хъæдуртимæ Гиккайæн йæ бон нал уыди дарддæр «кусын» æмæ бахудти Госæдамæ:

– Цæвиттоны хъуыддагæй, тынг æхсызгон хъæуынц æртæ зæгæлы. Зæгæлтæ хъуамæ уæ кæртæй рахæсгæ уой.

Госæда цæрдæг рауад, хъæуы дуканийы алхæдта зæгæлтæ æмæ сæ бахаста. Гикка æртæ зæгæлы куы ауыдта, уæд сагъдæй баззад, ныджджих. Æппынæрæджиау сфæрæзта:

– М' арт бауазал, адон та цы сты?

– Зæгæлтæ.

– Мæ хæдзар бахорз, æмæ дын æз ахæмтæ загътон?

– Уæдæ? Цæфхады зæгæлтæ хъуыд?

– Уæууа, ныр мæ куыннæ бамбæрстай? Æз зæгæлтæ цы хонын, уый зоныс? Цæрвджын уæлибæхтæ! Уæ гормон, хуымæтæджы адæмы хуызæн ын дзурæн нæй, Хуыцау мын æй нæ загъта, хъуамæ йæ фæсномыгæй æмбарат.

Цасдæр рæстæджы фæстæ Госæда, царвы чи ленк кодта, ахæм тæнцъар уæлибæхтимæ бараст Гиккамæ. Барухс дæсныйы зæрдæ:

– Афтæ, мæ хур, гъе! Уыцы ныхасмæ Госæда Гиккайы раздарæны дзыппы авæрдта иу туман, стæй йын йæ дæлармы бакодта æртæ метры сау сатин.

– Мæ хæдзарыл, цы дзæбæх хъуымац у? Нал уæм дзы ис? – бахудти Гикка, стæй райдыдта Батджерийы тыххæй. – Фырыты дзуар æй ралгъыста, æрæджы йын кусарт кæй нал акодтат, уый тыххæй. Найфаты кувæндоны йын кусарт акæнут. Найфаты зæдтæн уæ уæрджытыл лæугæйæ балæгъстæ кæнут... Йæд та, Госæда, иучысыл уæм зад нæ уыдзæн?.. Айсæтæн та Лæгтыдзуары аххос у, æмæ йæ мысайнаг... нартхоры голлаг. Сæлийæн – Мадымайрæмы аххос, йæ мысайнаг... фондз туманы... Дыккаг бон Гикка йæ «фæллæйттæ» Быдзыгойы хæрæгуæрдоны æрцамайын кодта, хæрзбон загъта Таладжыны хъæуæн. Стыр фæндагмæ йæ ныххæццæ кодтой Быдзыгойы дыууæ фырты. Уым ыл райæххæсткомы машинæ æрбамбæлд, æмæ Гикка Тæтæртуппы бынты дзæгъ-дзæгъгæнгæ ныффардæг Каконджыны хъæумæ йæ фæрныг хæдзармæ. Уырдыгæй ма райæххæсткомы сæрты Таладжынырдæм иу каст ракодта æмæ загъта:

– Хъæздыг хъæу у, æвæдза, Таладжын, стæй нæ райæххæсткомы сæрдары æфтæмæбил дæр дзæбæх у...

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

МÆ УДÆН ЙÆ ХÆТÆН – УÆЛАРВ

АВЕТИК ИСААКЯНÆЙ

Тары уый кæй марой у, кæй кæуын,
судзинæй мын чи схъауы мæ цæф?
Цæй, æгъгъæд у, стонг бирæгъ, нæ хъæуы,
мауал кæ мæ дудгæ мастыл цæхх.

Урс митыл дæ сау ауон æрхауди
мард уæрыккау. Баргъæвстæ бынтон.
Бирæгъы уд, дæн æз дæр дæу халдих,
дуне мын – фыдæвзаræн, зындон.

Иухуызон – нæ уаргъ æмæ нæ къæлæт:
æз дæуау æнæхæдзар дæн, иу.
Иу зæххыл æрцæудзæни нæ мæлæт.
Цæй, ныккæнæм, ме ‘фсымæр, æмниуд.

1977.19.09

ТÆППУД

(Хъуымыхъхъаг адæмон мотив)

Дуне – æнæсым, æнцад, –
тæппуд ысласта йæ кард.

Не знаг æд гæрзтæ ысбырсы, –
тæппуд æрныгъуылди пыхсы.

Хъæуы – чындзæхсæв, гуыпхъазт, –
арæзтæй тæппуд фæраст.

Айхъуысти: «Рацæут тохмæ!» –
Тæппуд фæлæсы йæ хъоргъмæ.

Нал и бæркадæн кæрон, –
тæппуд ысуагъта йæ рон.

Стынг и сæрибарыл хæст, –
тæппуд та хъоргъы ныллæст.

Дуне ныссабыр ныхъхъус и...
Тæппуды сластой йæ хъусæй...

1990.19.08

БУДЗИ ÆМÆ АСЛÆНБЕДЖЫ ДИАЛОГ

– О, Хъобаны хъалтæ сæ туджы фæмæцой,
цæуын дæр нæ нал уадзынц æмæ цæрын дæр.
Фæлидзæм, Аслæнбег, нæ фыдыуæзæгæй.
Нæ фысым – Цæронтæ Бæргъиуы.
– Цæронтæ сты рагæй сыл-хицау, нæл-æфсин.
Кæддæр, дам сыл авд лæгæй рафæлдæхт адæг.
Куыд бакæнæм се ‘вджид нæ сæртæ?

– Фæлидзæм, Аслæнбег, Хæрисджыны коммæ,
нæ фыды æрдхордмæ – Айдаболы фыртмæ.
– Тæрсын, Будзи, оххай, фыдæнхъæл куы фæуæм.
Айдаболы фырт, дам, мæрддзæст у, мæнгард лæг,
ис уымæн йæ зæрдæ йæ уæцъæфы, дзурынц.
Куыд бакæнæм йе ‘вджид нæ сæртæ?

– Мæ хъаймæт æфсымæр, фæлидзæм Куырттатмæ –
нæ иунæг хæрæфырт Ацынæгты Дзегмæ.
– О, уымæй дæр, Будзи, мæ зæрдæ нæу фидар:
нæ иунæг хæрæфырт сылвазæй ысхъæл у,
уый уазæгхор хонынц.

– Фæлидзæм, Аслæнбег, Уæлладжыры коммæ
нæ мадырвалæлтæм – ыстыр мыггаг Сехтæм.

– Бæргæ ысты, Будзи, ыстыр мыггаг Сехтæ,
æрмæст сæм тыхы бон нæ разынд læджыхъæд.
Куы бахъуыди амæлын Иры сæрвæлтау,
уæд уыдон та марзтой сæ Рекомы сойтæ.

– Цы бон ныл ныккодта, цы уынгæджы фестæм,
кæвдæсарды цардæй куынæуал фæразæм!
Аслæнбег, мæ ахсджиаг, хъæдмæ фæлидзæм,
нæ удтæ ныффæдзæхсæм рагон бæлæстæн.
– Мæ уарзон æфсымæр, абырæг мæгуыр у,
у тархъæд йæ хæдзар, у сыфтæр йæ гобан,
йæхæдæг та бирæгътæн холы.

– О, ацы кæлмхæрд зæхх... Мæ сæрæн дзы нал дæн.
О, ацы мæнг дуне... Кæдæм дзы фæлидзæм?
Кæдæм дзы фæлидзæм, læппутæ?..

1968.07.12

Авторы фиппаинаг. *Æмдзæвгæтæ «Аветик Исаакянæй», «Тæппуд» æмæ «Будзи æмæ Аслæнбеджы диалог» амæй размæ мыхуыргонд уыдысты, фæлæ дзы гуымиры рæдыдтæ аирвæзти, стæй сæм советон цензурæ фæныхылдта. Уыцы аиппытæ ам сраст кодтон.*

ДЗЕДЗЫРОЙ

Уæлæ халон фæтæхы.
Дзедз æмæ дзедз...

Ирон фольклорæй

Дзедзырой куы басгуыхтæ,
о бецау, мæ зæрдæ:
цас ныфс хъæуы, цас тыхтæ
Рæстæджы тæссæртты!

Кæн дыууæрдæм хъеллæуттæ:
барыс, мæйтæ, азтæ,
Рæстæг цыма де ‘рлæудæй
нал ацæудзæн размæ!

Раст цыма йæ фыдвæндтæ
бауæнддзæни махыл...
Дары нын хъыцъыдæттæ,
сау уæрмытæ къахы.

Дзедзырой, нæ Рæстæгæн
фидæм мах йæ хъалон.
Дзедзырой, мæ рæстзæрдæ...
Дзедз... Фæтæхы халон...

2018.21.05

МÆ ЦАРД

Цард хæлæгæй нæу.
Ирон æмбисонд

Цард мын нæ уыди хæлæгæй.

Цард мын уыди:
Æнайы хъæбысы
рæвдыдæй,
æвыдæй.

Цард мын нæ уыди хæлæгæй.

Цард мын уыди:
æгъатыр æнусы
мæ уарзты хæрзфынтæй,
фыдохы æрцытæй.

Цард мын нæ уыди хæлæгæй.

Цард мын уыди:
нæ фидæны охыл
фыдлæгтимæ тохæй.
Куыд бастадтæн, оххай!

Цард мын нæ уыди хæлæгæй.

Цард мын уыди:
тыхст æмæ уырдæй,
рыст æмæ рæдыдтæй.

Цард мын нæ уыди хæлæгæй.

Цард мын ыссис:
æрхæндæг-æрхуымæй,
зæронды гуым-гуымæй.

2018.09.05

* * *

Кæддæр Хуыцаумæ уыди Дзырд.
Фæлæ Хуыцауыл сайд æрцыд:
Дзырды ‘фсон сау хæйрæг фæзынд,
уæларвæй адæммæ æрцыд,
ыспаддзах ам Фæлитой-Дзырд.
Æлгъаг митыл уыд иблис ахуыр.
Кæсынц гæлхуыр удтæ йæ коммæ:
тæры сæ дойны фосау донмæ
æмæ... Æнæ донæй сæ здахы.
Цæрынц... Дæлимоныл æууæндынц.
Кæуынц... Сым ыскæнын нæ уæндынц.
Кæнынц Мæнг Дзырдæн арфæ, цыт...
Ай-гъай, нæ сæфты дуг æрцыд.

2018.09.05

ВЛАДИМИР БУРИЧÆЙ

1

Знон мæм афтæ фæкасти,
цыма æрхызти
арвæй Чырысти.

2

Ма тæрсут фидæнæй –
фидæн нæ уыдзæн.

3

Æмбисæхсæв фæрсагæй
кастæн мæ уатмæ,
фæлæ дзы нæ федтон мæхи.
Æмæ бамбæрстон:
нал дзы уыдзынæн рæхджы.

2018.08.05

ТРАМВАЙЫ

(Арти Парнмæ гæсгæ)

Ацы æвзонг чызг мын хъазы мæ удæй:
чиныджы аныгъуылд, раст цыма фурды.

Чиныг ныббуц и – ысчындис ын кад:
чызджы уæрджытыл уæлгоммæ ныххауд.

Чиныджы иннæ сыф, рафæлдæх, цæй, –
чызджы цæстытæн æнæ фенгæ нæй.

Цæнгтæ та, цæнгтæ... Зæды цæнгтау – урс.
Кофтæ, цъæх кофтæ – сæ рухсæй ныррухс.

Ноджы йæ зæнгтæ... О, дис, о, тæмæс! –
бонæй-æхсæвæй сæм кæс æмæ кæс!

О, фæлæ цæстытæ... Скæсут-ма, цæй!
Цавæр у – хай уын куынæ и цæстæй!

...Трамвай æрлæууыд. У хизгæ мæнæн.
Хуры цæстытæй æнæхай фæдæн.

Сагъдауæй стыр уынджы зæхмæ кæсын.
Чи дæн, кæм дæн, зæгъгæ, зæххы фæрсын.

2017.10.09

РОБЕРТ ДЕСНОСМÆ ГÆСГÆ

Дæ фидауцæн мæ зæрдæ – ахстон:
дæ ауон дæр мæ риуы хастон.
Дæ ауон дæр æз афтæ уарзтон!
Фæлæ мæ уый дæр ныр фæлидзæг.
Ныр чи дæн? Ничи! Ницы! Иунæг!
Ныр чи дæн? Ауæтты ‘хсæн ауон!
Æрхауын хурбонты дæ цуры, –
цæрын дæу фæрцы æмæ хуры.

2018.24.05

СЫФТÆРЫ МÆЙ. СÆУМÆРАЙСОМ

Бонвæрнон та фарн æрхаста:
дуне бахуызæнæн, худы.
Мæргъты цинбазыр хъæрахст та
тайæнтæ кæны мæ удыл.

Ехх, куыд уæм мæлын хæлæгæй,
о мæ базырджын хæлæрттæ!
Уемæ балцыты хæтæгæй
басгуыхид, бæргæ, мæ зæрдæ.

Зарут, мæргътæ, – цъалхæй-малхæй,
хъуысæд мин азты уæ зарæг!
Ис уæ алкæмæн йæхи ‘взаг.
Стут тæхудиагдæр махæй:
нæй уын уе ‘взæгтæм æвзидæг,
нæй уæ рухс хъæлæстæ марæг.

2018.22.05

ИЗÆРДАЛЫНГТÆ ХОХЫ

Цъырцъырæгтæн ралæууыд сæ рад:
амондау сын Нартамонгæ рард –
цалхыдзаг Мæй. Æмæ стынг и зард.

Зарæг ризы, уафы нын зæлдаг –
къаннæг удты сусæггаг æвзаг.
Нартамонгæ, райхал нын йæ уаг.

Арв фæлынды стъалытæй йæ рындз,
арвæй ныл зæрин тынтæ кæлынц,
зæххæй сæм цъæхснаг зæлтæ тæхынц.

Арв дæр, Зæхх дæр арфæтæ кæнынц.

2018.01.05

* * *

Нæ Ивгъуыдæн цагъар – нæ Фидæн,
æмæ йын бонтæй хъалон фиды.

2018.08.07

* * *

Стахти цадæй сихорафон ацц,
й‘ аууон дæр йæ хæдфæстæ ныйиарц.
Ацц ыстахтис урс мигъæй уæлдæр,
аууон атад къудзиты кæмдæр.

2018.17.07

АЦЫ РÆНХЪЫТÆ ВОЛЬТЕР НЫФФЫСТА ЙÆ МÆЛÆН БОН

Мæ цард уыди нæ мæнг дунейы тох:
Зонд амыдтон сæлхæртæ ‘мæ гæлхуыртæн.
Мæрдты дæр мæ мæ хæс нæ уыдзæн рох:
Уым сау æндæргты здахдзынæн рæстырдæм.

2018.14.07

МÆ УД ÆМÆ МÆ КЪУЫДЫР

Мæ къуыдыр фæуæззау æгæр,
нæ хъусы мæ удæн йæ хъæр.

Мæ уд æм фæсиды: «Тæхæм!»
мæ къуыдыр та – ударм, æдзæм.

Уд батыхсы, дзуры: «Æгъгъæд!»
Уæлиау æй сисы йæ фæнд.

Йæ тæхæн, йæ хæтæн – уæларв,
сæрсæфæнтæн сгары сæ арф.

Ысвæййынц ын мæрдтæ æгас –
æмгæрттæ – фæкæнынц ныхас.

Цы дзурынц æмгæрттæ мæрдтæй,
уый æгæстæн бамбарæн нæй.

Нæ сæ ‘вдæлы: алчи йæ хай
рæдувы. Цард тох у, ай-гъай!

Мæ уарди-уд, тæх æмæ тæх –
фæцæрынæн нал бæззы зæхх...

2017

БОНЫЦЪÆХТÆ КАРЦАЙЫ

Бонвæрнон-фарнхæссæг арвæй
дунемæ худы.
Булæмæргъ тархъæды тарфы
бацыд йæ удæй:
дисы æфтауы йæ зард,
бæстæ йæ зардæй æрцард.
Арфæтæ стъалы ‘мæ маргъæн:
рухс дзæнæт сарæзтой махæн.

2018.16.07

ДЗЫРДДАВ ГУЫБА

Раст ныхæстæ рæсугъд нæ вæййынц,
рæсугъд ныхæстæ раст нæ вæййынц.
Япойнаг æмбисонд

Къæйæ хъæбæрдæр у йæ ных,
тæры йæ алкæм, алкæд размæ.
Ис амæн йе ‘взаджы йæ тых, –
дзырдифтонг, гарзифтонг ныхасмæ.

У рагæй хицæуттæн фискал:
дзырддав, дымысдæр æмæ комдзог.
Фæкæны афтæмæй амал
æдзух йæ уарзон удæн комдзаг.

Куывды уа, хисты уа, хуынды, –
«Дзырды бар!» – хистæртæм лæбуры.
Æмæ та скусы дзых: кæрды,
кæны зыввыттытæ, лæхуры.

Уый циу? Дзых æви агрегат?
Кæм ма ис уромæн фыдгуырды!
Хъуыддатт... Хъæлæсыдзаг хъуыдатт,
«хъуытт-хъуытт» – йæ ныхæстæн сæ хъуыды...

2018.13.07

МЕНАНДРЫ АФОРИЗМТÆ

* * *

Нымай йæ афтæ: у нæ цард бæрæгбон:
Лæгдзыгуыртæ, хъæртæ, дæвдтытæ, загъд,
Сæйдтытæ, базар, тугкæлдтытæ, тохтæ.
Дæхи куы айсай рагацау сæ цурæй –
Дæ амонд у: нæ дын уыдзæни знæгтæ.
Ныффæстиат дæ – сар дæ сæр, мæгуыр зæронд,
Æнæхæдзар, дзæгъæлхæтæг, хæрз иунæг,
Æппæтæн дæр – æнæуынон, æлгъаг.
Дæ мæлæт дæр – æнафоны, æвирхъау.

* * *

Рæстаг зондæн ис алы ран дæр кувæндон.
У зонд хуыцау, æппæт дæр зоны рагацау.

* * *

Æппæты зындæр а дунейы циу?
Хæрз мæгуыр лæгæн хиуæттæ ыссарын.
Нæ йæ нымайы иунæг дæр йæ къабазыл.
Фæхæцынхъуаг у, о, фæлæ дзы алчидæр
Тæрсы æмæ фæлидзæг вæййы дардмæ.

* * *

Цагъар уæвыныл адæймаг куы сахуыр уа,
Уæд уый цы у? Æлгъаг æмæ æнаккаг!

* * *

Кæмæ и зонд, кæмæ и ноджы ‘хцатæ,
Уый амонджын у: схардз сæ кæны раст.

* * *

Дæ урс хилтæ дæ зондыл дзурæг не сты –
Нæ иуæй-иутæн æрдз дæтты йæ зонды рухс.

* * *

Кæй хонынц хорз фыд? Йе ‘рхъуыды йæ мастыл
Кæмæн кæны æппынæдзух уæлахиз.

* * *

Закъон фæдомы алкæмæй: ныййарджытæн
Табу кæнут, æвæрут-иу сæ зæдты ‘мсæр.

* * *

Сылгоймаг кæм уа, уым уыдзæн хæрам дæр.

* * *

Зæронд усы ысмæсты кодтай? Абабау! –
Уый фестдзæни хъæхъхъаг куыдзæй æгъатырдæр!

* * *

Æфсармджын ус – хæрзгæнæджы хæзнадон.

* * *

Ай-гъай, хъæздыг дæ – авнæлдтай æгæр:
Фыдгæнджытæн сæ бынæй ласгæ сдæ.

* * *

Зыд кæнын у æвирхъау ми. Ды хъавыс
Дæ сыхаджы мулк рассивынмæ. Тæрс
Дæ бирæ бынтæн. Ахызтæ бæрцæй
Æмæ гаффуттæй аззайдзынæ иу бон.

* * *

Æввонг æхцатæ... Бафтау сæм бæрзонд бынат,
Зæххардыстæн, уæд сæрра уыдзæн зондджын дæр.

* * *

Рæсугъд ныхæстæм рахызти фыд-зæрдæ лæг:
Æлгъагдæр ма нæ дунейы цы ис?

* * *

Кæмæндæриддæр у йæ зонд йæ хуыцау.

* * *

Хуыцау хъуыддæгтæ аразы æнæсымæй.

* * *

Сты амондджындæр, зондджындæр лæгæй
Сырд æмæ фос. Æрбакæс-ма хæрæгмæ.
Æнхъæлæм æй æнамæндты цыфыддæр.
Фæлæ йын æрдз цы саккаг кодта, уый
Кæны æдзæмæй, амондыл нæ тыхсы...
Уæд адæм та? Цы нæ мысынц сæхиуыл!
Æхснырсæд исчи – нал вæййæм нæ чемы.
Тызмæг ныхас нын судзгæ маст æрхæссы.
Ныууасыд уыг – æмризæджы нырризæм.
Фыдфынтæ фенæм – бафты ныл æрхуым.
Закъонтæ, тохтæ, дам-думтæ... Цæвиттон,
Цыдæр хъылматæй, ницытæ ‘мæ мацытæй
Фæрнæйдзаг æрдзмæ бакодтам æмхасæнтæ.

2018.10.11

ХАКАНИЙЫ РУБАИТÆ

1

Ды иблисы фæсдзæуин дæ, бецау,
Дæуæн нæй дин дæр, нæй дæуæн Хуыцау.
Дæ зонд – ызгæ, дæ фæндæгтæ – тæссæрттæ,
Дæ хæцæнгæрзтæ – какола ‘мæ дау.

2

Кæрæфы хъæбул дæ, мæгуырæй хъæздыг дæ.
Дæ хойраджы ад дын нæ зоны мæлдзыг дæр.
Æнæбон мæгуырæн нæ раттыс къæбæр.
Цæр мин азты афтæ – гæвзыккæй гæвзыкдæр!

3

Дæ зæрдæ дын судзы йæ маргæй сайтан.
Фæзæгъыс: кæнынц мыл уæлæрвтæ айуан.
Ис а зæххыл марг дæр, ис ноджы рæстдзинад,
Нæу аххосджын арв дæр – æрвиты нын фарн.

2018.07.11

ХАКАНИМÆ ГÆСГÆ

О Хакани! Тæрс адæмы фыдæхæй,
Фæлæ сæ хиз фыдæх æмæ бæллæхæй!

Рæстзæрдæ у, дæ сыгъдæг намыс хъахъхъæн
Фæлитой митæй, хъоды-иу сыл бакæн.

У иугъæдон, тæргæйтты мæйау, ма ив.
Уæддæр дæм адæм агурдзысты аипп.

Нырма сæ уæх нæ раргом ис æххæстæй,
Нырма лæууынц сæ сау митæ æмбæхстæй.

Фыдæх цæуы æрвон бæстæтæй зæхмæ,
Лæг ма æмхасæн бакæны фыдæхмæ.
О Хакани, фыдæх-иу бафид хорзæй,
Æрмæст æй адæм не схондзысты хорзæх.

Сæ фарс-иу рахæц алкæд æмæ алкæм,
Уæддæр æй зон: дæ фыдгултæ сты адæм.

2018.13.11

ПОЛОНСКИЙМÆ ГÆСГÆ

* * *

Фурдæй раленк кодта мигъ.
Арв нæры. Ныккалдзæн их.
Мæн цы хъуыддаг и уæлхохы?
Улæфт нæй, уæддæр хæссын
Уаргъ. Æгæр уæззау у, оххай!
Сæры – знæт хъуыды: тыхсын.
Монц та – хивæнд, сиды тохмæ.
Риуы сау калмау хуыссы
Хъыг, уæззау. Уæддæр быхсын.

2018.05.11

* * *

Æнусты тарæй музыкæ æрхъуызыд,
Æрвон æрфыты ахъардта уæззаугай.
Йæ разæй айста хаосы. Æнкъуысыд
Нæ дун-дуне. Цыма тыхдымгæ скатай.
Ыстъалытæн фæлыгъдысты сæ фынтæ,
Æндон тæнтау ныррызтысты сæ тынтæ.
Æхцон мелоди ивылд æмæ ивылд.
Зæххон цæрджытæй ферох и сæ ивгъуыд.
Кæй зонд уыд рухс, кæмæн радис йæ зæрдæ,
Уырныдта уый: æрдхæрæны зынг зæлтæ
Сты Сфæлдисæджы фарнхæссæг лæвæрттæ.

2018.05.11

АРАББАГ ÆМБИСОНД

Поэты бафарстой:
– Цы у иунæгдзинад?
Уый дзуапп радта:
– Адæмы ‘хсæн куы уай, уæд уый.
Стæй поэт радзырдта йе ‘мдзæвгæ:
«Куыд бирæ сты адæм!» – уæ ныхæстæ хъуыстон.
Рæдийут, мæ хуртæ – сты адæм хæрз цъус:
Нæ мæнгард дунейы фæцардтæн æнус,
Фæлæ дзы лæгау лæг нæ федтон, зæххыстæн.

2018.23.10

ФИДАРАТЫ Руслан

БАППÆРСТОН ÆЗ УАДЫ РАҒЪЫЛ САРҒЪ

* * *

Цыбыр у аз, цыбыр у дуг, –
Уæлдай нæ райсдзынæ æрдзæй.
Кæд уарзтæй батыхсы дæ туг,
Дæ аз уæд ахæсдзæн æрдзæ.

* * *

Зæхх у æгæрон
Тыхы фæндонæй.
Фæндон – æгæнон,
Æдых фæндон нæй.

Æз æй æмбæрстон,
Уый та мыл худти,
Æз, дам, æмбæстон,
Ды та, дам, тутти.

Ныр ном лæггадæй
Нæ кæны ничи:
Йæ кад æгадæй
Лæгыл ныйичъи.

* * *

Куы ис, куы нæй, куы ис, куы нæй,
Куынæг нæ кæны рис.
Нæ кæны, нæ, мæ цин куынæг,
Куы нæй, куы ис, куы ис...

* * *

Нæ сыгъдæг кæмттæ –
Æрвон дуар...
Фыдæлты нæмттæ –
Æмиу дзуар.

Хæсты хъæдгæмттæ –
Хъæрзгæ буар.
Нæ сыгъдæг кæмттæ –
Æрвон дуар...

* * *

Растимæ мæнг дæр
Талатæ ысуадзы.
Хъыг – дæ мæт, мæн дæр
Уыцы мæт нæ уадзы.

Фарста æмæ дзуапп –
Фаззæттæ зыгъуыммæ.
Дзулæфсирæй – апп,
Згъæлæнтæ – зыгуыммæ...

Хъыг – дæ мæт, мæн дæр
Уыцы мæт нæ уадзы.
Растимæ мæнг дæр
Талатæ ысуадзы.

* * *

Мæ хъуыдытыл ныууарыд их,
Нындзыг мæ цæссыг уазалæй.
Цы у дæ мæт, цы у дæ джих?
Æз дæм куы дзырдтон уал азы.

«Кæмæн, дам, цы?» «Куыдзæн ыстæг», –
Нæ быцæу ууыл ахицæн.
Тæрхон у цард, фæрсы лыстæг.
Нæй боны сæрты ахизæн.

Цы у дæ мæт, цы у дæ джих?
Æз дæм куы дзырдтон уал азы.
Мæ хъуыдытыл ныууарыд их,
Нындзыг мæ цæссыг уазалæй.

* * *

Баппæрстон æз уады рагъыл саргъ:
Сонт сæнттæ – сæхи бар.
Зноны бонæн райсомбонты – аргъ.
Бонты-бон – сæрибар.

Байрай, байрай, хуры тыану, чызг,
Иу бакаст æгъгъæд у.
Тайы риуы, тайы масты чырс,
Схъæл зæрдæ æлхæд у.

Зноны бонæн райсомбонты – аргъ.
Бонты-бон – сæрибар.
Баппæрстон æз уады рагъыл саргъ:
Сонт сæнттæ – сæхи бар.

ТÆЛМАЦТÆ

Иоганн Вольфганг ГЕТЕ

ÆХСÆВЫГОН ХЪУЫДЫТÆ

Ыстъалыгуппартæ, мæгуырæг,
Цæхæртæ фæкалут уæларвæй.
Хъæбатыртæ кувынц – фæбæллынц
Сымахæн уæ фенынмæ фурды...
Уæхæдæг куыд никæйы уарзут:
Æнустæ уæ зиллактæй здухут,
Фæцæйхилут арвыл фæлладæй,
Æппындæр нæ зонут æнцой.
...Цы уын зæгъон? Цалынмæ ахсæв
Мæ уарзон ис мемæ, – цы стут!

Генрих ГЕЙНЕ

ЛИРИКОН ИНТЕРМЕЦЦОТÆЙ

Къуыпа нæ балтыл майы
Куы срæмыгъта æваст,
Мæнæн та уæд мæ риуы
Ыссыгъд цыренæй уарзт...

Йæ цин уæларвмæ майы
Зæрватыккæн куы хызт,
Уæд дын æргомæй загътон
Мæ зæрдæйæн йæ рыст.

Готфрид БЕНН

МЫСИНАГ

Нымбæрзта дуне тар æхсæв пæлæзæй,
Æрхаста зарæг фурды былæй уад.
Фынæйы армыл андзæвыд мæ бæрзæй,
Æмæ мæ цæстыл диссаджы ныв уад:

Ærттывта фидар доны былæй дардмæ,
Æнæнхъæлæджы уаддымгæ фæсыкк. –
Фæндыры хъæлæс... Уайтæккæ йæ зардмæ
Фæкалдтой фурдыл стъалытæ цæссыг...

Фæлæ уæддæр фылдæр фæкуыдта иу лæг, –
Æмбисонд уыди рагæй дæр йæ цард.
Йæ хъарæг кодта хъисын фæндыр иунæг,
Уыд арвыцъæх мæрдхуыз æмæ æнкъард...

Детлеф фон ЛИЛИЕНКРОН

ХÆСТОНЫ МÆЛÆТ

Мæлæтдзаг цæфтæй дзаг хуымы зæринтыл
Хуыссы салдат, – нæдæр æгас, нæ мард. –
Дыууæ ‘хсæвы, æртыккаг бон йæ синтыл
Хуыссы салдат фыдæлты зæххæй дард.

Мæцы йæ туджы, дудынц тынг йæ уæнгтæ.
Бæргæ цæуы мæлæтимæ йæ хæст.
Уыны ма фын: фæлурс мигъты æхсæнтæй
Йæ уарзон хъæуыл ахæссы йæ цæст:

Æхсырф æхситтæй дзаг мæнæуты зары,
Йæ хъустыл уайы зиууæттæн сæ худт:
«Хæрзбон, мæ зæхх! Мæ туг мын айс лæвараен,
Дæ уазæг фестæд, не Скæнæг, мæ уд!»

Райнер Мария РИЛЬКЕ

ÆХСÆВЫГОН НЫХАС

Кæмæндæр æз алолай зарин,
Йæ цуры-иу бадин æхсæв.
Кæйдæр-иу мæ хъæбысы дарин –
Къæвда уа, тымыгътæ, æнтæф...

Тымыгътæ кæниккой сæ хъарæг,
Дзыназиккой: «Дуне ныммард!»
Ыстъалытæ сисиккой зарæг
Уæлæрвты – рæсугъд æмæ ‘нкъард...
Нæ дуг нын йæ хъомысæй дарид,
Нæ уарзтмæ нæ кæнид хæлæг.
Йæ къæхты уынæрæй хъыгдарид
Нæ куыдзы æцæгæлон лæг.
...Ныхъхъус уаид н’алыварс бæстæ,
Кæсынæй дæм не ‘фсæдид цæст...
Кæмæндæр йæ ауон йæ фæстæ
Къæбылайау згъорид æрмæст...

* * *

Мæ сагъæс дон фæласы,
Ныхъхъус и комы цард.
Бæлæсты дымгæ фасы,
Æрбайхъуыст хохæй зард.

Æгомыг арв нынкъард и,
Мæныл та бон ныррухс:
Мæ дæрзæг армыл уарди
Æрæвæрдта йæ рус.

Вальтер фон дер ФОГЕЛЬВЕЙДЕ

ЗЫМÆГ

Куыннæ у зымæг масты хос нæ бæстæн?
Сæ хуызтæ ивынц хъæдтæ æмæ фæзтæ,
Нæ хъуысы зарын, митыл сынт дзыназы.
Нанайы буц чызг йе ‘мгæрттимæ хъазы:
Хуыцауæй разы, амондæй – æфсæст!

Мæйдар æхсæвты ратыхсын зымæгæй –
Æнæхуыссæгæй арты раз тызмæгæй
Фæбадын бонмæ, сонт зæрдæйы сайын:
«Йæ рад æрцæуы, фендзынæ йæ, Майæн!
Нæ салд дыргъдоны ‘рттивдзæни Мæтæг...»

Арно ХОЛЬЦ

КÆДДÆР

Уыдтæн кæддæр
Æз,
Нæ уыдтæ уæд
Ды.
Дæ къух мæм авæр
Тагъд.
Кæны лæггад
Хур:
Фæкæны иу
Мах.
Æрттивы зæхх.
Тар
Дæрдтыл ныббæзджын.
Маст
Йæ мылазæй цух нæу,
Æдзух
Дæуæн вæййы
Загъд:
Æри дæ къух
Тагъд.

ДЫ АЦЫДТÆ

Ды ацыдтæ,
Ызгъалы тархъæд сыф.
Изæры милты
Аныгъуылди ком.
Æдзынæгæй дыууæ цæстæй
Нымдзаст дæн
Гæзæмæты æхсырæнгæстæ мигъмæ.
Æнкъардæй дардæй
Æз кæсын дæумæ:

Дæ кæлмæрзæн фæйлауы,
Мæ къух дæм ивазын,
Ныккæрзы зæрдæ,
Риссы...
...хæрзбон, хæрзбон...
Нæ мæм кæсыс,
Æривгъуыдтай мæ рæзты.
Бæрзонд, фыд-зонд...
Гæдыбæласы саст къалиуыл маргъ
Йæ зарæг систа
Хурныгуылды кадæн.

* * *

Æнахуыр маргъ мæ заз бæласыл зары
Æнæхъæн æхсæв. Дидинæг æрттивы.
Мæ бæлæгъ цады стъалытæ ыссæнды,
Нывналын донмæ урс хъоппæгмæ æз.
Мæ науы бын – æгомыг арф. Æвæдза,
Куыд дард у был.
Æрбайхуыст дардæй зарæг...

Немыцаг æвзагæй
Золойты Аркадийы *тæлмацтæ*

Редьярд КИПЛИНГ

АЛОЛАЙ

Дунейыл тар æхсæв сау милтæ луары,
Халоны базырау денджыз ныссау.
Сабийæн алолай рог уылæн зары,
Авдæнау аузы денджызы нау...

Хъазгæйæ иу уылæн иннæуыл тулы.
Баулæф, саби: æгъгъæд дын у хъазт!
Бафынæй рог дымгæ. Фурды акулæ
Бафынæй афонмæ науы бын раст.

Хартли КОЛЬРИДЖ

ДЗУАПП САБИЙЫ ФАРСТÆН

Цæуыл зарынц цъиутæ – уæрццытæ, цæргæстæ?
– Мах уарзæм дæу, уарзæм, нæ райгуырæн бæстæ.
Тымыгътæ ныхъхъус вæййынц, – уад сын кæм бары? –
Фæбадынц æргъæвстæй сæ ахстæтты тары.
Къуыпатæ куы стонынц цъæх уалдзыгон бонты, –
Кæрæдзимæ дзурынц: «Кæм уыдтæ, кæцон дæ?»
Ныгъуыли-цъиу мигъты йæ риуæмбæрц зары,
Йæ зарæг æвдадзау мæ дадзинты хъары...
Цæуыл зарынц цъиутæ – уæрццытæ, цæргæстæ?
– Мах уарзæм дæу, уарзæм, нæ райгуырæн бæстæ.

Англисаг æвзагæй
Золойты Аркадийы *тæлмацтæ*

ЦÆРИКЪАТЫ Мæирбег

АХÆМ УЫД АЗАНБЕГ

(Дзанайты Азанбеджы райгуырды 100 азмæ)



Ирыстоны разагъды нывгæнджыты кой кæнгæйæ, мæнмæ гæсгæ, Тугъанты Махарбеджы фарсмæ фыццаджы-фыццаг æрæвæрын æмбæлы Дзанайты Азанбеджы. Канд ирон культурæ æмæ аивады нæ, фæлæ æндæр рæтты дæр ахæм хæдхуыз сфæлдыстадыл арæх нæ сæмбæлы адæймаг. Азанбеджы курдиат афтæ бирæвæрсыг уыд, æмæ ахызти хуызнывкæнынады, графикæйы, скульптурæйы арæнтæй æмæ йыл бафтыди сценаристы, режиссеры æмæ кинонывгæнæджы арæхстдзинад. Цы жанртæ ранымадтам, уыдонæй йын алкæцыйы дæр иттæг дæсны æрмдзæф кæй ис, уый бæрæг у йæ уацмыстæй. Азанбег йæ аивадон стильмæ гæсгæ лæууы бæрзонд реалистон æмвæзадыл. Суанг йæ фидæны куыстытæм цы эскизтæ скодта, уыдон дæр ахадынц хицæн уацмысты хуызæн.

Адæймаг дисы аныгъуылы, нывгæнæг-иу йæ иу февнæлдæй куыд бæлвырд æмæ раст ацарæзта хицæн детальтæ, алкæй дæр-иу дзы йæ гаччы куыд абадын кодта. Уый тыххæй-иу æй натурæ дæр никуы бахъуыд – адæймæгты, бæхты, æндæр цæрæгойты æмæ предметты фезмæлдтытæ, вазыгджын раив-баивтæ-иу йæ цырен зæрдæйы цæстытæ уайсахат ацахстой æмæ-иу гæххæттыл цардæгасæй фегуырдысты.

Йæ æрмадзы-иу куы уыдтæн, уæд мын фыццаджы-фыццаг

ме ‘ргом сæхимæ здæхтой йæ эскизтæ, дис кодтон – куыд уынаг у йæ цæст, куыд арф æнкъары йæ уд, куыд рæстдзæвин у йæ арм!

Йæ авналæнтæ парахат æмæ дæрдтыл æххæссынц Азанбегæн. Хуызнывкæнынады æмæ графикæйы къабæзтæ йын иууылдæр коммæгæс сты: цардæй ист ныв, пейзаж, сурæт. Уыимæ, зæгъæм, цардæй ист нывты уынæм темæйы парахат масштабтæ, персонажты композицион æнæаипп равæрд.

Дзанайты Азанбег ныв «Алантæ» йеддæмæ куы ницы сарæзтаид, уæд дæр йæ ном æнусмæ баззадаид нæ культурæйы. Ацы нывы ирдæй разынд йæ профессионалон тых, йæ курдиаты парахат авналæнтæ дзы уынæм бæлвырдæй. Æмæ иу æмæ дыууæ ахæм нывы нæ сарæзта Дзанайы-фырт. Ранымайдзыстæм дзы цалдæр: «Плиты Иссæйы бæхджын æфсад», «Демонстраци Батумы», «Хæстытæ Джызæлы бынмæ», «Чындзы рахуынд». Нарты кадджытæм гæсгæ цы иллюстрацитæ скодта, уыдон Тугъанты Махарбеджы нæртон сериимæ иумæ систы ирон национ графикæйы сызгъæрин фонд.

Сурæттæ фыссыны аивады Азанбеджы курдиат æппæтæй тынгдæр рабæрæг Хетæгкаты Къостайы æмæ Тæбæхсæуты Балойы фæлгонцты. Афтæ арæхстджынæй архайдта нывгæнæг скульптурæйы дæр. Ацы жанры йæ хуыздæр куыстытæ сты «Барæг», «Зæронд лæгтæ», «Богæлттæ» æмæ æнд.

Йæ курдиат бирæвæрсыг æмæ ахадгæ кæй уыд, ууыл дзурæг у, Азанбег кинематографийы цы сарæзта, уый. Профессионал нæ уыд, афтæмæй йын иу февнæлдæн бантыст сценари ныффыссын æмæ æххæстметражон аивадон киноныв «Ирон легендæ» сисын. Æвдыстой йæ æппæтцæдисон экрантыл дæр. Кино фæлдисгæйæ йын стыр ахъаз фæцис йæ нывгæнæджы курдиат – нывтæ исгæйæ дæр, костюмты хабæрттæ кæнгæйæ дæр. Кинойыл адæм сæмбæлдысты тынг æхсызгонæй, хорзыл æй банымадтой профессионалон критиктæ. Азанбеджы уый сразæнгард кодта ног кино сисынмæ – ацы хатт ирон адæмон хъæбатыр Чермены тыххæй. Сценари цæттæ уыд, афтæ Дзанайты нывгæнæджы хъустыл æрцыди, фыссæг Плиты Грис, дам, студи «Гуырдзыстон-фильм»-имæ ныхас кæны йæхи сценаримæ гæсгæ Чермены тыххæй киноныв саразыныл. Нывгæнæг æмæ фыссæджы ‘хсæн рауади хъаугъа, хъуыддаг хъуамæ суанг тæрхондонмæ дæр бацыдаид. Партийы обкомы уæды секретарь Хъæбæлоты Билары фæрцы тæрхондоны онг нæ бахæццæ хабар: аив нæ уыдаид,

дыууæ номдзыд лæджы быцæу æнæхъæн республикæйыл куы айхъуыстаид, уæд. Азанбеджы фæндыди рæстдзинад сбæрæг кæнын, æмæ Хъæбæлойы-фырт йæ фæндагыл куы ‘рлæууыд, уæд ын тынг хъыг уыд æмæ йæм сæрмагонд фыстæг барвыста – йæ зæрдæйы цы маст сæмбырд, уый иууылдæр скалдта. Ацы хабæрттæ æз бирæ фæстæдæр базыдтон. Нывгæнджыты цæдисы сæрдарæй куы куыстон, уæд мæм иуахæмы Министрты Советы сæрдары хæдивæг Узегаты Солтан телефонæй æрбадзырдта. Хъæбæлоты Билар, дам, куры, цæмæй уæ цæдисы æрдзурой Абойты Зауырбеджы кадджын ном «Цæгат Ирыстоны адæмон нывгæнæг»-мæ бавдисыныл.

Зауырбеджы æз хорз зыдтон, йе сфæлдыстадимæ зонгæ уыдтæн, кæд уый Мæскуыйы цард æмæ куыста, уæддæр. Аргъ ын кодтон куыд адæймаг æмæ куыд нывгæнæгæн – кадджын ном ын радтой, уый ныхмæ нæ уыдтæн. Фæлæ Нывгæнджыты цæдисы правленийы ацы фарстайыл куы дзырдтам, уæд ма дзы æндæр фæндон фæзынди: Дзанайты Азанбеджы та, дам, УСФСР-йы адæмон нывгæнæджы ном раттынмæ бавдисæм. Уыцы дыууæ фæндоныл сразы сты нывгæнджытæ, æмæ æз хабар Узегаты Солтанæн бамбарын кодтон.

Иуцасдæр рæстæджы фæстæ мæм Солтан æрбадзырдта æмæ мын афтæ, Хъæбæлоты Билар, дам, Азанбеджы кадджын номмæ бавдисыны ныхмæ у – цæмæн, уый дæр мын цыбырæй загъта.

Нывгæнджыты цæдисы правлени ацы хъуыддагмæ цы цæстæй ракастаид, уый мæ цæстытыл ауад, æмæ сфæнд кодтон Биларæн йæхиимæ адзурын. Бацыдтæн æм йæ кусæнуатмæ. Билар мын бамбæрста мæ цыды сæр æмæ æвиппайды афтæ: «Кæд Дзанайы-фырты тыххæй æрбацыдтæ, уæд дын æй рагацау зæгъын – хъуыддагæй ницы рауайдзæн». Уæддæр мæм, зæгъын, байхъус. Æмæ йын ракодтон Азанбеджы хабæрттæ сæрæй кæронмæ, уыцы номы аккаг кæй у, уый дæ, зæгъын, бауырнæд. Билар мæм кæронмæ байхъуыста, стæй афтæ, уыцы номы аккаг кæй у, ууыл, дам, нæ цæуы ныхас, фæлæ йæхи куыд дары, уый у хъуыдыйаг. Æмæ мын райхæлдта йæ зæрдæйы рис. Стыр аргъ, дам, кодтон Дзанайы-фыртæн, бæрзонд, дам ын æвæрдтон йæ курдиат, киноныв «Ирон легендæ» куы арæзта, уæд æм фæкастæн кинопленкæйæ, оператортæй, транспортæй. Ноджы, дам, бæрнон бынæтты чи куыста, уыдонæн бафæдзæхстон, алцæмæй дæр æм фæкæсут, æххуысхъуаг æй ма уадзут. Уыд-

ætты фæстæ, дам, мæм ахæм гуымиры, æфхæрæн ныхæстæ куы ныффыста, уæд дисæй куыннæ амардтæн! Билары хъæлæсы маст уыйбæрц нæ уыди – фыдæнхъæл кæй фæци, ууыл тыхсти тынгдæр. Фæлæ уæддæр фæстагмæ загъта: «Курдиатæн бирæ хъуыддæгтæ барстæуы, гъемæ Дзанайы-фыртæн дæр барст фæуæд». Нæ ныхас зынтæй цыди, фæлæ Хуыцауæй разы, йæ кæрон хорз рауад. Гъе æрмæст ацы темæ ууыл нæ алыг. Цасдæр рæстæг куы рацыд, уæд дын кæсын æмæ иу бон мæ кусæнуатмæ, мæстæй цæхæртæ калгæ, куы ‘рбалæбурид Азанбег. Чидæр ын фехъусын кодта, обкомы бюро, дам, уынаффæ рахаста, дæуæн кадджын ном «УСФСР-йы адæмон нывгæнæг» раттыны тыххæй. Йæ пырх мыл акалдта, ме ‘вастæй, дам, мæ цæмæн бавдыстат уыцы номмæ. Мæ сæр нæ ахста, афтæ тынг цæуыл смæсты, уый, цалынмæ мын нæ бамбарын кодта, партийы къухæй мæ ницы исын фæнды, зæгъгæ, уæдмæ.

«Омæ дын цы кодта парти?» – бафарстон æй æз. Æмæ мын радзырдта, Плиты Грисимæ се ‘хсæн цы рауад, уый. Билар, дам, партийы номæй ме знаджы фарс радзырдта. Цæмæй хъуыддæгтæ кæронмæ бызыдтаин, уый тыххæй мæ йе ‘рмадзмæ бахуыдта æмæ мæм радта, Хъæбæлойы-фыртмæ цы фыстæг ныффыста, уый къопи. Стыр дисы куыннæ аныгъуылдаин, йæ бафхæрæгмæ цытæ ныффыста, уыдон куы бакастæн, уæд: эпитетты тæккæ карздæртыл нæ бацауæрста, скалдта йæ мæстытæ иууылдæр. Фыстæджы мидис та, мæнæ уырыс цæйау акæнынц, «уадтымыгъ – агуывзæйы», æндæр дзы ницы уыди.

Хъæбæлойы-фырты фæндыди, дыууæ дзырддзæугæ лæджы ‘хсæн цы быцæу рауад, уый бамынæг кæнын, цæмæй культурæйы кусджыты цауды койтæ адæмыл ма апырх уыдаиккой. Уыдæттæ Азанбегæн фæдзырдтон, фæлæ йæм цыма мæ ныхæстæй ницы бахъардта. Фæстагмæ афтæ дæр ма загъта, цы ном мын радтой, уый райсынмæ дæр, дам, нæ бацæудзынæн. Æмæ, æцæг, диплом дæттынмæ куы ‘рцыди хъуыддаг, уæд йæхи фæтылиф кодта. Уый фæстæ мæм Сæйраг Советы президиумæй фæдзырдтой, æмæ диплом рахастон, Азанбегæн йæ хæдзармæ бацыдтæн, кад æмæ радæй йыл æй сæмбæлын кæнон, зæгъгæ. Цæй кад æмæ рад! Диплом райста æмæ йæ тумбочкæмæ баппæрста, мæнæн та афтæ, иу сыкъа, дам, баназ. Æз ын сæфсон кодтон, цыдæр хъуыддæгтæ мæ ис, зæгъгæ, æмæ рацыдтæн.

Гъе ахæм уыди Дзанайты Азанбег – галиу митæ нæ барста,

уыди цæхгæр принципиалон, йæ позицитыл лæууыд иттæг фидарæй, мæнг демократийæ йе сæфт уыдта, кæйдæртау алыхуызон нæмттæм, регалитæм нæ тырныдта. Æнæуи царды та уыди сывæллонау хæларзæрдæ, æнæхин. Худгæ стæм хатт кодта, фæлæ-иу куы бахудт, уæд-иу æнæхъæнæй фергом йæ сæйраг миниуæг – адæмуарзондзинад. Йæ царды тыххæй ма иу ахæм хабар: дзаумайæ дæр, хæринагæй дæр æххæст никуы уыди, стæй уымæ тырнгæ дæр нæ кодта. Йе сфæлдыстадон куысты тыххæй-иу исты капеччытæ куы райста, уæд сæ æлхæдта профессионалон литературæ, стæй кино исынæн цы хъуыд, уыдæттæ. Уымæ гæсгæ æдзухдæр æййæфта æхцахъуаг, фæлæ фæрæзта мæгуыр цæрдтытæн. Бынтон зын уаварæры-иу куы бахауд, уæлдайдæр æм-иу уазджытæ куы фæзынд, уæд-иу æфстау дæр райста. Йæ æрмадз Нывгæнджыты цæдисы кæрты уыд, æмæ мæм-иу хатгай æрбауади мæ куыстмæ, иучысыл мын æхца авæр, зæгъгæ. Ноджы-иу бæлвырд æмгъуыд скодта, уæд дыл сæмбæлдзæни, цы дæ райсон, уый, зæгъгæ. Иу ахæм хабар дæр нæ хъуыды кæнын, æмæ афоныл ма бафыстаид йе ‘фстау. Фæлæ уый сæйраг нæу. Нывгæнджыты цæдисы уыди сæрмагонд хыгъд – сфæлдыстадон æххуыс. Иуæй-иутæ æгæр арæх дæр ма пайда кодтой уыцы хыгъдæй. Азанбегæн-иу куы загъта, курдиат афысс, зæгъгæ, уæд-иу йæ къух ауыгъта. Куыддæр æм æгад каст æмæ иунæг хатт дæр нæ ныффыста баххуысы тыххæй курдиат.

Мæ цыбыр мысинæгты кæрон ма уый зæгъинаг дæн: кæд Азанбег нæ аивады ахъаззаг фæд ныууагъта, уæддæр йе ‘ппæт сфæлдыстадон хъарутæ равдисын йæ къухы нæ бафтыд – æнафоны мæлæт æй не ‘хсæнæй атыдта. Бирæ фæндтæ ма йæм уыди, бирæ цыдæртæ саразынмæ тырныдта, фæлæ йын нал бантысти. Цы бынтæ йын баззад, уыдонæн дæр кæронмæ аргъгонд нæма ‘рцыд, æмæ уый та нæ аивадиртасджытæм хауы.

«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ



Нæ равдысты –
Дзанайты Азанбеджы *куыстытæ.*

Алантæ.

Нарты тох арвы цæрджытимæ.

Дзерассæйы хъарæг Æхсар æмæ Æхсæртæгыл.

Сослан Мæрдтыбæсты.

Сагсуртæ.

Сослан æмæ Балсæджы цалх.

Арæхдзау.

Цикл «Нарт»-æй.

Цикл «Нарт»-æй.

Византийаг минæварад аланты паддзах Саросимæ.

Иллюстраци Хетæггаты Къостайы поэмæ «Фатимæ»-мæ.

Иллюстраци Хетæггаты Къостайы поэмæ «Хъуыбады»-мæ.

Агуындæ.

Ирон чындзæхсæв.

Тæбæхсæуты Бало – Отелло.

Едзиты Е. сурæт.

ФАРНХÆСДЖЫТÆ

МАМИАТЫ Таймураз

ЦЪЕСАГ ЛÆППУ

Нары зылдмæ хæстæг, бæрзонд нæухохыл, уæлвæз быдырты æрбынат кодта хæххон хъæу – Цъес. Сæрдыгон дзæнæты бынат. Уæлхох тъæпæнтæ, сойджын уыгæрдæнтæ – алыхуызон хæххон дидинджытæй нывæфтыд, æнæкæрон сæрвæттæ. Цæстысыджы хуызæн сыгъдæг суадæттæ иумæ кæм баиу вæййынц æмæ сæ гыццыл къададон кæм рауайы, уым уый йæхи бафæдзæхсы йæ хистæр æфсымæр Нары доныл æмæ дарддæр иумæ бырсынц фынк-калгæйæ хæххон нарæг кæмтты. Сæрдыгон ацы æрдзы фидыцтæм кæсгæйæ чифæндыдæр зæгъдзæни, тæхуды ацы аргъæутты бынаты цæрынæй бафсæд. Фæлæ зымæгон хæххон зынвадæттæ сæхи куы раргом кæнынц, уæлдайдæр мит дыууæ метрмæ æввахс куы ныууары, уæд зæрдæмæ рухсы цъыртт нал фæхæццæ кæны.

Мæнæ та ныр дæр тъæнджы мæйы фыццаг бон мит йæ уарынæй нал æмæ нал æнцайы. Фæсæмбисæхсæв. Нæухох тъæпæнтæ урс пæлæзæй æрæмбæрзта æмæ сын цыма уазалæй тæрсы, уыйау пæлæз бæзджынæй-бæзджындæр кодта. Цъесы хъæу хæххон тар æхсæв аныхъуырдта, сыбыртт никæцæйуал хъуысы, рухсы цъыртт никæцæйуал кæлы. Къостайы загъдау: «Цырагъ нæм чи судзы фæсхæрд?!» Æрæджиау иу хæдзарæй дыдзы рухс ферттывта. Бæлвырд, ацы бинонтыл цыдæр хабар æрцыд. Æцæг дæр афтæ. Епхиты Григолы хæдзары фæзынди ноггуырд-бындар. Фæстæдæр ыл ном сæвæрдзысты Миша. Уый уыди 1920 азы. Рæстæг тагъд згъоры. Хæхбæсты лæппу тагъддæр рæзы.

1925–30 азты Октябры революцийы тæфаг хæхбæсты арф кæмттæ, бæрзонд хъæутæм дæр хæццæ кæнын байдыдта. Хистæртæ, сæхи уæззау царды уавæртæ æмæ æнахуыргонддзинад хынцгæйæ, æппæт хъарутæй дæр архайдтой, цæмæй сæ кæстæртæ царды уыцы уæззау æфсондзы бын ма баззайой. 1929 азы Мишайы дæр йæ фыд Григол Нары райдиан скъолайы фыццаг къласмæ радта. Зæрдæргъæвд лæппу стыр цымыдисæй райдыдта йæ ахуыры фыццаг бонтæ æмæ абон дæр æрæмысы йæ фыццаг ахуыргæнджыты:

– Фыццаг къласы ахуыр кæнгæйæ, мæ зæрдæйы æмæ мæ сæрымагъзы уæлдай арф фæд ныууагътой, уæды ахуыргæнджытæ Мурасты Ким æмæ Хетæггаты (Исахъты) Катя. Дыууæ урс бæлоны хуызæн, цардбæллон, æвзонг, рæсугъд, хæрзконд лæппу æмæ чызг. Уыдысты тынг зæрдæмæдзæугæ се ‘гъдау, се ‘фсармæй. Адæм-иу сыл сæ цæст æрæвæрдтой, нымадтой сæ уарзæттыл. Адæмы цæст, дам, уынаг у, фæзæгъынц. Æмæ сыл сæ хъысмæт дæр гадзрахатæй нæ рацыд. Дыууæ уарзæгой уды сæ цард баиу кодтой. Ахуыргæнджытæй куыстой Хъæдгæроны, стæй – советон-партион оргæнты бæрнон бынæтты.

Уыдон цардвæндаг сæрмагонд ныхасы аккаг у, фæлæ... Миша фыццаг кълас каст фæци Нары скъолайы, дыккаг æмæ æртыккаг кълæстæ та – Зæрæмæджы авдазон скъолайы. Йæ фыд Григол, куырыхон уæвгæйæ, дардыл хъуыды кодта. Тынг æй фæндыд, лæппу уырыссаг æвзаг дæр куы базонид æмæ дзы ахуыргонд лæг куы рауаид.

Абоны Мичурины хъæу, (раздæр та Ардонский хутор), цардысты дзы хъазахъхъ, скъола дæр, кæй зæгъын æй хъæуы – уырыссаг. Мишайы йæ фыд раласта Хутормæ, цæмæй ам йæ ахуыр дарддæр ахæццæ кæна æмæ уырыссаг æвзаг дæр хорз базона. Хохаг лæппу, уырыссагау ныхас кæнын дæр рæстмæ чи нæ зыдта, уый ныр стыр зындзинæдты бахауд. Уæддæр Мишайæн йæ ныфс сæтгæ нæ, фæлæ ма йын йæ фыды фæдзæхст «уырыссаг æвзаг хорз сахуыр кæн» ноджыдæр ныфс лæвæрдта. Йе ‘ппæт хъарутæ æмæ йæ зонд сарæзта урыссаг æвзагмæ. Æхсæв-бон нæ хынцгæйæ, зæрдæбынæй йæхиуыл кусгæйæ, цыбыр рæстæгмæ астæуккæгты æмрæнхъ æрлæууыд. Йæхи зæрдæ дæр рухс кодта, йæ ахуыргæнджытæ дæр дзы разы уыдысты.

Фæлæ та хъысмæт ног фыдæвзарæнтæ æрцæттæ кодта Мишайæн. Фæндзæм къласмæ куы схæццæ, уæд дыууæ мæйы дæргъы фæд-фæдыл амардысты йæ мад æмæ йæ фыд. Æвиппайды, æнæнхъæлæджы ахæм уæззау цæф цард фенæг, кадджын лæгæн дæр зын бауромæн у.

– Хур бон – арвнæрæгау, цыма мыл мæ арв æрхаудта, – æрымысы Миша, – афтæ фæдæн. Мæ сæр дзæгъæлтæ кодта, мæхи кæмæ бакъул кæнон, уый нæй, иууылдæр æцæгæлон адæм. Цы кæнон æмæ куыд кæнон? Мæ ахуыр ныууадзыны фæнд дæр мæм фæзынди, фæлæ та-иу мæ фыды бæрнон хъæлæс мæ хъусты ныййазæлыд: «Хъусыс, лæппу? Хорз ахуыр кæн, уырыссаг

æвзаг дæр хорз куы зонай, уæд дæ дарддæры цардвæндаг æнцондæр уыдзæн».

Ахæм уæззау, тыхст сахат фæхъæуы фæхæцæг, ныфсдæттæг, кæйдæр фидар уæхск æнцойæн. Æмæ йын Хуыцау æрбарвыста ахæм ныфсдæттæг.

– Уыцы рæстæджы Хуторы (Мичурины) скъолайы директорæй куыста Константин Дмитрийы фырт Тарановский. Уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг, фæлæ бахъуыды рæстæг йæ бон уыди кæцыфæнды ахуыргæнæджы дæр фæивын. Бирæвæрсыг курдиаты хицау, зæрдæхæлар æмæ цæстуарзон, фенджын адæймаг, цыбыр ныхасæй – фарны лæг, Хуыцау йæ бирæ хæрзтæй хайджын кæй фæкодта, ахæм. Абон дæр мæ нæ рох кæнынц йæ фæлмæн, зæрдæмæхъаргæ ныхæстæ, – æрымысы Миша. – Куыддæр фехъуыста мæ мад æмæ фыды æвирхъау хабар, афтæ мæм йæхимæ фæдзырдта, йæ хъæбысы мæ æрбакодта хи хъæбулау. Йæ дынджыр, фæлæ фæлмæн хъарм къухæй мын мæ рус адаудта æмæ мын бирæ ныфсдæттæн ныхæстæ фæкодта. Мæ уæнгты цавæрдæр хъарм улæфт ахъардта. Цавæрдæр ныфс мæ бауагъта. Æз уыйразмæ дæр стыр аргъ кодтон Тарановскийæн, фæлæ мын ныр цыма а-зæххыл уымæй адджындæр, æввахсдæр адæймаг нал уыдис, мæ зæрдæ мæм афтæ дзырдта. Йæ предметмæ та мæм фæзынд уæлдай фылдæр уарзт æмæ тырнындзинад. Гъемæ мæ ахуыр ныууадзыны хъуыды мæ сæрæй аппæрстон. Мæ царды фæндаг равзарынæн мын сæйраг бындур фесты мæ фыды фидар фæдзæхст æмæ мæ уарзон ахуыргæнæг Тарановскийы фæлмæн, ныфсдæттæг, зæрдæмæхъаргæ ныхæстæ. Иуныхасæй, мæ уарзон ахуыргæнæджы фæндагыл ацыдтæн. 1937 азы авд къласы фæуыны фæстæ мæ Фæскомцæдис арвыста Орджоникидзейы иуазыккон пионерты хистæр хъомылгæнджыты скъоламæ.

Ацы скъола каст фæуыны фæстæ Миша æрцыди Зæрæмæджы скъоламæ кусынмæ. Уый уыд йæ фыццаг къахдзæф æмæ къæпхæн йæ дарддæры царды. Сывæллæтты ахуыр кæнынæн, хъомыладон куыстæн Миша йæ царды хуыздæр азтæй нывондæн æрхаста 50 азæй фылдæр.

Зæрæмæджы скъолайы ма куыд куыста, афтæ йын йæ кармæ гæсгæ æфсадмæ цæуын афон дæр æрхæццæ. Æрвыст æрцыд Орджоникидзейы фистæг æфсæддон училищæмæ. Каст æй фæци хæсты размæ æмæ лейтенанты цины æрвыст æрцыди нæ бæстæйы ныгуылæн арæнтæм, горæт Черновицымæ, ам æй æрæййæфта Фыдыбæстæйы Стыр хæст дæр.

– Уыдон уыдысты стыр трагикон бонтæ не ‘фсадæн, уæлдайдæр та, арæнтыл чи лæууыд, уыдонæн, – зæгъы Миша. – Немыцы æнæнхъæлæджы ныббырст нæ арæнхъахъхъæнджыты æддæг-мидæг ауайын кодта. Адæм нæ бамбæрстой, цы æрцыд, цы хабар у, уый. Бирæтæ сæ уæлæдарæс акæнынмæ дæр нал сарæхстысты, афтид мидæггаг дзаумæтты рагæппытæ кодтой. Командæгæнджытæ фидæрттæ аразынмæ февнæлдтой. Арæнты тæссагдæр бынæттæм уæлæмхасæн тыхтæ æрвыстой.

Миша дæр æрвыст æрцыди горæт Киевы ныгуылæн арæнтæм. Се ‘фсæддон хай афтæ тынг æрфидар кæнын сæ къухы бафтыд, æмæ уыцы ран знагæн йæ бон нæ баци сардзины бæрц дæр сæм æрбаввахс уын. Фæлæ знаджы тыхтæ дзæвгар фылдæр кæй уыдысты, уымæ гæсгæ сентябры кæронмæ Киев уæддæр знаджы æрхъулайы бахауд. Миша дзырдта:

– Æппæт тыхтæ æмæ гæнæнтæй ма бæргæ архайдтам знаджы къæлæт атонынył, фæлæ нæ гæнæнтæ скуынæг сты: нал хæринаг, нал хæцæнгарз баззад æмæ не ‘фсады къорд уацары бахауд. Нæ сæр нæ кой сси. Фæлæ кæд цыфæнды зын уавæрты æмæ уæззау цъысымы бахаудтам, уæддæр зæрдæсаст нæ фестæм, агуырдтам гæнæнтæ æмæм амæлттæ знаджы къæлæтæй раирвæзынмæ æмæ иу мæйдар æхсæв нæ къухы дæр бафтыд, æмæ та иу гыццыл къордæй ногæй баиу стæм нæхи хæцæг æфсадимæ.

31-æм дивизийы 75-æм полчъы 2-аг батальоны Миша нысангонд æрцыд адьютантæй.

– Æрбаппæрстой нæ Ростовы облæстмæ æмæ хъахъхъæдтам горæт Ростов-на-Дону. Фæлæ Гитлер Кавказмæ уæлдай тынгдæр кæй тырныдта, йæ æрдзон хъæздыгдзинæдтæм, уæлдайдæр Грознайы нефтмæ, уымæ гæсгæ йæ фылдæр тыхтæ сарæзта ардæм. Кæд цыфæнды хъазуатон тох кодтам къорд хатты фылдæр знаджы тыхтимæ, уæддæр нæ бон нæ баци горæт Ростов бахъахъхъæнын, æмæ йæ знаг бацахста цыбыр рæстæгмæ.

Горæт хъахъхъæнæг æфсад уацары ист æрцыд, уыдонимæ Миша дæр. Райдыдтой уацайраджы хъизæмайраг бонтæ. Немыцмæ уыди глобалон пълан. Цыфæндыйæ дæр Советон Цæдисы адæмы тас бауадзын, сæ нымæц сын скуынæг кæнын, дзæвгар фæкъаддæр кæнын. Мардтой уацайрæгты кæм æххормагæй, кæм хæцæнгарзæй. Фосы тард-иу сæ куы фæцæйкодтой быдырты, фæндæгтыл, уæд сæ фæндаггæрон исты гагадыргътæм, кæнæ цъымара донмæ дæр бавналын нæ уагътой, сæ куыйты сыл-иу ацардыдтой. Архайдтой, цæмæй адæм слæмæгъ уой, сæ бон ныхмæ æрлæууын мауал уа.

– Æз кæдæм бахаудтæн, уыцы концлагеры, горæт Мариуполы, уыдис 40 мин уацайраджы бæрц, – дзуры дарддæр Миша. – Хæрдхъуаг æййафгæйæ уыйбæрц слæмæгъ сты адæм, æмæ дзы 1941 азы декабрæй 1942 азы мартъимæ алы бон дæр мардис 300–400 адæймаджы. Уыцы æвирхъау ныв тæ уынгæйæ, сæрæй нæ хицæн кодта иу хъуыды: куыд аирвæзтæуа, йæ цыргъ маргæйдзаг дæндæгтимæ æвваxсæй-æвваxсдæр чи кæны, уыцы сау мæлæты дзыхæй.

1942 азы январы Мариуполы концлагеры æнæнхъæлæджы фæкомкоммæ дæн зонгæ цæсгоммæ. Æвиппайды мæ сæрымагъзы фæмидæг: «Ким!» Фæлæ уæддæр дызæрдыг кодтон, уыйбæрц æдзæллаг хуыз ын уыди. «Ким нæ дæ?» – зæгъгæ йæ уæддæр афарстон. Уый мæм фæллад цæстæнгас æрбазылдта, ныллæг, мæллæг хъæлæсæй мæм сдзырдта: «Бахатыр кæн, куынæ дæ хъуыды кæнын». «Æмæ мæ куыд хъуыды кæнай? – загътон æз. – Ды мæнæй дзæвгар хистæр дæ. Æз дæ куы базыдтон, уæд сывæллон-лæппу уыдтæн. Бацамыдтон ын мæхи (не 'хсæн хæстæгдзинад дæр ис), тынг мыл бацин кодта. Йæ фыццаг фарст уыди мæ хæстон хабæртты фæдыл. Куы базыдта мæ цыбыр хæстон фæндæгтæ, уæд мын йæ зæрдæйы фæндон загъта æргомæй: «Ардыгæй лидзгæ у, удæгасæй баззайæн дзы нæй. Æгæр слæмæгъ дæн æмæ иунæгæй мæ ныфс нал хæссын. Ам баззайгæйæ та мæлæт бæлвырд уыдзæн, фæлæ худинаджы æмæ æгады мæлæт кæй уыдзæн, уый мæ уæлдай тыхсын кæны. Ирон лæг æгады мæлæт йæ сæрмæ никуы хаста», – балхынцъ кодта Ким йæ ныхас. Ким царды фæлтæрдджын, куырыхон лæг, мæ зæрдæ йыл дардтон æмæ йыл æууæндыдтæн. Сарæзтам сæрмагонд пълан, сбæлвырд кодтам бынат æмæ рæстæг.

Нæ бадзырдмæ гæсгæ араст стæм нæ лидзæн бынатмæ хæринаг дæттын афон. Кæд ын хæринаг схонæн дæр ис, уæд. Æхсæнтæдон – баландæ, фашисттæн сæ уæлдæйттæ. Утæппæт адæм куы базмæлыдысты кæрæдзийы ссæндгæйæ, уæд Кимимæ æнæнхъæлæджы фæхицæнтæ стæм, нæ бæрæггонд бынатмæ нæма бахæццæ стæм, афтæмæй. Уæддæр нæ амынд бынатмæ тырнын. Уынгмæ ахизæны партæтæ амад æмæ, уыдон сæрты хизгæйæ, мæхи хуыд бæзджын хæлаф партæйы тигъыл фæхæцыд æмæ ауыгъдæй аззадтæн. Дынджыр, бæзæрхыгтæ арæзт пъæлицæйаг мæ уæлхъус куыд февзæрд, уый æмбаргæ дæр нæ бакодтон, цалынмæ йæ урс ставд лæдзæг мæ сæрмæ нæ ферттывта, уæдмæ. Мæ цæстытæ ма фæцъынд кодтон, фæлæ цæфтæ

хаудысты ихуарæгау фæд-фæдыл æмæ алы рæтты. Фæлæ – мæнæ диссаг! Мæхиуыл дæр нал бауæндыдтæн. Пъæлицæйагæн йæ урс ставд лæдзæг нымайæн лæдзæг цыма фестад. Цæфтæ хауынц, рисгæ нæ кæнынц. Ау, æгъатыр знаг тæригъæд дæр зоны, æви мын Ирыстоны зæдтæ æххуыс кодтой, абон дæр æй нæ зонын. Ме ‘фцæгготыл мын фæхæцыд æмæ мæ иуварс расхуыста. Тарстхуызæй, хæрзцыбыр къахдзæфтæ кæнгæ фæцæуын. Буар зыр-зыр кæны, риссæгау кæны цæфтæй нæ, фæлæ фыртæссæй. Ницы фæд ныууагътой пъæлицæйаджы цæфтæ мæ буарыл, кæд бирæ уыдысты, уæддæр. Хæрыны мæт дæр мæ нал уыд, фæлæ мæ сæры алы хъуыдытæ зилдух систой. Ныртæккæ кæд надæй цæмæдæр гæсгæ аирвæзтæн, уæддæр, цыма, æвыдæй нæ баззайдзынæн. Сæйрагдæр та, Ким цы бауыдаид, уый мын æнцой нал лæвæрдта. Бафтыдаид йæ къухы алидзын æви фыднады бахауд? Уыцы сагъæстимæ-иу мын гæнæн куы фæци, уæд зылдтæн кæрты къуымты, пырх хæдзары уæладзгуыты, фæлæ ницы фæдыл фæхæст дæн. Мæхæдæг та æнхъæлмæ кастæн, кæд мæм фæдзурдзысты лагеры хицауад æмæ мæ кæд акъæрцц кæндзысты. Цалдæр боны фæстæ фембæлдтæн, Ким мæ кæимæ базонгæ кодта, уыцы æмбалимæ æмæ мын уый рахабар кодта, Ким, дам, лидзынвæнд скодта æмæ йæ мæлæтдзаг над фæкодтой, йæ къæхтыл слæууын йæ бон нал баци æмæ дысон амарди. Йæ уд исыны размæ, дам, ма рудзынгмæ йæхи тыхивæзт скодта, миты муртæ йæ дзыхы акодта æмæ ахицæн. Æз ын йæ мард дæр нал федтон. Мæ цæстытыл та ауад дынджыр пъæлицæйаджы урс хъил. Æвæццæгæн, Хуыцау мæлæт куы нæ дæтта, уæд мæлæт нæй.

Тугкалæн хæст фæцис. Фæллад хæстонтæ сæ хæдзæрттæм здæхтысты, уацары чи бахауд уыдон та регистрацигонд цыдысты. Стыр паддзахадон къамистæ бæлвырд кодтой, чи цы мигæнæг уыдис хæсты рæстæджы, цы уавæрты бахаудта уацары æмæ а. д. Рацыди ацы лыстæг луарæны Миша дæр. Ницы азым æм ссардтой æмæ растгонд æрцыд. Йе ‘фсæддон цин лейтенант дæр ын фæстæмæ сфидар кодтой æмæ рацыди йæ райгуырæн Ирыстонмæ.

Цалынмæ тугкалæн хæст цыди, Миша хæсты хъизæмæрттæ æвзæрста, уæдмæ та Советон хицауады уынаффæмæ гæсгæ мæхъхъæл, куыд паддзахадыл гадзрахатæй цæуæг адæм, сæ цæрæнбынæттæй æрвыст æрцыдысты Казахстаны быдыртæм. Сæ уæгъд бынæттæм сын æвæндонæй æрвыстой хæххон ирон хъæутæй ирон адæмы, уыдонимæ – Туалгомы хæххон хъæутæй

дæр. Нар æмæ Зæрæмæджы адæм æрбынæттон сты мæхъхъæлон хъæу Яндыркæйы. Сæхæдæг ыл сæвæрдтой ног ном – Райдзаст, хауди Хетæггаты Къостайы районмæ. Ацы хъæумæ ралыгъдысты Епхиты Мишайы бинонтæ дæр. 1946 азы Миша дæр хæстфæлладæй йæ бинонты ацы хъæуы ссардта. Стыр цины хабар айхъуыст æппæт хъæубæстыл дæр, Епхиты хæстон бæлццон сæрæгасæй йæ бинонтыл сæмбæлд, зæгъгæ. Хуыцауæн табу! Чи куывта, уый Епхитæн!

– Хæсты фыдæбæттæ æмæ хъизæмæрттæн ферохгæнæн нæй, уæлдайдæр дын дæ цæстыты раз дæ хæстон æмбæлтты бындзыты цагъд куы кæной æмæ сын баххуыс кæнын та дæ бон куынæ уа, – зæгъы Миша æмæ та æнкъард хъуыдыты арф аныгъуылы.

Æвæдза, адæймаг куыд фидар æмæ фæразон у, кæд Къоста афтæ загъта, «Лæгдзарм тæнæг у, æлдар фыд лæг у», зæгъгæ, уæддæр. Миша цы хъизæмæрттæ баййæфта, уыдон иу лæгæн æгæр бирæ сты. Фæлæ уыцы фыдæвзарæнты фæстæ адæймаджы сæйраг æмæ ахсджиаг миниуджытæй хайджынæй баззай, уымæн хъæуы стыр хъару æмæ ныфс, фидар æмæ уæззау зонд, хуыздæр фидæныл æууæнк. Уыцы миниуджытæ иууылдæр разындысты Мишамæ æмæ баззад ирон адæймагæй – Ирон Лæгæй.

Хæсты фæстæ Миша йæ дыстæ арф бафæлдæхта æмæ йæхи хуызæн хæствæллад адæмимæ бавнæлдта ног цард аразынмæ. Куыд адæмон хæдзарады алы къабазы, афтæ скъолаты дæр нæ фаг кодта ахуыргæнджытæ. Мишайæн дæр хæдзары аулæфыны фадат, йæ рыст уæнгты фæллад суадзыны рæстæг кæм уыдис, уайтагъддæр æй бацагуырдта районы ахуырады хайад, æмæ æрвыст æрцыд йæхи хъæу Райдзасты скъоламæ. 1946 азы цыбыр рæстæгмæ каст фæци педагогон техникум. Куыста райдиан кълæсты ахуыргæнæгæй.

Епхитæ цардысты хъæуы бын, скъола æмæ хъæусовет та уыдысты хъæуы бæстастæу. Райдзасты хъæу царды фадæттæй хъæздыг уыд алцæмæй дæр, фæлæ йæ уынгтæ уыдысты æдзæллаг уаваæры. Зæгъæм, къæвда бонты-иу, уæлдайдæр фæззæджы иугæндзон къæвдаты заман, уынгты азмæлæнтæ нæ уыди, къæхтæ-иу фадхъултæй уæлдæры онг цъыфы ныссагъдысты. Фæлæ хъæуы бæрæгастæу калди къаннæг цæугæдон, донбыл хуыртыл цъыф нæ уыд, æмæ-иу адæм фылдæр цыдысты ууылты, Миша дæр хъæуы бынæй скъоламæ цыди ауылты.

Уæдмæ æз дæр скъоламæ цæуын байдыдтон, иннæтау цыдтæн уыцы донбылты, мæ хæцъил дзабырты. Миша куыста райсомæй,

мах та, райдиан къæсты ахуырдзаутæ, скъоламæ цыдыстæм сихорыл. Фæлæ мын-иу уæддæр фæндагыл æнæ амбæлгæ нæ уыди Мишайыл. Дардмæ-иу æй куы ауыдтон, уæд-иу мын кæмдæр æхсызгон уыди, иннæрдыгæй та мæ-иу фыræфсæрмæй æндæруылты ацæуын дæр æрфæндыди. Мæ цæсгом-иу фæсырх, фæлæ фæндагæй иуварсмæ ничердæм уыди акъахдзæфгæнæн, æмæ-иу сæргуыбырæй йæ ныхмæ мæ цыды кой кодтон. Йæ размæ-иу куы бахæццæ дæн, уæд иу æм æвиппайды сдзурынмæ дæр нæ сарæхстæн, уæддæр-иу мæхи фæныфсджын кодтон, æцæг-иу æй, салам ын раттыны бæсты, афарстон: «Ахуыргæнæг! Апаздат ис?» Миша-иу мæм фæлмæн бахудт æмæ-иу загъта: «Таймураз, нырма нæй апаздат, фæлæ тагъддæр цу, кæннод апаздат уыдзæн».

Ныр уæдæй 60 азæй фылдæр рацыд, æз мæхæдæг дæр зæронды кармæ бахызтæн, фæлæ Мишайыл кæмфæндыдæр куы сæмбæлын, цины уа, зианы, йæ фæлмæн мидбылхудт йæ разæй фæвæййы æмæ та фæзæгъы: «Апаздат ис!»

Ахуыргæнæгæн уыцы рæстæджы стыр кад уыдис æрмæст ахуырдзауты ‘хсæн нæ, фæлæ æгас дзыллæйы ‘хсæн дæр.

1952 азы Миша фæсауюнмæ каст фæци Цæгат Ирыстоны ахуыргæнджыты институт, 1956 азы та – Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институт, æмæ райста уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæджы дæсныйад. Цард æмæ уавæртæ куыд домдтой, афтæ сывæллæтты дæр ахуыр кодта, йæхæдæг дæр йæ зонындзинæдтæ фылдæрæй-фылдæр кодта, фæсауюнмæ ахуыр кæнгæйæ.

Иуахæмы, педагогон институты ахуыр кæнгæйæ, Миша фембæлди Кимы цардæмбал Катяйыл, уый дæр уым ахуыр кодта фæсауюнмæ. Уыцы фембæлды тыххæй мын Миша ахæм хабар радзырдта:

– Катя нымад уыди кадджын, æгъдауджын адæймагыл канд Туалгомы нæ, фæлæ, кæмдæриддæр куыста, уым. Йæ фенд мын тынг æхсызгон уыди, фæлæ сагъæсы бахаудтæн: Кимы æнамонд сæфты хабар ын куыд зæгъон. Уарзон адæймаджы сау хабар фехъусын тынг зын у. Фæлæ Катя йæхæдæг Кимы кой куы ракодта, уæд ма мын æй цæй æнæзæгъгæ уыд йæ сæфты хабар. Ныфсытæ ма йын бæргæ æвæрдтон. Ким кæд уацары æвæндонæй бахауд, уæддæр иу уысм дæр нæ рох кодта йæ фыдыуæзæг, йæ адæмы. Йæ фæстаг тыхтæ дæр ма сæмбырд кодта æмæ уæндон къахдзæф акодта сæрибардзинадмæ, кæд

ын, хъыгагæн, фæстаг къахдзæф рауад, уæддæр. Мæ ныхæстæм Катяйæн æрызгъалдысты йæ фидар уæнгтæ, фемæхстысты судзгæ цæссыгтæ, йæ арв ыл баталынг. Дыккаг бон иумæйаг лекцийы сбадтыстæм иу стъолы фарсмæ. Йæхимæ нæма æрцыди нырма. Цæстытæ фыркуыдæй ныссырх сты. Æгуыппæг бадт кæны, йæ алыварс уынгæ дæр, хъусгæ дæр никæй кæны. Йæ судзгæ цæссыгтæ æнæфæрсгæйæ йæ рустыл куыд згъорынц, уый йæхæдæг дæр не ‘мбары. Лекци ахицæн, уæддæр Катя йæ бынатæй не змæлы, æз дæр бадын йæ фарсмæ æгомыгæй. Æрæджиау ныллæг, тыхст, кæуынхъæлæсæй сфæрæзта æмæ та мæм лæгъстæгæнæджы каст æрбакодта: «Миша, бирæ уарзтон Кимы, йæхæдæг дæр мыл тынг æнувыд уыдис. Хъысмæт нын æгæр цыбыр рæстæг радих кодта нæ иумæйаг цардæн, нæ бафсæстыстæм кæрæдзи уарзтæй. Ныр мæ царды иннæ бонтæ æрвитдзынæн йæ рухс ном мысгæйæ». Æгомыгæй алæууыд, цæссыгтæн та сæ дуар фегом, «доны бынæй» та мæм йæ хъоппæг цæстытæ лæгъстæгæнæджы каст æрбакодтой æмæ сабыргай сдзырдта: «Иу курдиат мæм ис дæумæ, Миша, кæд кæстæр дæ, уæддæр. Зоныс, мæнæн мæ куыст цы у, уый. Ныр мын Кимы хабар мæ ныхмæ æвæрджытæ дæр фæуыдзæн. Курын дæ, æмæ йæ макæмæн радзур, кæд цыфæнды æвæндонæй бахауд уацары, уæддæр». Уый уыди Катяимæ нæ фæстаг фембæлд.

Уæлдæр æй куы загътон, Миша ахуыргæнæджы куыст фæкодта 50 азæй фылдæр. Ахуыргæнæджы дæсныйад дæр дохтыры дæсныйадау адæймагæн хъуамæ æрдзæй лæвæрд уа. Мишайæн дæр Хуыцау уыцы хорздзинад балæвар кодта. Ахуыргæнæджы стыр курдиат Мишайæн раргом йæ куысты фыццаг бонтæй фæстæмæ. Скъоладзау йæ ахуыргæнæгæй тæрсгæ нæ, фæлæ йæ хъуамæ уарзгæ кæна, аргъ ын кæна. Миша йæ хъомылгæнинæгтæн æрмæст раст æмæ рæсугъд фыссын нæ амыдта, фæлæ сæ фыццаджыдæр ахуыр кодта æфсарм æмæ æгъдауыл, хистæрæн, сылгоймагæн кад кæныныл. Рæсугъд æгъдау та бацамонæн уæд ис дæ кæстæрæн, дæхимæ куы уа æфсарм. Æфсарм кæмæ ис, æгъдау дæр уымæ ис. Сæйрагдæр та уый у, æмæ уыцы, стæй ма бирæ æнæмæнг хъæугæ хорз миниуджытæ Миша се ‘ппæт дзургæ нæ кодта, фæлæ сæ æвдисгæ кодта. Сывæллон та йæ хистæры ныхас йæ зæрдыл уый бæрц нæ бадардзæн, йæ алы фезмæлд, йæ алыварс адæммæ йæ ахаст йæ сæрымагъзы куыд ныффидар уой.

Миша фидар æмæ уæззау зонды хицау кæй у, уый сывæллонлæппуйæ нырмæ зонын. Уæвгæ, афтид æз нæ, фæлæ Мишаимæ иунæг хатт дæр чи фембæлд, уыдон дæр уыцы миниуæг æнæмæнг рахатыдтой. Скъолайы ахуыр кæнгæйæ дæр æмæ абоны бон дæр æз нæ хъуыды кæнын, Миша искæмæ хъæр ныхас скодта, искæй бафхæрдта йе 'нæууылд ныхасæй. Куыд фæзæгъынц, фысы комæй хал нæ раласдзæн. Уæдæ цал æмæ цал сæдæ ахуырдзауы рацыди Мишайы къухæй. Уыдонæй алкæмæн дæр – хицæн характер, хицæн миддуне æмæ химбарынад. Алкæй зæрдæ æмæ зондахастмæ дæр ис хицæн фæндаг. Алы скъоладзауы зæрдæмæ дæр Миша фæндаг ссарын иттæг хорз зыдта, уымæн æй уарзтой æмæ йын стыр аргъ кодтой иууылдæр. Абон дæр уыцы уарзты арт мынæг нæ кæны. 1950–60 азты алы скъолайы, стæй алы къласы дæр уагъд цыди къулы газет. Æз дæр, Хъæдгæроны скъолайы ахуыр кæнгæйæ, уыдтæн редколлегийы уæнг, Миша та нын редактор уыд. Иухатт та радон газет куы уагътам, уæд дзы иу даргъ дзырды дыууæ рæдыды æруагътон (сыгъдæг-иу æй мæнæн фыссын кодтой). Миша йæ куы бакаст, уæд, кæй зæгъын æй хъæуы, рæдыдтытæ бафиппайдта. Мах йæ уæлхъус лæууыдыстæм цалдæрæй. Æз фырæфсæрмæй ныссырх дæн, тæрсгæ дæр куыннæ кодтон, ныртæккæ мæ хъæры бын фæкæндзæни, зæгъгæ. Миша мидбылты фæлмæн бахудæгау кодта æмæ сдзырдта: «Арс дæ ныттона дæу, Таймураз, кæд ацы дзырдмæ цæуыл смæсты дæ! Йæ дыууæ дамгъæйы йын цæмæн адавтай?» Иууылдæр бахудтысты, æз та мæхимæ мæсты кодтон, ахæм хуымæтæг рæдыд кæй æруагътон, ууыл. Мишайæн та уый уыдис йе стырдæр «тызмæг æмæ æфхæрæн» ныхас.

Ныр абон Миша у Хъæдгæроны куырыхон хистæр, фæллад хæстон, кæстæртæн зондамонæг, фæлтæрдджын ахуыргæнæг, бинонтæн, мыггагæн сæ фарн æмæ сæ уынаффæгæнæг. Кæд ыл азтæ сæ уæз æруагътой, уæддæр сын сæттын нæма комы. Хъæубæсты мидæг зианы, цины хъуыддаг уа, иу хабары дæр æнæ сæмбæлгæ нæ вæййы, уæдæ йæ сыхбæсты фæдыл æндæр хъæуты дæр сæмбæлы. Йæ къахайст нырма у фидар, зонд – йæ бынаты. Хæдзары бирæ змæлд ис, æмæ сæ фылдæр хай нырма æнцой кæнынц Мишайы уæхсчытыл. Хъæдгæроны цæрджыты хистæр фæлтæр абон дæр ма дис кæнынц, быröндонæй цы дыргъдон æмæ улæфæн бынат сарæзта, ууыл.

Цæвиттон, Мишаиты хæдзары фарсмæ уыди кæйдæр зæххы хай, фæлæ кæй ницы пайда лæвæрдта, уымæ гæсгæ йæ йæ хицау

ныууагъта. Æртæ хицауы йæм кæрæдзи фæдыл æрбацыд, æртæйæ дæр та-иу æй ныууагътой. Æнæхицау – уагъд зæхх, ауон къуымгонд, æмæ дзы адæм гыццылгай-гыццылгай бырондон сарæзтой. Дæ фарсмæ бырондон цас пайда æмæ аив уыдзæн, æмæ уæд Миша бавдæлд æмæ йæ ногæй æрæхгæдта, ныссыгъдæг æй кодта, саумæр æм æрбаласта. Уалдзæджы дзы дыргъ бæлæстæ ныссагъта, лыстæг хуымтæ дзы скодта, бæлæсты астæуты давоны бынтæ ныссагъта, дон æм бауагъта. Абон уыцы раздæры бырондонæй рауади сыхы улæфæн бынат. Бæлæсты бын сатæджы – беседкæ. Суанг парчы дæр хуыздæр уавæртæ нæ вæйыы фæллад уадзынæн. Давонджынтæ чи кæна сыхæй, уый дæр хъæдмæ нал цæуы, Мишайы цæхæрадоны сæ ратоны. Уæдæ стуртæ дæр, хъæуы цæргæйæ, 5–6 сæры æнæ даргæ нæй, маргъ – бирæ. Уыдоныл фыдæбоны фылдæр хай æвæрд ис хæстон фæллад лæджы уæхсчытыл. Йæ размæ сæвæрдта хæс – зивæг хæстæг дæр химæ ма ‘рбауадзын.

Иу цалдæр азы размæ та йæ йæ зæрдæ хъыгдарын байдыдта. Бинонты тынг фæтæрсын кодта. Инвалиды II къæпхæн ын радтой. Ам та Миша йæ размæ ноджы стырдæр хæс сæвæрдта. Низ мæн хъуамæ ма абырса, фæлæ æз низыл фæуæлахиз уон. Райсомæй æмæ изæрæй æрвылбон йæхицæн кодта массаж, алыхуызон гимнастикон фæлтæрæнтæ. Алы райсом йæхи надта уазал доны, контрастон душмæ рахизгæйæ. Таблеткæтæ æмæ алыхуызон медикаменттыл йæ къух ауыгъта, бынтондæр æй ферох сты. Æмæ та æнæбасæттон хæстон низимæ тохы дæр уæлахиздзауæй рацыд.

Царды адæймаджы хуыздæр миниуджытæ цавæртæ сты, зæгъгæ, йæ куы бафæрсай, уæд зæгъдзæн: «Адæймагдзинад, уды сыгъдæг, цæстуарзон, æфсарм, æгъдау æмæ фæтк. Уыдон иууылдæр мæнæн уыдысты æмæ сты иу адæймаджы – мæ фыдыфыд Давиды (Бæппу йæ хуыдтам) – мидæг».

– 50 азæй уæлæмæ скъолайы фæкус, уæд, кæй зæгъын æй хъæуы, се ‘ппæт рауагъдонтыл кæм фембæлы лæг, фæлæ уæддæр арæх фембæлын мæ раздæры ахуырдзаутыл, – æрымысы Миша. – Уыцы фембæлдтæн аргъ нæй. Сæ фæлмæн бахудт, хъарм æмæ адджын зæрдиаг хъæбыстæ, уыдон иууылдæр зæрдæмæ тынг хъарынц æмæ дзы арф фæд уадзынц.

Уæлдайдæр фæстаг цалдæр азы Хъæдгæроны скъолайы традицион систы 40–50 азы размæ рауагъдонты иумæйаг фембæлдтытæ. Уырдæм æнæмæнг хуынд вæйыынц Миша æмæ ма, иннæ ахуыргæнджытæй хур кæуыл кæсы, уыдон дæр. Йæ ахуырдзаутæ ныр сæхæдæг бабатæ æмæ нанатæ сты, æмæ æрыгон бонтæ

ærымысын та алкæмæн дæр удæнцой æмæ зæрдæйы хъарм хæссы, ахуыргæнæгæн та – дыууæ, æртæ хатты фылдæр. Ахуыргæнæгæн ахæм фембæлдтытæ сты ныфс дæттæг, йæ бирæ фыдæбæттæ кæй нæ фæдзæгъæл сты, уый нысан.

Миша абон йæ цардæй разы у, кæд ыл кæсгон æмбисонд æрцыди, ома зæронды карæй йæ цардæмбал Любæ-Плион цалдæр азы размæ йæ цардæй ахицæн, уæддæр. Цæры йæ кæстæрты цæрайæ. Йæ бинойнагимæ схъомыл кодта цыппар сывæллоны, алчидæр дзы царды ссардта аккаг бынат. Уæлдай фылдæр цин та йын хæссынц йæ хъæбулты хъæбултæ, аст сты. Ноджы ма йæм ис иу стыр бæллиц. Уыцы хъæбулы хъæбултæн дæр ма сæ кæстæрты хорздзинад фенын. Уый, æнæмæнг, æрцæуинаг бæллиц у, фæлæ ма йæ, Миша, дæхæдæг дæр куыд фенай, Хуыцауы цæст дын уый бауарзæд.

Арæх Мишайы æрхæндæг хъуыдытыл бафтауы, йæ сабибонты, æрыгон бонты æмæ хæсты уæззау бонты æмгæрттæй хур кæй никæуылуал кæсы, уый. Уыцы дуджы æхсызгондзинад ма йын æрхæссы, Мичурины куы ахуыр кодта, йæ уæды æмкъласон, йе ‘мгар Хуырымты Валодя. Уыимæ йын цы фембæлдтытæ вæййы, уыдонæн ныхæстæй радзурæн нæй, зæрдæйæ сæ банкъарын хъæуы. Ахæм фембæлд дыууæ хæстонæн дæр вæййы стыр бæрæгбон. Гъемæ Стыр Хуыцауæй курын, уæ дыууæйæн дæр æмæ ма Ирыстоны сымах хуызæн æфхæрд æмæ фæллад хæстонтæ чи ис (хъыгагæн дзы нæ мыггаджы æгас ничиуал у), уыдонæн се ‘ппæтæн дæр сæ царды бонтæ бæрæгбонтæ уæнт! Уæ кæстæрты зындзинад макуы баййафут, уæ кæстæртæ та, сымах хæсты цы фыдбонтæ æмæ хъизæмæрттæ бавзæрстат, уыдон сæ фыдфынты дæр макуы фенæнт!

Ныр ма кæронбæттæны мæ сæйраг ныхас. Ног азмæ æнхъæлмæ фæкæсæм иууылдæр. Ног азмæ та нæ алчидæр æнхъæлмæ фæкæсы ног хорздзинæдтæм, сæйрагдæр та фидар æнæниздзинадмæ. Алчидæр цæмæ бæллы, уый Ног азы йæ къухы æфтæд. Ног аз алкæмæндæр стыр æмæ кадджын бæрæгбон у, фæлæ дыууæ бæрæгбоны кæмæн у, уый та Хуыцауы хорздзинæдтæй дыууæ хатты фылдæр хайджын уæд æмæ зæрдæрухсæй фæцæрæд.

Уæдæ Мишайæн дæр Фыццæгæм январь йæ райгуырæн бон дæр у. Миша! Дæ райгуырæн боны хорзæх æмæ дæ Ног азы хорзæх уæд. Иу хатт ма йæ зæгъын, дæ кæстæртæ æмæ Ирыстоны кæстæртæ дæр дæ фæндиаг уæнт.

Ахуыргæнæг, апаздат ис?

ПУБЛИЦИСТИКÆ

КУЧИТЫ Руслан

НÆ ИУДЗИНАДЫ СÆРВÆЛТАУ

Афæдзы райдайæны «Иры Стыр Ныхас» Интернеты сарæзта æрфарст. Йæ фæрстытæй иу уыди: «Цы у ирон æгъдау?» Авд мины æмæ æхсæзсæдæ адæймаджы радтой алыхуызон дзуаппытæ. Фæлæ нæ дисы бафтыдта, нæ фыдæлты уырнынад æмæ фынджы æгъдауы тыххæй дзуапп æрмæст стæмтæ кæй равзæрстой. Æмæ сæ кæд бирæтæ бабастой нæ зондахаст, дунембарынад, хи дарыны фæткимæ, уæддæр уыцы дзуаппытæ цæуылдæр дзурæг сты. Дызæрдыггаг нæу: нæ нырыккон ирон фынджы уæлхъус бадгæйæ, фылдæрмæ зæрдæйæ кувын æмæ æгъдау дæттын тынг нымад нæ вæййынц. Цæй тыххæй? Кæд мыййаг, ацы фæлдурæджджын рæстæг мулчы фæдыл дугъы исты фесæфтам æмæ йæ не ‘рхъуыды кодтам?

Дыууиссæдз азы размæ нын дзæнæты бадинаг Уататы Бибо, фынджы хистæрæн бадгæйæ, афтæ фæдзæхста: «Кæстæртæ! Нæ фыдæлтæм аргъуантæ æмæ мæзджыттæ нæ уыд. Фынг уыди се ‘рвылбоны кувæн бынат. Фынджы уæлхъус ирон адæм сæхи фæдзæхстой Хуыцау æмæ йе сконд зæдтыл, ныхас кодтой, ахсджиаг хъуыддæгтæ лыг кодтой. Уыцы ран кæстæртæ хистæртæй истой хорз æгъдау æмæ фарн. Уымæ гæсгæ ма рох кæнут ахæм ран уæхи, уаз бынаты куыд æмбæлы, афтæ дарын».

Кучиты Р.

Ныры рæстæг мæм, искуы фынджы уæлхъус бадгæйæ, афтæ

фæкæсы, цыма æндæр адæмимæ дæн æмæ нын фынг у æрмæст цæлгæнæн бынат. Уыимæ цин æмæ зианы фынгтæ кæрæдзимæ хæстæгæй-хæстæгдæр кæнынц, иу фæтк, иу æгъдауыл саразыныл сæ архайæм гуыбындзæлты фæндæй. Æмæ куыд нæ?! Цины бадты сын парахатдæр гæнæнтæ ис фылдæр бануазын æмæ бахæрынæн. Мах та уыдонæн «ма кæн» нæ зæгъæм, уымæн æмæ нæхæдæг дæр ферох кодтам фынджы æгъдæуттæн сæ арф мидис, зыны ма нæм æрмæстдæр сæ уæлцъар. «Махмæ афтæ кæнынц», «хъæуæй хъæумæ дæр хицæн æгъдау ис», «кæй уæрдоны бадыс, уый зарæг кæн» – ахæм дзуаппытæ вæйиы фехъусæн, куы бафæрсай, афтæ цæмæн кæнут, зæгъгæ, уæд.

Уыцы зондимæ иу æгъдаумæ никуы æрцæудзыстæм. Хъуамæ хъуыддагмæ æркæсæм æндæр хуызы. Алы æгъдауы дæр нæ фыдæлтæ æвæрдтой арф мидис, бастой йæ сæ уырнынадимæ, зондахастимæ. Сæ гуыбын æмæ уды æхсызгондзинады фæдыл нæ цыдысты, уыдон сæм фæстаг бынаты уыдысты æвæрд. Абон та сæ бирæтæ сæвæрдтой æппæтæй бæрзонддæр. Зианы фынгыл нуазæнтæ дæттын? Табуафси. Фыдæбонгæнджытæн дзидзайы хуыздæр хæйттæй хæрзад хæринаг акæнын зиан ахæссыны размæ? Уыйбæрц дæр дæ хъæуæд! Чындзæхсæвы æгъдау амарын æмæ дзы зындгонд артистты концерт кæнæ шоу саразын? Æрмæстдæр дæ дзыпп амонæд.

Иудзинадыл фæдзурæм, æнæ уымæй нын фидæн нæй, фæзæгъæм. Фæлæ нæ цы иу кæны, уый ферох кæнæм. Адæмы баиу кæнæн ис æрмæстдæр иумæйаг зондахаст, иу æгъдауы бындурыл. Уым ис йæ рахæцæн. Æнæ уымæй нæй æмзондæмвæнд уæвæн. Бирæ нал сты, æгъдау фидарæй чи хæссы, стæй йæ кæстæртæм чи хæццæ кæны, ахæм куырыхон хистæртæ. Æмæ кæстæрты сæры Ирыстоны алы рæтты алыхуызон зонд куы æвæрæм, уæд уыдон фидæны кæрæдзимæ æцæгæлоны цæстæй кæсдзысты, «сымах–мах»-ыл дих кæндзысты. Уый нын хъуамæ хъуыдыйаг уа. Цæмæй иу æгъдау, иу зондыл хæст уæм, цæмæй нæ фæсивæд фидæнмæ иу фæндагыл цæуой, уый тыххæй «Иры Стыр Ныхас»-ы байгом уыдзæн «Ирон æгъдауы скъола». Уым фæсивæдæн амондзысты, ирон æгъдæуттæн сæ мидис цы у æмæ куыд æххæст кæнгæ сты, уый.

Нæ фыдæлтæ ма хæхбæсты куы цардысты, уæд Ирыстоны алы кæмтты æгъдæуттæ бирæ хæстæгдæр уыдысты кæрæдзимæ. Зæгъæм, туалты быдираг хъæуты æгъдæуттæ тынг фæивтой,

сæ фыдæлтæ сæ хохы куыд кодтой æмæ куыд æмбæрстой, уымæй. Цхинвалы хæрнæджы фынг алыхуызон хæринæгтæй куы байдзаг кæнынц æмæ дзы дæсæй фылдæр айдагъ рухсаджы рæгъытæ куы фæкæнынц, уæд уый цаваер ирон æгъдау у! Сæ кадджын фыдæлтæ Ручъы, Дзомагъы, йе Къуыдаргомы цы æгъдауыл хæст уыдысты, уый куыд нæ хъуыды кæнынц! Уыцы хистæртæ сæ фарн æгас Ирыстоныл дæр куы байтыдтой, уæд æй бирæтæ сыхæгтæй æрбайсгæ æнæапп, æнæмидис цæлгæнæн æгъдæуттыл цæмæн ивынц? Æрыдоны районы нын иу стыр хъæуы чындзхасты арфæйы нуазæн дыууæ хатты нуазын кодтой – раздæр хистæрæй дæлæмæ, стæй та кæстæрæй уæлæмæ. Махмæ, дам, афтæ вæййы. Æз семæ не сразы дæн: «Кæд уæм фæзынди æхæм æгъдау æмæ йæ чи æрхъуыды кодта? Цы амоны иу арфæйы фæдыл дыууæ хатты нуазын?» Ацы хабæрттæ уымæн кæнын, æмæ æгъдаухалæн уæлдай митæ фæзынынц иуæй-иу гуыбындзæлты сæры, иннæтæ сæ бафæзмынц, стæй дарддæр ныффидар вæййынц «æгъдауы» хуызы. Нæ фыдæлтæм бирæ баназын æмæ бахæрын кадджын никуы уыд, æмæ дæ кæд искæцы «æгъдаудомæг» уыцы зондæй иуварс ссоны, уæд æм хъæддых фæлæууын растдæр у.

«Иры Стыр Ныхас» сиды, цæмæй алчидæр кæса нæ иумæйаг хæзна, нæ Ирон Æгъдаумæ йæ сыхы цæстæнгасæй нæ, фæлæ дзæвгар бæрзонддæрæй æмæ бæрнондæрæй, нæ адæмы фидæныл хъуыды кæнгæйæ. Иуы зондæй зонд нæй, хъуамæ хъусæм кæрæдзимæ, хъуамæ иу йæхи иннæтæй зонджындæр æмæ фенджындæр ма хона. Æрмæстдæр афтæмæй ис бамбарæн кæрæдзи.

Фынддæс азы размæ Ныхасы хистæртæ бацæттæ кодтой чындзхаст, чызгæрвыст æмæ марды æгъдæутты чысыл чиныг, цæмæй иу зонд, иу æгъдаумæ æрцæуæм æмæ сæ, кæй куыд фæнды, афтæ мауал раив-баив кæнæм. Куыд зонæм, афтæмæй ирон æгъдæуттыл бирæ чингуытæ æрцыди фыст. Алкæцыдæр дзы ахъаз кæны æгъдæуттæ хуыздæр æмбарынæн. Бирæтæ, чиныг къухмæ райсгæйæ, цы дзы фыст ис, ууыл нæ фæдзурынц, фæлæ авторыл. Чи у, цы кусы, цы зоны? Уый, бæгуыдæр, нæ æвзæрдæр миниуджытæй иу у (ды мæнæй цæмæй лæгдæр дæ?), фæлæ йын нæ бон ницы у. Уæды Ныхасы æгъдæутты комитеты хистæртæ чиныгыл бакуыстой æндæр хуызы. Цалдæр хатты фæхуыдтой сæдæгай хистæрты алы кæмттæй, алы хъæутæй, æмæ уыдонимæ

ærдзырдтой, не ‘гъдæуттæ растдæр куыд кæнгæ сты, ууыл. Æмæиу кæд ныхас хатгай рауади дæргъвæтин æмæ карз, уæддæр иууылдæр тырныдтой иу нысанмæ, æмæ сын уый æххуыс кодта. Ныхасы уæнгтæ фæзылдысты Ирыстоны районтыл æмæ бирæ хъæутыл æмæ дзырдтой адæмимæ. Иумæйаг уынаффæ хи зондыл фидар хæцынæй нæ рæзы, кæмдæр дзы иннæтимæ дæр сразы уæвын фæхъæуы. Цæвиттон, уыцы стыр куыстæй 2003 азы мыхуыры рацыди чысыл чиныг – бæрæгуат «Чындзхаст, чызгæрвыст æмæ марды æгъдæуттæ». Фæстæдæр ма йæм адæмы курдиæттæм гæсгæ бахастой чысыл ивддзинæдтæ, æмæ афтæмæй бæрæгуат æмхъæлæсæй фидаргонд æрцыд ирон адæмы VI съезды, Цхинвалы. Чиныгæн рецензенттæ уыдысты профессортæ Цыбырты Людвиг, Хацырты Анзор, Гуыриаты Тамерлан. Йæ бæрнон редактор та уыд дзæнæты бадинаг Джыккайты Шамил.

Уæдæй абонмæ адæм уыцы чиныгæй пайда кодтой, уыдис аив æмæ зæрдæмæдзæугæ. Фæлæ цард иу ран нæ лæууы, йæ уаварæтæ æмæ йæ домæнтæ ивынц тагъд. Уымæ гæсгæ бæрæгуатæн бахъуыд ног вариант бацæттæ кæнын. Уый тыххæй цалдæр мæйы размæ «Иры Стыр Ныхас»-ы сарæзтам сæрмагонд къамис алы хъæутæй рацæугæ хистæртæй. Уыдон лæмбынæг, кæрæй-кæронмæ æркастысты чиныджы рæнхъытæм. Бахастой йæм æгъдауы мидис æмбарынгæнæн фиппаинæгтæ. Ома, мæнæ ацы æгъдау афтæ æмбæлы кæнын. Фæлæ цæмæн, цы мидис ын ис? Афтæмæй йæ кæстæртæ хуыздæр бамбардзысты æмæ бахъуыды кæндзысты. Чиныджы ног вариант сфидар кодтой «Иры Стыр Ныхас»-ы Ирон æгъдæутты комитеты уæнгтæ, æмæ афтæмæй мыхуыры рацыд. Уæ размæ йæ хæссæм.

Æнæмæнг, разындзæн ахæмтæ, йæхи зонд æмæ фæлтæрддзинад утæппæт хистæрты иумæйаг зондæй бæрзонддæр чи æвæры. Уыдонæн дæр тæрхонгæнæг не стæм, алкæмæн йæ бар – йæхи. Æрмæст-ма иу хатт зæгъдзынæн: цалынмæ алчи æгъдæуттæм æрмæстдæр йæхи кæртæй кæса, уæдмæ сæ иваздзыстæм фæйнæрдæм, ивдзыстæм, зыгъуыммæ сæ кæндзыстæм, æмæ иу зонд, иу æгъдаумæ никуы æрцæудзыстæм. Уый стыр знаггад хæссы кæстæртæн æмæ Иры фидæнæн. Фæстаг къорд азты нæ кæддæры рæсугъд æмæ бæркадджын хуымы цы маргджын хæмпæлтæ æрзад, уыдон абон иумæйаг зондæй куы нæ стонæм, уæд райсом уыцы хуым хъамылæй байдзаг уыдзæн, æмæ йын нæ бон ницыуал бауыдзæн саразын.

Бирæ диссæгтæ фенæн ис абон нæ цин æмæ зианы кæндты-ты. Чи искæй чындзæхсæвы рухсаджы рæгъ рауадзы, чи зианы фынгыл лæугæйæ æмæ къуырццæй нуазын кæны. Ирон Æгъдауæн йæ рæбинаг цæджындзтæ сты: уæздандзинад, æфсарм æмæ хиуыл хæцын. Уыдоны бындурыл æвæрд сты нæ царды, нæ цин æмæ зианы æгъдæуттæ. Цыфæнды уавæры дæр лæг, фыццаджыдæр, хъуамæ уыдоныл хъуыды кæна. Кæд фынгыл хæрд æмæ нозт æрæвæрæм, уæддæр уымæн нæ, æмæ дзы нæ гуыбынтæ байдзаг кæнæм. Иууылдæр зонæм, нæ фыдæлтæм худинаг уыд бирæ нуазын æмæ хæрын. Худинаг фæуæд, адæмæн уæлдай нуазæнты кæнæ æрхъуыдыгонд сидтыты (йе та рæгъыты) хуызы карз нозт тыххæй чи нуазын кæны, уыдонæн! Мах цæуæм æнæгъдауы фæндагыл æмæ фæсмойнаг фæуыдзыстæм! Сыхгай сисæм нæ къух, цы бирæ уæлдай, æнæгъдау митæ фæзынд, уыдоныл! Алы сыхы дæр уынаффæгæнæг хистæртæ равдисæнт сæ лæгдзинад, сæ куырыхон зонд! Иумæ балæггад кæнæм нæ кæстæрты фидæнæн! Кæд уын нæ чиныг уыцы хъуыддаджы фæахъаз уа, уæд мах дæр хуыздæр хорзæхмæ не ‘нхъæлмæ кæсæм. Кæд нæ искæцы хъæу, кæнæ сых бацагурой ныхасмæ, уæддæр зивæг нæ фæкæндзыстæм.

Чиныджы тираж у 10 000 экземпляры. Хъыгагæн, нæ авналæнтæ цыбыр сты, æмæ нæ бон нæ бауыдзæн чиныг алкæй хæдзармæ фæхæццæ кæнын. Дуканиты дæр æй балхæнæн нæма уыдзæн нырма. Районты Ныхасты сæрдарты бар æй бакæндзыстæм, æмæ йæ уыдонæй уыдзæн райсæн лæвар. Дзæуджыхъæуы цæрджытæн дæр сæ хай уыдзæн Ирыстоны, Терчыфалейы, Промышленнон æмæ Цæгат-Ныгуылæйнаг районты Ныхасты разамонджытæм. Цалдæр сæдæ чиныджы æнæмæнг балæвар кæндзыстæм нæ хуссайраг æфсымæртæн æмæ хотæн. Ноджы ма иу хабар. Чиныджы цалдæр грамматикон рæдыды аирвæзт, æмæ-иу нæ уыдоны тыххæй тынг ма бафхæрут – фæстæдæр сæ æнæмæнг сраст кæндзыстæм.

Кæронбæттæны мæ фæнды арфæ ракæнын, кæй зонд, кæй хъæппæрисæй рацыд ацы чиныг, стæй йыл уал азы дæргъы æвæллайгæйæ чи фæкуыста, уыцы бирæ хистæртæн. Сæрмагонд арфæтæ, бæрæгуат кæй зæрдиаг æххуысы æмæ æхцайы фæрæзты фæрцы æрцыд мыхуыргонд, уыдонæн. Дæс хатты фылдæрæй сыл бафтæд. Йæ адæмыл зæрдиагæй чи ауды, уыдоны Хуыцау æмæ адæмы хорзæх уæд!

РАЗАГЪДЫ ЛÆГТÆ

СОЛÆМАН-ПАДДЗАХ

Библийы Рагон Фæдзæхсты хæйттæй иу хуыйны «Зарджыты зарæг». Нымад у незаманты поэтикон уацмыстæн сæ тæккæ ахсджиагдæрыл. Фысгæ та йæ ныккодта Солæман-Соломон, дзуттагау – Шеломо. Райгуырди нæ эрæйы агъоммæ 965-æм азмæ æввахс, мæлгæ та акодта 928-æм азмæ æввахс. Дзырд Соломон амоны ***сабыр****.*

Солæман уыди паддзах Давиды фырт. Йæ фыды фæндонмæ гæсгæ æхсæрдæсаздзыдæй ссис Израилы паддзах. Йæ алыварс æрæмбырд кодта, иузæрдион ыл чи уыд, ахæм адæмы.

Цы хорз хъуыддæгтæ бакодта, уыдон бирæ сты, фæлæ Хуыцауы номыл кувæндон кæй сарæзта, уый тыххæй дзы уæлдай бузныг уыдысты адæм.

Йæ диссаджы зонд, йæ рæстзæрдæйы фæрцы Солæманы ном ныхъхъæр æгас дунейыл. Зонд райсыны тыххæй йæм цыдысты алы бæстæты паддзæхтæ.

Фæлæ мулк æмæ алыхуызон хæзнатæ адæймаджы куырм кæнынц. Боныфæстагмæ Солæман дæр æнæуаг митыл фæгæрз, йæ монцты цагъар ссис, йæхицæн егъау гарем саразын кодта, уыдис ын 700 усы æмæ 300 хæзгулы.

Фæлæ уыцы фарны лæг йæ адæмæн бирæ хæрзты бацыди. «Библейская энциклопедия»-йы афтæ фыст ис: «...век Соломона был самым благоприятным вообще для наук и искусств. Искусство строительное, плавильное, искусство гравирования на драгоценных камнях, обработка металлов, золочение, искусство

скульптурное получили значительное усовершенствование. Постройка храма, царских дворцов и их богатое убранство, изящные произведения, золотые, из слоновой кости и резные из дерева, музыкальные инструменты всякого рода – все это поощряло и развивало художественный дух народа. Архитектура явилась в формах более изящных и утонченных, сообразных со вкусом. Астрономия сделалась наукой практическою и не замедлила сделать значительные успехи. Соломон обладал обширными знаниями и в медицине. Он написал также трактаты о всех животных, птицах, деревьях, растениях, которые, к сожалению, не дошли до нас».

Фæлæ махæн æппæтæй ахсджиагдæр сты ацы разагъды лæджы поэтикон уацмыстæ «Зарджыты зарæг», «Екклесиаст», «Солæманы æмбисæндтæ», 71-æм æмæ 126-æм псаломтæ æмæ а. д.

Нæ эрæйы агъоммæ IV æнусы «Зарджыты зарæг» хаст æрцыди Библимæ. Ацы поэмæйы тыххæй номдзыд раби Акива афтæ загъта: «Библийы æппæт уацмыстæ дæр табуйаг сты, фæлæ «Зарджыты зарæг» табуйæгты табуйаг у». Уацмысы дунемæ, кувæндонмæ цæуæгау, бацæуæн ис, рагагъоммæ дæхи куы бацæттæ кæнай, æрмæстдæр уæд.

Солæманы тыххæй кадджытæ, æмбисæндтæ бирæ сты. Нæ журналæн дзы равзæрстам æрмæст цалдæр, ранæй-рæтты цыбыртæгондæй.

СОЛÆМАН-ПАДДЗАХЫ ТЫХХÆЙ КАДДЖЫТÆ, ÆМБИСÆНДТÆ

Солæманы зонд

Æхсæвыгон Солæманмæ йæ фыны æрбацыди Хуыцау æмæ йын загъта: «Кур, цы дæ хъæуы, уый дын дæ хай бакæндзынæн».

– Дæ цагъарæн ратт зондджын зæрдæ, – загъта Солæман. (...)

Уæд Хуыцау Солæманæн афтæ:

– Дæхицæн бирæ цæрæнбон, исбон, знагыл уæлахиз кæныны тых кæй нæ куырдтай, фæлæ зонд, уый тыххæй дын ратдзынæн, цы курыс, уый, стæй, цы нæ курыс, уый дæр.

Æппæт адæмæй зондджындæр

«Уый уыд æппæт адæмæй зондджындæр».

Паддзæхтыл тас æфтыдта.

Адæмтæ иууылдæр уыдысты йæ дæлбар, чи йæ нæ уарзта, цыфыддæр знаг æй чи хуыдта, уыдон та – йæ хæлæрттæ.

Уыди тынг хъæздыг æмæ хъомысджын, æнæкæрон зæххыты хицау, æвзист æмæ йæм сызгъæрин – хæрх. Æмбисæндтæн-иу сæ апп уайсахат райхæлдта, дунейы сусæгтæ-иу цыфæнды арф æмбæхст куы уыдысты, уæддæр-иу сæ раиртæста.

Йæ ном нæрыди паддзæхты ‘хсæн, разагъды зондджынты ‘хсæн та æдзухдæр уæлахиз кодта.

Паддзæхтæ йæм цыдысты уынынмæ, йæ зонды ныхæстæ фехъусынмæ.

Арвы сусæгтæ райхалын кæй бон уыд, уыцы рæстзæрдæ æмæ сыгъдæг лæгмæ вельможæтæ лæггадгæнджытæй æрвыстой сæ læппутæ æмæ чызджыты.

Денджызы кæсæгтæ, арвы мæргътæ, цæрæгойтæ æмæ сырдтæ сæхи къахæй цыдысты æргæвдæнтæм, цæмæй сын сæ фыдызгъæл æрæвæрой Солæманы фынгыл.

Рардæуыд ын æмбисонды дæгъæл зонды æмæ зæрдæйы кулдуæрттæ гом кæнынæн.

Уый зыдта мæргъты, цæрæгойты æмæ хъæддаг сырдты æвзаг.

Сагтæ æмæ-иу сæгуыттæ зæрдæрухсæй згъордтой йæ разæй, домбæйттæ æмæ фæранктæ уыдысты йæ хотыхдартæ.

Дыууæсæрон лæг

Иуахæмы дæлимонты паддзах Асмодей Солæманмæ æрбацыд æмæ йын загъта:

– Æппæт адæмæй зондджындæр у, зæгъгæ, кæй тыххæй фыссынц, уый ды дæ?

– О, дзуапп ын радта Солæман. – Хуыцау мын ахæм зæрдæ бавæрдта.

– Æмæ фæсмон нæ кæныс? – дзырдта дарддæр Асмодей. – Æз дын ахæм диссаг равдисдзынæн, дæ цæсты кæронæй дæр кæй никуы федтай.

– Равдис.

Асмодей йæ цонг «Тевел»-ы бæстæйырдæм аивæзта, æмæ Солæманы раз фегуырди дыууæсæрон адæймаг, йæ алы сæрыл

дæр – дыууæ цæсты. Солæманы буар æнæхъæнæй дæр барызт æмæ, цыдæр æнахуыр катай тыххæй уромгæйæ, загъта:

– Уæртæ йæ мæ уатмæ акæнут.

Солæман Иегойадæйы[1] фырт Бенайамæ фæдзырдта æмæ йæ бафарста:

– Куыд дæм кæсы, нæ бынмæ адæм цæры?

– Дæ удæй дын ард хæрын, мæ паддзах – фидарæй мæ бон зæгъын ницы у. Æрмæст Ахитофелæй фехъуыстон, кæмдæр нæ бынмæ адæм кæй цæры, уый.

– Æмæ цы зæгъис, ахæм адæймаджы дæм куы равдисин, уæд?

– Æмæ уымæн гæнæн куыд и? Нæ зæххæн йæ тæккæ арфдæр бынатмæ цæмæй ныххæццæ уай, уый тыххæй фондз фондзыссæдз азы цæуын хъæуы. Стæй ма мах зæххæй уыцы зæххы ‘хсæн дæр иу уыйбæрц ис.

Солæман уыцы адæймаджы æрбахонын кодта. Бенайа йæ куы ауыдта, уæд йæ армытъæпæнтæй йæ цæсгом амбæрзта æмæ загъта:

– Табу Дын, не Скæнæг Хуыцау, Дун-дунейы Паддзах, мæн ацы заманмæ чи фæцæрын кодта!

– Цавæр мыггаг æмæ адæмыхаттæй дæ? – бафарста Солæман дыууæсæрон адæймаджы.

– Адамы мыггагæй дæн, Каины байзæддæгтæй, – дзуапп радта дыууæсæрон лæг.

– Æмæ кæм цæрыс?

– «Тевел»-ы бæстæйы.

– Хур æмæ уæм мæй ис?

– Ис.

– Хур уæм кæцырдыгæй скæсы æмæ кæцырдæм аныгуылы?

– Скæсы ныгуылæнырдыгæй, ныгуылгæ та скæсæнырдæм акæны.

– Кусгæ та цы кæнут?

– Хуым кæнæм, хор æфснайæм, фос хизæм.

– Кувгæ кæнут?

– О.

– Уæ куывды сæр цы у?

– Куыд æгæрон бирæ сты Дæ хъуыддæгтæ, Хуыцау! Цы разагъды зондæй сфæлдыстай алцыдæр!

---

[1] Давиды хæстон балхонтæй иу. Давид та Солæманы фыд уыди.

– Кæд дæ фæнды, – загъта Солæман, – уæд дæ фæстæмæ дæ бæстæмæ ауадздзыстæм.

– Хуыцауæй курæгау уæ курын, ауадзут мæ.

Солæман Асмодеймæ фæдзырдта æмæ йын загъта:

– Ацы лæджы йæ бынатыл сæмбæлын кæн.

– Нæ, – дзуапп радта Асмодей, – тъымы-тъыматæм дæр æй мæ бон нал у йæ бæстæмæ арвитын.

Дыууæсæрон лæг куы бамбæрста, йæ раздæры бынатмæ йын ацæуæн кæй нал ис, уый, уæд ус ракуырдта æмæ уæлæуыл цæргæйæ баззади.

Йæ ус ын авд фырты ныййардта, æхсæз дзы уыдысты сæ мады хуызæн, æвдæм та – йæ фыды халдих, дыууæ сæры йын дыгай цæстытимæ.

«Тевел»-ы бæстаг лæг зæххы куыст кæнынмæ бавнæлдта æмæ сси дунейы бонджындæр лæгтæй иу.

Рацыди къорд азы. Уыцы лæг амард, йæ бынтæ та йæ цотæн баззадысты.

Бындартæ быцæу кæнын райдыдтой. Æхсæз æфсымæры дзырдтой:

– Авд æфсымæры стæм æмæ нæ фыды бынтæ хъуамæ авд дихы акæнæм.

Дыууæ сæры кæуыл уыд, уый та афтæ загъта:

– Нæ, авд не стæм, фæлæ аст, æмæ мæнмæ хъуамæ дыууæ хайы æрхауа.

Авдæй дæр Солæманмæ бацыдысты æмæ йын загътой:

– Нæ паддзах! Авд æфсымæры стæм, фæлæ мæнæ дыууæ сæры кæуыл ис, уый ныццæхгæрмæ, аст, дам, стæм æмæ, дам, нæ фыды бынтæй мæнмæ дыууæ хайы хауы.

Солæман йæ дæлбар адæмы æрæмбырд кодта æмæ фæрсы:

– Куыд уæм кæсы ацы хъуыддаг?

Дæлбарты бон нæ уыд исты дзуапп раттын.

– Райсом-иу сæумæйæ æрбацæут, – загъта паддзах æфсымæртæн.

Куы ‘рталынг, уæд Солæман кувæндонмæ бацыд æмæ Хуыцауæй куры:

– О Дунедарæг Хуыцау! Гаваоны мæм Дæхи куы равдыстай, уæд мын загътай: кур, цы дæ хъæуы, уый. Нæдæр æвзист куырдтон, нæдæр сызгъæрин, куырдтон æрмæстдæр зонд, цæмæй адæмæн раст тæрхон кæнон.

Хуыцау ын дзуапп радта:

– Райсом дæ фæхайджын кæндзынæн зондæй.

Дыккаг райсом Солæман Синедрионы æппæт уæнгты дæр æрæмбырд кодта æмæ сын загъта: «Æрбакæнут дыууæсæрон læджы».

Æрбакодтой йæ.

– Бавзарæм ацы læджы: кæд йæ иу сæр æмбары, йæ иннæ сæр цы гæнæг у, уый, уæд æй банымайын хъæудзæн иу адæймагыл, кæд нæ, уæд та хъуамæ нымад æрцæуа дыууæ адæймагыл. Фыцгæ дон-ма æрбахæссут, – загъта Солæман.

Æрбахастой дон. Солæман та бардзырд радта:

– Иу сæрыл æй ауадзут.

– Нæ паддзах! Нæ паддзах! – ниуæгау ныккодтой дыууæ сæры. – Мæлæм! Мæлæм!

Уыцы ныв ауынгæйæ, адæмы дисæн кæрон нал уыди.

Læг æмæ калмы быцæу

Læг быдыры фæцæйцыд, йæ къухы æхсыры дурын, афтæмæй. Иу ран ыл калм амбæлди. Фырдойныйæ хъырды кодта, æмæ йæ læг фæрсы:

– Цæуыл хъæрзыс?

– Дойныйæ мæлын. Дæ дурыны та цы ис?

– Æхсыр.

– Аваер-ма мын дзы, æмæ дын æз, хæзнатæ кæм сты, уый бацамондзынæн.

Læг ын æхсыр бадардта.

– Ныр мын бацамон, хæзнатæ кæм сты, уый.

– Мæ фæстæ цу, – загъта калм æмæ йæ иу егъау дуры цурмæ бахуыдта. – Мæнæ ацы дуры бын сты хæзнатæ.

Læг дур иуварс абырын кодта, зæхх ракъахта, хæзнаты къопп систа æмæ йæ хæдзармæ фæраст. Калм сусæгæй бахъуызыди, læджы хъуырмæ сбырыд æмæ йыл æртыхсти.

– Цы ми кæныс? – фæхъæр кодта læг.

– Хъуамæ дæ амарон, – дзуапп радта калм, – мæ хæзнатæ мын кæй рахастай, уый тыххæй.

– Цом-ма Солæманмæ, – загъта læг. – Уый нын раст тæрхон рахæсдзæни.

– Цом, – загъта калм дæр, фæлæ læджы хъуырæй нæ рахылди.

Læг Солæманæн ныллæгъстæ кодта.

– Цы фæнд дæм и? – бафарста Солæман калмы.

– Хъуамæ ацы лæджы амарон.

– Фыццаджы-фыццаг уал хъуырæй дæлæмæ рабыр: кæд мæм тæрхон рахæссыны тыххæй æрбацыдыстут, уæд мæм хъуамæ хъусгæ кæнат.

Æрбырыди калм, уæдæ цы уыдаид.

– Ныр дæм хъусын, – дзуры Солæман калммæ. – Дзур.

– Æз домын, – райдыдта калм, – цæмæй мын бар лæвæрд æрцæуа ацы лæджы амарын. Хуыцауы фæндон ахæм уыдис: «Йæ зæвæтыл ын-иу фæхæц».

Лæг æвиппайды калмы сæр йæ къахæй ныцъцъæл кодта.

Уæдæй фæстæмæ баззад æмбисонд: «Æппæты хуыздæр калмæн дæр йæ сæр ныцъцъæл кæн».

Æртæйæ кæцы?

Æртæ бæлццоны фæцæйцыдысты фæндагыл. Куы сыл æризæр, уæд иу æрдузы сæхи æруагътой. Кæмæ цы ‘хца уыд, уыдон баиу кодтой æмæ сæ бæрæг ран бамбæхстой, сæхæдæг æрхуыссыдысты. Æмбисæхсæв сæ иу сыстад æмæ æхцатæ æндæр ран бафснайдта. Райсомæй бæлццæттæ сыстадысты æмæ се ‘хца райсынмæ бацыдысты. Куы ницы ссардтой, уæд кæрæдзимæ фесты, ды сæ адавтай, нæ, ды уыдтæ давæг, зæгъгæ. Фæстагмæ сæ хъаст бахастой Солæман-паддзахмæ.

Паддзах сын сæ ныхæстæм байхъуыста, стæй загъта, райсомиу мæм æрбацæут, зæгъгæ. Йæхæдæг та хъуыдыты аныгъуылди, давæджы цы мадзалæй ссарон, зæгъгæ. Фæндыдис æй, цæмæй аххосджын йæхи дзыхæй басæтта йе ‘наккаг мийыл. Дыккаг бон æм бæлццæттæ куы ‘рбацыдысты, уæд сæм Солæман дзуры:

– Æрыхъуыстон, ахуыргонд, хæд-зонд адæм, дам, стут, стæй быцæйуаг хабæрттæ æвзарынмæ – фæлтæрд. Гъемæ мæм иу паддзах æрхатыди, баххуыс мын кæн, зæгъгæ. Цæвиттон, уыцы паддзахæн йæ бæстæйы уыд æрыгон лæппу æмæ чындздзон чызг. Кæрæдзийы бауарзтой, æмæ лæппу чызгæн загъта: «Ард мын бахæр, æнæ мæн бафæрсгæйæ мой кæй никæмæ скæндзынæ, уый тыххæй».

Чызг ард бахордта. Цасдæр рæстæджы фæстæ йæ æндæр адæймагæн радтой. Дыууæ æрыгон уды хибарæй куы баззадысты, уæд чындз лæппуйæн афтæ: «Мæ бон нæу дæ цардæмбал суæвын, цалынмæ мæ раздæры усгурæй бар ракурон, уæдмæ».

Йæ раздæры усгурмæ бацыд æмæ йын загъта: «Æвзист æмæ дын сызгъæринæй дæ рæбын байдзаг кæндзынæн, æрмæст мын бар ратт, цæмæй мæ цард бабæттон, моймæ мæ кæмæ радтой, уыимæ».

«Уæдæ дæ ард фехæлдтай, – дзуапп ын радта лæппу. – Дæуæй мæ мисхалы бæрц дæр ницыуал хъæуы. Цæугæ, сæрибар дæ».

Чындзы мой дæр уыцы сахат сæ цуры уыд, æмæ йын лæппу арфæ ракодта: «Амонджын у дæ ног къаимæ».

Фæстæмæ куы здæхтысты ног бинонтæ, уæд сыл сæхи андзæрстой фыдгæнджытæ. Се ‘хсæн уыд иу зæронд лæг. Уымæ фаг нæ фæкастысты, æрыгон бинонтæй цы ‘взист æмæ сызгъæрин æхцатæ байстой, уыдон æмæ ма йæ æрфæндыд æрыгон сылгоймагæй йæ мондæгтæ сисын.

Æмæ сылгоймаг радзырдта, дыууæ усгуримæ йæ хабæрттæ куыд рауадысты, уый.

«Ахъуыды кæн, – йæ ныхасмæ ма бафтыдта сылгоймаг, – фыццаг усгурмæ уыд æппæт бартæ дæр, фæлæ йæ монцты рохтыл ныххæцыд æмæ мыл æндзæвгæ дæр нæ акодта, ды та зæронд лæг дæ æмæ хъуамæ дæхиуыл хæцын бафæразай. Цы ‘взист æмæ сызгъæринтæ байстат, уыдон уын хæлар фæуæнт, æрмæст мах æнæфыдбылызæй ауадзут».

Сылгоймаджы ныхæстæ стигъæгмæ бахъардтой, йæ цæстæнгас арвмæ сарæзта, йæхиуыл æрхудти, хъуыдыты аныгъуылд, ай мæ мæрдтæмвæндагмæ дзагъултæ куы кæнын, уæд цы сæрра дæн, зæгъгæ, æмæ æрыгон бинонты канд уадзгæ нæ акодта, фæлæ сын се ‘взист æмæ сызгъæринтæ дæр радта.

– Ацы цау цы бæстæйы æрцыди, – загъта Солæман, – уымы паддзах мæ фæрсы, раппæлинагдæр, дам, дзы чи у, кæй кой ракодтон, уыдонæй. Гъемæ сымахæй курын: феххуыс мын кæнут.

– Нæ паддзах, – дзуапп радта бæлццæттæй иу, – мæнмæ гæсгæ, æппæтæй раппæлинагдæр у сылгоймаг, йæ ард кæй нæ фехæлдта, уый тыххæй.

Дыккаг бæлццон загъта:

– Æппæтæй растдæр мæм кæсы æрыгон мой: цалынмæ фыццаг усгурæй бар нæ ракуырдта, уæдмæ йæхиуыл хæцын бафæræзта æмæ сылгоймагмæ нæ бавнæлдта.

– Цытæ дзурут, цы! – фæхъæр ласта æртыккаг лæг. – Æз æппæтæй тынгдæр дис кæнын стигъæг зæронд лæгыл: иуæй сылгоймагмæ нæ бавнæлдта, иннæмæй утæппæт æхцатæ, лæгдыхæй кæй байстой æмæ адæмæн æмбисонды хъæздыг кæй

фæрцы суыдаид, уыдон фæстæмæ куыд радта!

Æмæ загъта паддзах Солæман:

– Мæнæ уе ‘ртыккаг æмбал, уынгæ дæр кæй нæ фæкодта, уыцы æхцаты тыххæй афтæ цыбæлæй дзуры æмæ диссаг. Уагæр ма, стигъæгмæ цы æвзист æмæ сызгъæрин уыд, уыдон йæ къухы куы уыдаиккой...

Æмæ Солæман дзырд радта, цæмæй æртыккаг æмбалы ахæстонмæ акæной. Лæгæн ма цы гæнæн уыд æмæ басаст, æхца кæй адавта, ууыл, стæй сæ кæм бамбæхста, уый дæр бацамыдта.

Солæман æмæ мысыйраг зонд

«Солæманы зонд тыхджындæр уыди Хурыскæсæны æппæт адæмы æмæ мысыйрæгты зондæй».

Цавæр уыд мысыйраг зонд?

Солæман сфæнд кодта кувæндон саразын. Æмæ фараон Нехойæ куырдта, арæхстджын амайджытæ мын рарвит, дæ хорзæхæй, æхца сын æнæмæнг бафиддзынæн, зæгъгæ. Цы бакодта фараон? Астрологтæм фæдзырдта æмæ сын загъта:

– Стъалытæм кæсут æмæ раиртасут, архитектортæй ацы аз чи амæлдзæн, уыдоны – æз сæ Солæманмæ арвитон.

Фараон кæй рарвыста, уыдон Солæманмæ куы ‘рбацыдысты, уæд «адæмты зондджындæр» Сыгъдæг Уды æххуысæй базыдта, амайджытæ ацы аз кæй амæлдзысты, уый. Солæман сæ алкæмæн дæр мæрддзæгтæ радта æмæ сæ гæххæттимæ фæстæмæ сæ райгуырæн бæстæм арвыста. Гæххæтты та Солæман фараонмæ афтæ ныффыста: «Æвæццæгæн дын дæ мæрдты баныгæнынæн мæрддзæгтæ нæ фаг кæны. Гъемæ дæ адæмы дæхицæн уадз сæ мæрддзæгтимæ».

Самир

Солæманæн загътой, зулкъ Самир кæм æмбæхст ис, уый, дам, дæлимонты ‘лдар Асмодейæ дарддæр ничи зоны. Асмодей та царди хохы бын лæгæты. Уым уыди стыр къæйæ æхгæд цъай. Къæйыл – Асмодейы мыхуыр æвæрд.

Асмодей-иу алы бон дæр схызт арвмæ – æрвон зондæй фæхайджын уон, зæгъгæ. Уырдыгæй та-иу зæхмæ æрхызти – зæххон зондæй фæхайджын уон, зæгъгæ. Стæй-иу бабæрæг кодта йæ цъай. Мыхуыр йæ бынаты ис, уый-иу куы базыдта, уæд-иу къæй

систа, дон-иу банызта, цъай-иу къæйæ бамбæрзта æмæ-иу ацыди.

Солæман Бенайамæ фæсидти, рæхыс, къухдарæн, фысы къуымбил æмæ йæм сæнæй дзаг лалымтæ радта æмæ йæ арвыста Асмодеймæ.

Бенайа Асмодейы лæгæтмæ бацыди, цъайæ арфдæр чи уыд, ахæм дзыхъхъ ын йæ фарсмæ скъахта, цъайы дон уырдæм бауагъта, хуынкъ къуымбилы гуцъулайæ сæхгæдта, дзыхъхъы уæллаг хайы та цъаймæ хуынкъ скодта æмæ дзы сæн аскъæрдта. Стæй бæласмæ сбырыд æмæ æнхъæлмæ каст Асмодейы фæзындмæ.

Уалынджы Асмодей дæр æрбацыд, мыхуырмæ æркасти, цъай байгом кодта æмæ уыны: доны бæсты дзы – сæн.

– Нæ, – загъта Асмодей, – сæн адæймагæй хъазæнхъул аразы, æмæ йæ чи уарзы, уый сæ зондджынтæй нæу.

Йæхи иуварс айста, нæ дзы банызта. Фæлæ куыдфæстæмæ дойныйæ хъырды кæнын байдыдта, йæхи нал баурæдта æмæ сæн иууылдæр банызта. Срасыг, уæдæ цы уыдаид, æмæ тæгæр фынæй баци. Бенайа бæласæй æрхызт æмæ йæ рæхысæй сбаста.

Асмодей куы райхъал, уæд абухын байдыдта.

– Æнцад æрлæуу! – загъта Бенайа. Атардта йæ йæ разæй. Пальмæмæ куы бахæццæ сты, уæд ыл дæлимонты ‘лдар йæхи ахафта æмæ йæ афæлдæхта. Иу хæдзары рæзты та куы фæцæйцыдысты, уæд уый дæр афæлдæхта.

Чи фæдзæгъæл, ахæм лæг сыл амбæлд. Асмодей йын ахуыс кодта фæндагмæ рахизынæн. Уый фæстæ сæ размæ фæци, цудтытæгæнгæ чи цыд, ахæм саурасыг лæг. Уый дæр та Асмодей фæндагмæ ракодта. Цæуынц дарддæр, æмæ та сыл чындзхæсджытæ æрбамбæлд. Асмодей сæ цингæнгæ куы ауыдта, уæд скуыдта. Фæндаггæрон иу лæг дзабырхуыйæгмæ дзуры: «Ахæм дзабыртæ мын бахуый, авд азы кæй фæдарон!»

Дæлимонты ‘лдар худæгæй бакъæцæл. Уалынджы та сæ размæ фæци кæлæнгæнæг – йæ тæккæ кæлæнтæгæнгæ уыд. Асмодей та хъæрæй ныххудти.

Солæманмæ йæ æрбакодтой. Асмодей хъæзы зæнг райста, цыппар æрмæрины йас æй скодта æмæ йæ Солæманы раз æрæппæрста:

– Дæ мæлæты фæстæ ма дæм зæххæй айбæрц æрхаудзæн, ныр та æгас дуне дæ къухы ис, фæлæ дын уый дæр фаг нæу. Ныр мæнæй дæр цагъар скæнынмæ хъавыс!

– Æз дæ æрмæст иунæг хъуыддаг агурын. Хуыцауы кувæндон аразын, гъемæ мæ Самир хъæуы.

– Самир, – дзуапп радта Асмодей, – мæнмæ нæ уыди, фæлæ денджызы бардуагмæ. Денджызы бардуаг та йæ уасæг Бары бæрны бакодта. Бар ын ард бахордта, Самиры кæй бахъахъхъæндзæн, уый тыххæй.

– Æмæ уасæг Самирæй цы кæны?

– Æгайнæг къæдзæхтæм æй бахæссы, айнæгыл æй сæвæры, æмæ айнæг дыууæ дихы фæвæййы. Бар сын се ‘хсæн бæласы мыггæгтæ ныппары, æмæ уыцы бынаты хъæу февзæры.

Барæн йæ ахстон бацагуырдтой, фæлмæхгæд авгæй йæ бамбæрзтой. Æрбатахт уасæг. Йæ ахстонмæ йын бахизæн нал ис, уый куы бамбæрста, уæд авгыл Самиры æрæвæрдта, цæмæй йæ асæтта. Уасæгыл сыджыты къуыбар фехстой. Самир æрхауд, æмæ йæ рахастой.

Уасæг Бар йæ ард кæй фæсайдта, уый бамбæрста, ацыд æмæ йæхи ныххурх кодта. Бенайа Асмодейы фæрсы:

– Куырм лæг ныл куы амбæлд, уæд ын цæмæн баххуыс кодтай фæндагмæ рахизынæн?

– Уыцы куырм раст лæг кæй у, уый уæлæрвты зонынц, æмæ йын гыццыл æххуыс дæр чи бакæна, уымæн мæрдты удыбæстæ уыдзæни.

– Расыг лæджы та цæмæн ракодтай фæндагмæ?

– Уый дæр уæлæрвты зонынц, сраст кæнæн кæмæн нал ис, ахæм кæй у, уый, æмæ йын йæ зæххон царды иу исдуг удæнцой скодтон, цæмæй æнусон цардæй бынтон æнæхай фæуа.

– Чындзхæсджытæ ныл куы ‘рбамбæлдысты, уæд цæмæн скуыдтай?

– Уымæн æмæ ног усджын йæ чындзæхсæвы фæстæ дæс æмæ ссæдз боны дæр нал ацæрдзæн, йæ усы та æнхъæлмæ кæсын бахъæудзæни дæс æмæ ссæдз азы – цалынмæ йæ лæджы гыццыл æфсымæр байрæза, уæдмæ[1].

– Йæхицæн дзабыртæ чи хуыйын кодта, уыцы лæджы ныхæстыл та цæмæн ныххудтæ?

– Уыцы лæг йæхæдæг авд азы нæ фæцæрдзæн, афтæмæй, авд азы кæй фæдара, ахæм дзабыртæ хуыйын домдта!

Уæд кæлæнгæнæгыл та цæмæн худтæ?

– Кæм бадтис, уым диссаджы хæзнаты чырын ныгæд ис. Кæлæнгæнæг та сын æмбаргæ дæр ницы кæны!..

---

[1] Моисейы закъонмæ гæсгæ, чындзæн йæ мой куы амæла, уæд хъуамæ йæ тиуимæ бацæра.

Кувæндон æмæ Солæманы хæдзар

Самир иттæг хорз арæхсти хъæдæрмæг æмæ дуртæ лæгъз кæнынмæ, кæрдынмæ. Сфæлдисæджы кувæндон æмæ Солæманы хæдзар аразгæйæ зулкъ стыр ахъаз фæци кусджытæн. Зынаргъ дуртæм-иу афтæ базылд, æмæ хурау цæхæртæ калдтой.

Самир уыди хъæбæрхоры нæмыджы йас. Цыфæнды фидар дзауматæ дæр йæ коммæ кастысты. Æфснайд та уыди зды лагъзы къуымбилы тыхтæй. Лагъзы-иу ныккодтой хъæбæрхоры луарæнтæ.

Кувæндон арæзт куы фæци, уæд дзы Солæман ныссагъта сызгъæрин бæлæстæ. Уыдон афоныл лæвæрдтой дыргътæ. Уддзæф-иу куы рацыд, уæд-иу уыцы дыргътæ згъæлын байдыдтой. Хардз та сæ кодтой дины кусджытыл.

Кувæндонмæ æддагон знæгтæ куы ‘рбабырстой, уæд бæлæстыл дыргътæ нал зади. Фæлæ та фидæны:

Æнæдон быдыр райхъал уыдзæн ногæй.
Æдзæрæг бæстæ рухс дидинæг калдзæн,
Æгас дунетыл анæрдзæн йæ кад.

Цалынмæ кувæндон арæзтой, уæдмæ кусджытæй иу дæр нæ амарди, стæй дзы рынчын дæр ничи фæци. Уæдæ кусæнгæрзтæ дæр баззадысты æнæхъæнæй – нæдæр дзы бел асасти, нæдæр фæрæт.

Фараоны чызг

Кувæндон куы сræвдз, уæд уыцы æхсæв Солæман æмæ фараоны чызг Бифийайæн уыди чындзæхсæв. Цæвиттон, дыууæ бæрæгбоны баиу сты: чындзæхсæв дæр сарæзтой, стæй Хуыцауы кувæндоны дæр зæдтыл бафæдзæхстой. Фæлæ чындзæхсæвы фынгты бæркæдтæ, адæмы райдзаст æнгас æмæ иумæйаг уавæр дзæвгар тынгдæр сахадыдтой Хуыцауы кувæндоны бæрæгбонæй. Дунедарæгæн уый фæхъыг æмæ сфæнд кодта Иерусалим фехалын.

Таурæгъ куыд амоны, афтæмæй Бифийа йемæ æрбаласта мингай музыкалон инструменттæ, æмæ музыканттæ алыхуызон гимнтæ цагътой. Бифийа иу цыппарыссæдз кафты ракодта Солæманы раз. Ноджы сылгоймаг Солæманы хуыссæнуаты сæрмæ сауыгъта диссаджы гауыз: мидæджырдыгæй цæхæртæ калдта алыхуызон зынаргъ дуртæй æмæ талынджы стъалытау æрттывтой.

Таурæгъ дзуры: кувæндоны бæрæгбон райдыдта хурыскастæй

цыппар сахаты фæстæдæр, уымæн æмæ-иу Солæман куы райхъал, уæд æм гауызыл конд зынаргъ дуртæ стъалыты хуызæн зындысты, æмæ та-иу бафынæй. Кувæндоны дæгъæлтæ та йæ нывæрзæн уыдысты. Адæмæн тынг хъыг уыди кувæндоны зæдтыл ныффæдзæхсыны хъуыддаг кæй ныффæстиат, уый. Фæлæ паддзахы райхъал кæнын ничи уæндыд. Уæд Солæманы мад Вирсавимæ бацыдысты æмæ йын хабар радзырдтой. Вирсави Солæманы райхъал кодта. Йæ дзабыр раласта æмæ дзы йæ фыртыл хафт-хафтæй ралæууыди, хъæр кодта, афтæмæй: «Гъа, уæдæ, мæ фыдгуырд, гъа, уæдæ, æнаккаг!»

Солæман фараоны чызгимæ йæ цард куы баиу кодта, раст уыцы сахат уæларвæй æртахти зæдты хистæр Гавриил, денджызы хъæзы зæнг ауагъта, æмæ уыцы бынаты денджыз стæнæг. Фæстæдæр уым бындур æвæрд æрцыди Ромы сахарæн.

Паддзахæй рауад мæгуыргур

Солæман Асмодейы нæ ауагъта, цалынмæ кувæндон не сræвдз, уæдмæ.

Иуахæмы, дыууæйæ куы баззадысты, уæд æй Солæман фæрсы:

– Зæгъ-ма, сымах махæй цæмæй тыхджындæр стут?

– Мæ рæхыстæ мын райхал, стæй мын дæ къухдарæн ратт æмæ уæд дæхи цæстытæй фендзынæ, цæмæй тыхджындæр стæм, уый, – дзуапп радта Асмодей.

Солæман ын йæ рæхыстæ райхæлдта æмæ йæм йæ къухдарæн радта. Асмодей Солæманы фелвæста æмæ йæ аныхъуырдта. Стæй йæ иу базыр зæхмæ фæбыцæу кодта, иннæ та – арвмæ æмæ йæ йæ хъæлæсæй сæппæрста. Уый фæстæ йæ систа æмæ йæ йæ тых, йæ бонæй нывзылдта авд арвы æддемæ. Фæстæдæр Солæманæн уыцы исдуг йæ зæрдыл куы ‘рлæууыд, уæд «Екклесиаст»-ы загъта:

– Цы пайда ис адæймагæн хуры бын йе ‘ппæт фæллæйттæй? Ау, æндæр хай мæм не ‘рхауди мæ бирæ фæллæйттæй? Лæдзæг йеддæмæ мæм ницыуал баззад. «Израилы паддзах уыдтæн», ныр та дæн айдагъ мæ лæдзæджы паддзах...

Æмæ мæгуыргуры хызын йе ‘фцæгыл бафтыдта, афтæмæй къæбæргур зылди.

– Æз, – дзырдта лæг, – дæн динамонæг, уыдтæн Израилы паддзах Иерусалимы.

– Паддзах Солæман, – дзуапп ын лæвæрдтой адæм, – йæ

къæлæтджыны бады Иерусалимы, ды та, сæнтдзæф цыдæр, дæхи паддзах хоныс.

Æмæ-иу æй хъæзын лæдзджытæй фæнадтой, стæй йын-иу цыдæр æнæбары къæбæртæ радтой фынджы уæлдæйттæй.

Цъæх кæрдæджытæ

Солæман мæгуыргур куы зылд, уæд æм иуахæмы иу лæг бацыд æмæ йын уæзданхуызæй афтæ:

– Мæ паддзах! Дæ хорзæхæй, мидæмæ нæм рацу, нæ цæхх-кæрдзынæй саход.

Бахуыдта йæ хæдзармæ, схизын æй кодта дыккаг уæладзыгмæ. Æрæвæрдтой йын роды фыд æмæ алы буц хæринæгтæ. Фынджы уæлхъус ын хæдзары хицау афтæ:

– Дæ зæрдыл ма лæууынц, Израилы паддзахы бынаты куы бадтæ, уæд цы митæ кодтай, уыдон?

Солæман ныхъхъæрзыдта, æбуалгъы богъ-богъ ныккодта æмæ йæ кæуынæй нæ банцад, цалынмæ фынджы уæлхъус бадтысты, уæдмæ. Хæдзарæй дæр кæугæйæ рацыди.

Дыккаг бон ыл амбæлд æндæр лæг æмæ йын балæгъстæ кодта:

– Мæ паддзах! Ацы бон мæ хæдзармæ саккаг кæн.

– Кæд мæ, мыййаг, дæ хæдзары хуызæн хорз фенинаг дæ? – дзуапп радта Солæман.

– Мæ паддзах, æз мæгуыр лæг дæн. Кæд мæ къæсыл барвæссай, уæд дæ, цъæх кæрдæджытæ йеддæмæ, цæмæй сбуц кæнон, уый мæм нæй.

Мидæмæ куы бацыдысты, уæд ын хæдзары хицау йæ цæсгом, йæ къухтæ æмæ йæ къæхтæ цæхсадта, стæй йын ног тынд кæрдæджытæ æрæвæрдта. Цалынмæ Солæман хæргæ кодта, уæдмæ йын фысым зæрдæтæ æвæрдта:

– Мæ паддзах! Не Сфæлдисæг дæ фыдæн ард бахордта, дæ бындартæ, дам, паддзахиуæг кæндзысты иудадзыг. Стæй не Сфæлдисæгмæ ахæм миниуæг ис: æфхæргæ дæр бакæны æмæ хатыр дæр. Мæн уырны, нæ Табуйаг Фарнхæссæг дын ногæй паддзахы бынат кæй саккаг кæндзæн, уый.

Æмæ Солæман ногæй паддзахы бынат куы бацахста, уæд ныффыста: «Цæйнæфæлтау мын бонджын лæг хæрзхаст роды фыд æмæ алы буц хæринæгтæ мæ разы æркала, стæй мын мæ кæддæры уынгæджы бонтæ мæ цæстмæ дара, фæлтау-иу мæ мæгуыр лæг цъæх кæрдæджытæй хынцæд».

АРВИСТОН

ЭЗОПЫ ÆМБИСÆНДТÆ

259. Хъæддзаутæ æмæ тулдз

Хъæддзаутæ тулдз акалдтой. Йæ къабузтæй йын цурчытæ сходтой, стæй йын йæ зæнг уыдоны æххуысæй фадын байдыдтой. Уæд, бецау, тулдз афтæ бакодта: «Чи мæ калдта, уыцы фæрæты нæ, фæлæ, мæнæй чи райгуырд, уыцы цурчыты æлгъитын!»

Искæй æфхæрдæй хиуæтты æфхæрд стырдæр маст хæссы.

260. Нæзы æмæ какон

Нæзы каконы схъæлхуызæй æфхæрдта: «Дæуæй мисхалы бæрц дæр ницы пайда ис, мæнæй та аразынц хæдзæрттæ, кувæндæтты сæртæ». Уæд ын какон афтæ: «Дæ зæрдыл-ма æрлæууын кæн, æнамонд, фæрæттæ æмæ дын хырхытæ цы митæ бакæнынц, уый, æмæ уæд дæхи бафæнддзæни какон фестын».

261. Адæймаг æмæ домбай – æмбæлццæттæ

Домбай æмæ læг фæцæйцыдысты фæндагыл. Læг æппæлын байдыдта: «Адæймаг домбайæ тыхджындæр у!» Домбай йын дзуапп радта: «Домбай тыхджындæр у!» Цæуынц дарддæр, æмæ læг, алыхуызон нывтæ кæуыл уыд, ахæм къæйтæм амоны: «Уæртæ-ма бакæс, læг домбæйттæн цы митæ кæны, уымæ!» Уæд ын домбай афтæ: «Домбæйттæ дуртыл нывтæ кæнын куы зониккой, уæд æй æмбарис, адæмæн цы митæ кæниккой, уый!»

Æмбисонд амоны: иуæй-иу адæймæгтæ æппæлын байдайынц, сæхи бон цы нæ у, уыдæттæй.

262. Куыдз æмæ сæтæлæг

Иу куыдз æйчытæ ныхъуырын сахуыр. Иухатт сæтæлæг ауыдта, айк æй банхъæлдта æмæ йæ уыцыиу ныхъуырд акодта. Фæлæ йæ ахсæн риссын куы райдыдта, уæд загъта: «Афтæ мын хъуыди: тымбыл цы у, уыдон иууылдæр æйчытæ сты, зæгъгæ, куынæ хъуыды кодтаин, уæд фыдбылызы нæ бахаудаин».

Æмбисонд амоны: адæймаг цы нæ зоны, ахæм хъуыддагмæ куы бавналы, уæд æдылыйы уаваæры бахауы.

263. Дыууæ уасæджы æмæ цæргæс

Дыууæ уасæджы фæхыл сты кæрчыты тыххæй. Састы бынаты чи баззад, уый иуварс ацыд æмæ фæсвæд ран бамбæхсти. Уæлахиздзау та хæрдмæ стахти, бæрзонд сисыл абадт æмæ йæ хъæлæсы дзаг ныууасыди. Цæргæс ыл йæхи рауагъта æмæ йæ ахаста. Кæрчытæ та баззадысты, чи бамбæхст, уыцы уасæгæн.

Æмбисонд амоны: Хуыцау смæсты вæййы схъæл адæймæгтæм, бонзонгæтыл та аудгæ кæны.

264. Куыдз, рувас æмæ уасæг

Куыдз æмæ уасæг сфæнд кодтой иумæ цæрын. Иуахæмы балцы ацыдысты. Сæ изæр бахастой къохмæ. Уасæг бæласмæ спæррæст ласта æмæ къалиуты бын æрбынат кодта, куыдз та бæласы мæрайы бафынæй. Кæркуасæнты уасæг йæ хъæлæсы дзаг ныхъхъихъыри ласта. Рувас æй айхъуыста æмæ йæ æрфæндыд уасæджы бахæрын. Хæстæг æрбацыди, бæласы бын æрлæууыд æмæ хъæр кæны: «Диссаджы маргъ дæ, зæххардыстæн, стæй адæмæн пайда хæссыс! Æрхиз-ма, дæ хорзæхæй, æмæ иумæ ныззарæм – нæ дыууæйæн дæр уый æхцон уыдзæни!» Уæд дын æм уасæг куы ‘рдзурид: «Хæстæгдæр-ма æрбацу, мæ къона, æмæ уым æхсæвгæсмæ бадзур, бæлас-ма, зæгъ, бахой». Рувас йæ коммæ бакаст, «æхсæвгæсмæ» бахъæр кодта. Куыдз дын куы расæррæтт ласид æмæ – дæ фыдгул дæр афтæ! – рувасы акъабæзтæ кодта.

Æмбисонд æвдисы: æмбаргæ адæймæгтæ тæссаг уавæры куы бахауынц, уæд се знæгтыл фæуæлахиз вæййынц.

265. Ныгъуыли цъиу

Ныгъуыли цъиу къæппæджы бахауд æмæ дзыназын байдыдта: «Мæгуыр мæ бон, цæй æнамонд дæн, цæй! Нæдæр сызгъæрин адавтон, нæдæр æвзист, мæнæуы иунæг гагайы аххосæй мæхи бацарæфтыд кодтон».

Æмбисонд арæзт у, цыдæр ницæйаг пайдайы охыл фыдбылызы чи бахауы, уыдон ныхмæ.

266. Æфсæддон æмæ халæттæ

Иу тæппуд æфсæддон фæцæйцыди хæстмæ. Йæ сæрмæ халæттæ æвиппайды хъуахъхъ-хъуахъхъ систой. Лæг йæ хотых иуварс фехста æмæ къутæрты аууон æрæмбæхст. Иуцасдæры фæстæ сыстад, йæ хотых систа æмæ дарддæр араст. Халæттæ та ногæй ныууасыдысты, лæг дæр та æрлæууыди, фæлæ æрæджиау афтæ фæкодта: «Цасфæнды куы хъæр кæнат, уæддæр мæнæй ницы атондзыстут!»

Æмбисонды æвдыстæуы тæппуд адæймаг.

267. Домбай, Прометей æмæ пыл

Домбай иу æмæ дыууæ хатты нæ хъаст кодта Прометейæн: стыр æмæ, дам мæ рæсугъд скодтай, мæ хъæлæсы – цыргъ дæндæгтæ, мæ къæхтыл – фидар дзæрныхтæ, сырдтæй, дам, мæнæй тыхджындæр нæй. «Фæлæ уæддæр, – дзырдта домбай, – тæрсын уасæгæй!» Прометей йын дзуапп радта: «Мæ бон цы уыд, уыдæттæ дын сарæзтон, ницы дын бавгъау кодтон. Фæлæ дын æгæр лæмæгъ уд ис!»

Домбай йæхиуыл кæуын байдыдта, тæппуд цæмæн дæн, зæгъгæ, æмæ йæхи амарыны онг ссис. Араст уыцы хъуыдыимæ æмæ пылыл хæрхæмбæлд фæци. Салам ын радта. Пыл иудадзыг йæ хъустæ цæмæн тилы, зæгъгæ, сцымыдис æмæ йæ фæрсы: «Цы хабар у, дæ хъустæ иу ран цæуылнæ æруадзыс?» Уыцы

сахат пылы алывæрсты æхситгæнгæ тахти къогъо. «Мæнæ ацы гыццылы уыныс, мæ алывæрсты мамазила куыд кæны. Уый мæ хъусы куы фæмидæг уа, уæд мын æнæ мæлгæ нал и».

Уæд домбай загъта: «Мæхи цæмæн марын? Уасæг къогъойæ цæйбæрц тыхджындæр у, æз хъуамæ пылæй уыйбæрц амонд-джындæр уон!»

Уыныс, къогъо куыд тыхджын у: суанг ма дзы пыл дæр тæрсы!

ЦИТАТÆТÆ

* * *

У хиуылхæцгæ. Цыфæнды уавæрты дæр æнæнхъæлæджы цаутæй хъуамæ уæлдæр лæууай. Дæ монцтæ куы нал уромай, уæд дын дæ зондæн бырынцъаг фæндаджы хуызæн суыдзысты, æмæ дын тæссаг у фæкæлынæй. Масты кæнæ цины сонт срæмыгъд дæ къуырцдзæвæнмæ бакæндзæн – иунæг исдуг йæ коммæ бакæс æмæ æнус фæсмонæй мæлдзынæ. Дæ фыдгул дæ фæлвардзæни, сусæгæй дын дæ фæндтæ раиртасыныл архайдзæни, хъавдзæни дæ лæмæгъ бынæттæм æмæ дын адавдзæни дæ уды ахсджиагдæр хæзна. Хи бахъахъхъæнынæн хиуыл хæцын – æппæты хуыздæр хос, уæлдайдæр, æнæнхъæлæджы хабар куы ‘рцæуа, уæд. Хъæуы æвæджиауы хъомыс, цæмæй дæ монцты рохтæ ацахсай. Бæхыл бадгæйæ дæр зонды коммæ чи кæсы, уымæн аргъ нæй. Разæй цыдæр тас ис, уый куы зонай, уæд хъавгæ цу. Дзырд, чи йæ сæппары, уымæ рог фæкæсы, кæуыл сæмбæлы, уымæ та – уæззау.

* * *

Ницæйæгты хинæйдзаг мадзал: разагъды лæгтæм лæбур, цæмæй кадмæ галиу фæндагыл уæддæр баирвæзай – иугæр æм раст фæндагыл бацæуыны аккаг нæ дæ, уæд. Бирæ адæмты зонгæ дæр ничи кæнид, лæгау лæгтыл цъыф бакалыны руаджы-иу сæ кой куынæ райхъуысид, уæд. Ахæм знагæй маст исæн ис, хъуыды дæр æй ма кæн, мацæмæ йæ дар, афтæмæй. Ферох æй кæн, æмæ йæ ницæйагдзинады мæры ныгæдæй баззайдзæни. Тентексæртæ фенхъæлынц, сæ нæмттæ æнусмæ баззайдзысты, дунейы диссаг куы басудзой, уæд[1].

[1] Автор кæны Геростраты кой: уый басыгъта дунейы диссæгтæй иу – Артемидæйы кувæндон Эфесы.

Цæмæй фыдæвзаг-хахуыргæнæг йæ кæнон ныууадза, уый тыххæй йæм æппындæр дæ хъус ма дар. Йемæ быцæуыл куы схæцай, уæд дæхицæн æвзæрдæр уыдзæни, дæ кад фæкъахыр кæндзынæ.

Бальтасар Грасиан

* * *

Адæм... Цы загъдæуа адæмæй?.. Хъуыддаг афтæ у, æмæ алы адæмæн дæр ис, цы аккаг сты, ахæм хицауад, кæй зæгъын æй хъæуы, цалынмæ йæ нæ раппарой, уæдмæ. Уæрæсе паддзахы раппæрста. Уый раст у. Фæлæ цымæ уый афтæ амоны, æмæ йæ домбай къахдзæфтæй Европæйы разæй фæци? Мæнмæ гæсгæ, нæ фæци. Ахæм хабæрттæ æрмæст митингты æрцæуынц...

Истори Уæрæсейæ тынг ахъазыди. Уæрæсе æгæр бирæ фæрæзта æнæджелбетт хицауадæн, уыдис йæ цагъар. Уыцы хицауад бæстæйæн парахатæй сулæфыны бар нæ лæвæрдта, уыди куырм æмæ нæ фиппайдта «дворянты диктатурæ», нæ уыдта, куырм хæрамдзинад кæй парахат кодта, уый. Йæ зæрдæ дардта æфсадыл, ома, уый йæ коммæ кæсдзæни, ферох дзы, æфсад дæр адæмæй кæй равзæрд æмæ куырмау коммæгæс кæй нæу. Хъуыддаг цæмæ ‘рцыд, уый федтам: паддзахы уыцы ‘фсад раппæрста йæ бынатæй...

Владимир Короленко

1921 азы 9 августы М. Горькиймæ
цы фыстæг арвыста, уымæй скъуыддзæгтæ.
Журнал «Родина», 1989, № 3

Оскар Уайльды афоризмтæ, хъуыдытæ

✦ Нациты ‘хсæн хæрамдзинад æппæтæй карздæр у, лæмæгъ культурæ кæм ис, уым.

✦ Реформæтæ Уæрæсейы æдзухдæр трагеди сты, æмæ се ‘ппæтæн дæр сæ кæрон æрцæуы фарсмæ.

✦ – Рувæстæн ис хуынчъытæ, бирæгътæн – хуыккомтæ, æрсытæн – лæгæттæ, уырыссаг адæм та дуне басастой, афтæмæй сæ сæртæ кæм æрæвæрой, уый нæй.

– Ма зæгъ. Уæдæ сæртæ кæм къуырынц, уый циу?

✦ Нырыккон Уæрæсейы цæрæгæн йæ курдиат равдисын йæ бон у æрмæст рисы руаджы.

✦ Цæмæй популярон суай, уый тыххæй дæ рæстæмбис курдиаты хицау уæвын хъæуы.

✦ Аивад хъуамæ популярон суæвыныл ма архайа. Хъуамæ публикæ йæхæдæг тырна артистизмы миниуджытæ райсынмæ.

Оскар Уайльды хабæрттæй

* * *

Уайльды æрыгон ус Констанция уарзта миссионерты койтæ кæнын. Иуахæмы йын Уайльд йæ ныхас фескъуыдта:

– Миссионертæ! Мæ къона, ау, нæ йæ зоныс, миссионерты уæларвон тыхтæ каннибалтæн кæй снывонд кодтой, уый? Уыцы мæгуыр лæгхортæн мæлынæй тас куы вæййы, уæд сын не Скæнæг фæтæригъæд кæны æмæ сын арвиты хæрзхаст миссионеры.

* * *

1885 азы Уайльд хæрхæмбæлд фæци, фатерты тыххæй хъалонтæ чи иста, ахæм лæгыл. Уый Уайльды рагæй агуырдта æмæ йын ныр дзуры:

– Демæ мæ аныхас кæнын фæнды фатеры хъалоны тыххæй.

– Цавæр хъалоны тыххæй? – дисгæнгæ афарста Уайльд.

– Сэр, ацы хæдзары цæрыс, фынæй дæр ам кæныс!

– О, раст зæгъыс. Фæлæ куыд æвзæр фынæй кæнын, уый куы зонис...

* * *

Уайльдæн загътой, сæдæ хуыздæр чиныджы номхыгъд, дам, куы саразис.

– Уымæн уæвæн нæй, – дзуапп радта Уайльд. – Æз фондз чиныджы йеддæмæ нæ ныффыстон.

* * *

Уайльд Оксфорды университеты экзамен læвæрдта. Ног Фæдзæхстæй хъуамæ грекъаг æвзагæй раивтаид скъуыддзаг. Уайльд дзы иуцасдæр раивта. Профессор ын загъта:

– Æгъгъæд у.

Уайльд фæхъæр ласта:

– Иуцъус-ма мæ бауадз! Хъуыддаг цæуыл ахицæн, уый базонын хъæуы!

* * *

Уайльд науыл цыдис Америкæмæ. Иуахæмы дын афтæ куы сдзурид:

– Атлантикæйæ тынг разы нæ дæн. Æз куыд æнхъæлдтон, ахæм диссагæй йæм ницы ис.

Уый фæстæ газетты фæзындис уацхъуыд: «УАЙЛЬД ФЫДÆНХЪÆЛ ФÆЦИС АТЛАНТИКÆЙÆ».

Газеттæй иу та ахæм уацхъуыд рауагъта: «Æз фыдæнхъæл фæдæн Уайльдæй. Бынæй та «авторы» ном: «АТЛАНТИКОН ОКЕАН».

* * *

Уайльд Бальзакы тыххæй афтæ загъта: «Бакæсут-ма Бальзакы уацмыстæ, куыд æмбæлы, афтæ. Уæд уæм нæ ныры хæлæрттæ разындзысты ауæтты хуызæнæй, нæ зонгæтæ та – ауæтты ауæтты хуызæнæй. Мæ царды стырдæр драмæтæй иу у Люсьен де Рюбампрейы мæлæт»[1].

* * *

1900 азы сæрды Уайльд Парижы ныхас кодта фыссæг Аннæ Бремонимæ.

– Цæуылнæуал исты фыссыс? – бафарста йæ Аннæ.

Уайльд ын дзуапп радта:

– Æз фыстон, цард цы у, уый куы нæма зыдтон, уæд. Ныр æй базыдтон, æмæ фыссын мæ бон нал у.

* * *

Уайльд казинойы хъазыд, æмæ йын йе ‘хцатæ иууылдæр амбылдтой. Швейцар ын цæстмæмитæ кæнгæйæ дуар парахат гом бакодта. Уайльд æй фæрсы:

– Ссæдз франкы мын æфстау нæ раттис?

– Табуафси, – загъта швейцар æмæ йæм дæтты æхца.

Уайльд ын уæзданхуызæй йæ къух аиуварс кодта:

– Курын, дæхицæн сæ уадз. Уыдон дын мæ лæвар.

---

[1] Люсьен де Рюбампре – Бальзакы роман «Сæфт иллюзитæ»-йы герой, курдиатджын поэт. Йæ хъысмæт рауади трагикон – ссис фыдгæнæджы амæддаг.

* * *

...Опубликованные фондом Клинтона рассекреченные расшифровки тетефонных и очных разговоров президентов РФ и США времен второй половины 90-ых – это настоящий клад, сокровищница фактов для историков.

«ПРОСТО ОТДАЙТЕ НАМ ЕВРОПУ!»

Как Клинтон манипулировал Ельциным

...Два президента разговаривают после переизбрания главы российского государства летом 1996 года. Ельцин: «Я ценю, что во время предвыборной кампании ты до самого последнего дня говорил правильные вещи и никогда не подавал неправильных сигналов. Будь уверен, что я сделаю то же самое для твоей кампании. Вмешательства в ваши внутренние дела не будет. Но в глубине души я знаю, кого я поддерживаю и кто, как я надеюсь, выиграет выборы». Клинтон: «Спасибо тебе большое!»

...Естественно, в конфиденциальных разговорах лидеров двух главных ядерных держав мира гораздо больше не смешных моментов, а предельно серьезных тем, часть из которых вгоняет в депрессию. Как вам, например, такой диалог высших руководителей России и Америки в разгар нашей президентской гонки 1996 года: Ельцин: «Билл, пойми меня правильно, для моей избирательной кампании мне срочно нужен заем в 2,5 миллиарда долларов. Мне нужны деньги, чтобы платить пенсии и зарплаты. Без решения проблемы пенсий и зарплат будет очень трудно заниматься предвыборной кампанией». Сильно, правда? Я не хочу цепляться к словам. Но при этом я не могу и не задать вопрос: был бы Борис Николаевич так сильно озабочен проблемой выплат пенсий и зарплат, если бы не самый разгар предвыборной кампании? Боюсь, что то, как Ельцин сформулировал свою просьбу, не оставляет особого простора для благожелательных интерпретаций.

...А вот что я считаю самым-самым важным из всех вываленных на всеобщее обозрение разговоров двух президентов. 21 марта 1997 года Ельцин заявляет Клинтону: «Мы видим, как вы и Украина выстраиваете свои отношения. Это не помо-

гает нам в наших отношениях с Украиной. Нам нужно, чтобы, выстраивая свои отношения с Украиной, Америка проявляла сдержанность». Не буду приводить всю посвященную теме давления НАТО на зону наших жизненных интересов речь Ельцина целиком. Достаточно упомянуть о том, что уже первый президент РФ высказывал Клинтону озабоченность маневрами американских военных кораблей в районе Крыма, и процитировать ключевую фразу ответа президента США: «Я знаю, что все это ужасные проблемы. Но я не могу принять на себя обязательства, которые ты у меня просишь». Как мы видим, фундаментальные предпосылки для крымско-украинского кризиса 2014 года появились еще как минимум за 17 лет до этого.

Ельцин: «Хочу попросить тебя об одной вещи. Просто отдайте Европу России! Америка же не в Европе... А Россия – наполовину в Европе и наполовину в Азии». Клинтон: «Так Азию ты тоже хочешь?» – читать подобные диалоги «на высшем уровне», как я уже сказал выше, тяжело. Тяжело, но необходимо. Обнародованные фондом Клинтона документы лишний раз доказывают: в период Ельцина мы приучили Америку к мысли о том, что с Россией и ее руководителями можно и нужно не считаться. Приучили легко, можно сказать, играючи. Осталось только понять, как Америку от этой мысли можно отучить.

Михаил Ростовский,
«МОСКОВСКИЙ КОМСОМОЛЕЦ. РРЕ»,
2018 азы 5 –12 сентябрь

Рагон анекдоттæ

* * *

Иу хъæздыг лæг англисаг нывгæнæг Уильям Тернеræй балхæдта ныв. Бафыста йын фондзыссæдз фунты. Фæстæдæр базыдта, Тернер уыцы нывыл кусгæйæ дыууæ сахаты йеддæмæ кæй не схардз кодта, уый. Хъæздыг лæг смæсты æмæ Тернерыл тæрхондонмæ бахъаст кодта. Тæрхонылæг фæрсы нывгæнæджы:

– Зæгъ-ма, цас рæстæг куыстай ацы нывскæныл?

– Мæ цард-цæрæнбонты, стæй дыууæ сахаты, – дзуапп радта Тернер.

* * *

Иухатт техникæйы æнтыстыты тыххæй ныхас кæнгæйæ Бернард Шоу афтæ загъта:

– Ныр мæргътау тæхын базыдтам уæлæрвты, доны та кæсагау ленк кæнын. Æрмæст ма иу хъуыддагæй цух стæм: зæххыл адæймæгтау цæрын нæма базыдтам.

* * *

Иуахæмы Шоу тынг нард джентльменимæ уынджы фембæлди. Нард лæг мæллæг Шоумæ куы бакаст, уæд загъта:

– Дæ бакаст ахæм æнахъинон у, æмæ адæймаг æнæбары банхъæлдзæнис, Англис сыдæй мæлы, зæгъгæ.

– Дæумæ бакæсгæйæ та адæймаг банхъæлдзæнис, Англис сыдæй кæй мæлы, уый дæу аххос у, зæгъгæ.

* * *

Руминаг фыссæг Караджале фембæлди депутат Титуйыл. Депутат æвиппайды йæ дзыхъхъынног кæрцæй æппæлын райдыдта. Уæд æй Караджале фæрсы:

– Йæ аргъ та цас у дæ кæрцæн?

– Æртæ минæй фылдæр, – дзуапп радта лæг.

Караджале йæ зæронд пъалтомæ æркаст, йæ сæр банкъуыста æмæ уыцы фæлмæнхуызæй загъта:

– Цы бачындæуа, Титу? Мæнæн мæ бон нæу, мæхицæй зынаргъдæр чи уа, ахæм пъалто дарын...

* * *

Герцог Омон уыди бынтон зивæггæнаг, æмæ-иу бирæ рæстæг æнæдастæй куы баззад, уæд-иу йæхицæн дзурын байдыдта:

«Омон, Хуыцау дæ уæздан скодта, къарол та – герцог. Уыдæттæ дæуæн æндæрты хæрзтæ сты. Уæдæ, дæ хорзæхæй, дæхæхæг дæр дæхицæн исты хорзы бацу – дæхи адас!»

* * *

Æнæхатыр англисаг тæрхонылæг Джеффрис иуахæмы йæ лæдзæг систа, йæ бакомкоммæ цы зылынджын лæг бадт, уыйырдæм æй сарæзта æмæ загъта:

– Мæ лæдзæджы кæрон бады, а дунейыл кæй нæма фендæуыд, ахæм дæлимон, æлгъаг, æнаккаг.

– Дæ лæдзæгæн йæ кæцы кæрон бады уыцы дæлимон? – афарста зылынджын.

* * *

Банкир Жюль Эркю йæ мæлæты размæ ныффыста ныстуан, мæ мард мын-иу акъæртт кæнут, зæгъгæ. «Фæнды мæ зонын, – фыст уыди ныстуаны, – цæй аххосæй амардтæн, уый».

* * *

Актер Поль Теньеры-иу арæх бастыгътой уынджы. Иуахæмы хъаст кодта йе ‘мбæлттæн, мæ бон нал у ацы стигъджытæй, зæгъгæ.

– Омæ-иу демæ дамбацатæ рахæсс, дамбацатæ, – загъта йын иу лæг.

– Бузныг дæ уынаффæйæ, мæ хæлар, – дзуапп радта Поль. – Мæ дамбацатæ дæр мын цæмæй байсой, уый дæ фæнды, нæ?

Юрий ВОРОНОВ,
профессор

ЦАРИЦА ТАМАРА И «СТРУКТУРА СТРАСТИ»

В июньском номере выходящей в Москве газеты «Грузия» появилась статья Александра Эбаноидзе «На каком языке говорила царица Тамара». Неведомый автор полемизирует с известным ученым литературоведом Вадимом Кожиновым, с болью отреагировавшим на кавказскую драму ярким публицистическим эссе «Кавказский узел», опубликованным в «Литературной России» (№№ 11–13 с.г.).

В чем суть полемики? Эбаноидзе, полагая, что существует двоякое прочтение понятий «абхаз» и «абхазский» – «кожи-новское» и «мамардашвилевское» и что «нет необходимости доказывать, кто из двух авторов компетентней в грузинской истории», дает негативную оценку позиции В. Кожинова. Последний предстает в рассматриваемой статье не только идеологом «сокрушения территориальной целостности Грузии», «отторжения ее исконных земель» и «аннексии» Грузии Россией, но и человеком, обладающим «простодушием Кандида и Марко Поло», сеятелем «зубов дракона», страдающим «грузинофобией», «преднамеренно» некомпетентным и т. д. И все потому, что В. Кожинов считает, что во имя мифической «территориальной целостности» нельзя убивать, грабить, насиловать, что Абхазия и Грузия не одно и то же, что в средневековье из-за определяющей роли абхазов существовавшее тогда на месте нынешней «Республики Грузия» государство называлось «царством абхазов», что царица Тамара, давшая своему сыну абхазское имя Лаша, в общении с приближенными пользовалась и абхазским языком, что под обезами в древнерусских источниках в первую очередь подразумевались абхазы и т. д. Отрицая научную достоверность этих и иных положений статьи В. Кожинова, Эбаноидзе предлагает рассматривать их лишь как «политически направленную акцию». Между тем все наоборот.

Отстаивая тезис «Абхазия – это Грузия», Эбаноидзе ссылается на цитату видного философа М. Мамардашвили, никогда специально проблемами этногенеза абхазов и грузин не

занимавшегося, а свои исторические познания об этих народах, как и большинство населения бывшей Грузинской ССР, черпавшего в учебниках и трудах... бериевского периода. Вот эта цитата: «Слово «Абхазия» является синонимов слова «Грузия». Это синоним в рамках той символики, в которой нация помнит свое происхождение», помнит условия, когда возникла государственность и когда в силу целого ряда причин тот, кто называл себя абхазом, был одним из участников создания грузинской государственности. Причем грузиноязычным участником. Политически активная часть абхазского этноса участвовала в создании грузинской государственности и грузинской культуры. И это необратимо. Поэтому сказать грузину, что Абхазия может выйти из Грузии (я объясняю структуру страсти, а не реальность), – значит сказать примерно то же самое, что Грузия может выйти из самой себя».

Итак, главные аргументы тандема Мамардашвили – Эбаноидзе – «символика», «структура страсти, а не реальности». «Символика», в рамках которой действует историческая память философа и его единомышленников в отношении истории Грузии и Абхазии, сводит роль абхазов до уровня этноса без собственных языка, культуры и целей, способного лишь на участие в создании чуждых ему грузинских государственности и культуры. Отказ же от реальности в угоду «структуре страсти» и приводит к тому, что мы получили (и не первый раз в истории) в Абхазии – войну, массовые убийства, насилие, грабежи, беженцев, сожженные библиотеки, архивы и прочие «страсти».

И уж совсем ни в какие ворота не идет цитата «Слово «Абхазия» является синонимом слова «Грузия». Название «Абхазия» восходит к слегка искаженному «Абасгия», фигурирующему в римско-византийских источниках со II века н. э., когда оно обозначало сначала «царство» на территории нынешнего Гудаутского района Абхазии, а позднее «царство» от района Сочи до пределов Армении. И ни разу до XIX столетия Абасгия-Абхазия (то как «царство», то как «княжество») не выпадала из истории региона. Слово же «Грузия» – продукт поздневекового словотворчества, в первую очередь русских – происходит от искаженного ирано-турецкого названия «Гюрджистан» («страна волков»). Еще в 20-х годах XIX века Грузия-Гюрджистан занимала узкую территорию Восточного Закавказья от Картли (округ Тифлиса) до Карабаха. Путаница в названиях вызвала и путаницу в титулатуре императора Александра I, в которой он фигурирует

как «Государь Иверския, Карталинския, Грузинския и Кабардинския земли». Первое собственно «грузинское государство» в границах, близких к современным, сложилось на основе объединения (с помощью германских штыков) двух российских губерний (Тифлисской и Кутаисской) лишь в 1918 году. На той же основе базировались сначала Грузинская ССР, а в последние годы «демографическая» гамсахурдиевско-шеварднадзевская Грузия. Следовательно, синонимика слов «Абхазия» и «Грузия», зафиксированная философом М. Мамардашвили, смогла обрести окончательную опору лишь в 20–40-х годах XX века, закрепившись, в сознании народа Грузинской ССР благодаря усилиям исследователей типа знаменитого там Павла Ингороква, о котором Эбаноидзе находчиво умалчивает. Пока в Тбилиси занимались синонимами, в Абхазии расстреливали сотни общественных и культурных деятелей, выселяли греков и армян, грузинизировали абхазские письменность, культуру и образование, ввозили десятки тысяч переселенцев из Грузии. Последняя война – вершина несправедливости в духовных взаимоотношениях населения Абхазии и руководства Грузии, приведшая к очередному (в соответствии с глубинным естеством этого процесса) распаду «грузинской государственности».

Ни картвельские языки VIII–XIII веков, ни современный «грузинский» язык не знают слов «Грузия» или «грузины» – всюду вместо них фигурируют названия «Картли», «Сакартвело». «Картвели», вскрывающие истинное, в корне отличное от «Абхазии» и «абхазов» происхождение, которое грузинские или грузинизирующие авторы не случайно игнорируют в русских текстах – переводах, документах, средствах массовой информации, вводя в заблуждение весь читающий, слушающий и смотрящий мир.

На том же недоразумении построен и спор, который ведет А. Эбаноидзе с В. Кожиновым вокруг цитат грузинского историка С. Джанашиа, творившего также в эпоху Лаврентия Берия и в рамках социального заказа сделавшего очень много для фальсификации прошлого и Грузии, и Абхазии. В статье Эбаноидзе приведены две цитаты из трудов Джанашиа. Согласно первой цитате, «абхазские цари стали на путь объединения Грузии» еще в VIII веке. Согласно второй цитате, «начало объединению Грузии» было положено в 70-х годах X века, когда инициативу в этом объединении у абхазских царей перехватили цари Тао-Кларджетии (область на территории нынешней Турции). Разночтение в датах – характерная черта не только трудов

Джанашиа. Что же касается остального, то ни о каком объединении «Грузии» в тот период никто не знал и не думал – в первом случае абхазские цари строили собственное государство на стыке интересов Византии и Хазарии, во втором случае (об этом Эбаноидзе стыдливо умалчивает) – объединение шло в исключительных интересах и под контролем Византийской империи, ставленниками которой были правители Тао-Кларджетии. Вторая точка зрения Джанашиа была, кстати, опровергнута в специальной монографии академика Г. Меликишвили, Но и об этом Эбаноидзе предпочитает умолчать. Так что если в чем-то и можно заподозрить В. Кожинова, когда он цитирует Джанашиа, так только в том, что относится к нему доверчиво и доброжелательно.

Далее Эбаноидзе, отстаивая «грузинское» происхождение царского дома Багратидов, признает, что «самый грузинский из всех деятелей Грузии» Давид Строитель в древних надписях фигурирует как «великий абхазский царь», что «национальный символ Грузии» – царица Тамара была не только «абхазской царицей», но и царицей «картов, ранов, кахов и сомехов (армян), ширван-шахов и шахан-шахов». Пытаясь максимально стереть, «абхазский след» в истории «грузинских Багратидов», Эбаноидзе неожиданно отвлекает внимание читателя на сфабрикованное в средние века предание, согласно которому Багратиды-Багратиони ведут свой род от библейского царя Давида-псалмопевца, и на «дополнительную информацию», в соответствии с которой при создании государства Израиль «грузинским Багратионом был предложен царский престол в Иерусалиме». Как говорится, в огороде бузина... Но что не сделаешь ради того, чтобы насолить русскому литератору-патриоту!

В одном из следующих абзацев своей статьи Эбаноидзе приводит «древнегрузинское законослужение», согласно которому «Грузией называется страна, в которой богослужение ведется на грузинском языке». В действительности здесь речь идет о вольном переводе высказывания одного из политиков X века. В первоисточнике нет русских терминов «Грузия» и «грузинский» – там фигурируют иные названия. И на этом фоне особенно важно – в этом В. Кожинов совершенно прав, – что царица Тамара в конце XII века, выбирая своему сыну второе, языческое имя, остановилась на «апсарском» (абхазском) имени Лаша.

Чтобы как-то усилить свои шаткие позиции, Эбаноидзе идет и здесь на подлог, сообщая неискушенному читателю,

что «со времени Леона II, отменившего богослужение на греческом, повсюду в Абхазии молились Богу и читали Евангелие по-грузински». Между тем иных, кроме рассматриваемой статьи, источников, свидетельствующих о такой отмене, в природе не существует, а имеющиеся факты свидетельствуют, что использование грузинского наряду с греческим языком в храмах Абхазии началось в конце X века и продолжалось до XVI–XVII веков.

Что касается проблемы обезов из русских источников, то ей посвящена обильная литература. Связь слова «обезы» с абхазами никем не оспаривается. Вместе с тем, в зависимости от контекста, под обезами понимались и собственно абхазы, и северокавказские абазины, и картвелы...

Окончательно запутавшись в явно чуждых ему вопросах средневековой истории Грузии и Абхазии, Эбаноидзе, завершая статью, предлагает перейти от «исторических препирательств к решению неотложных проблем». Неотложные проблемы в понимании Эбаноидзе – это осуждение «непрестанных жалоб осетин и абхазов, что они – самые угнетенные народы Грузии». Оказывается, утверждает наш автор, «привилегированное положение» осетин и абхазов в Грузии столь очевидно, что все эти жалобы носят чуть ли не гротескный характер». Что ж, Эбаноидзе достаточно последователен в своих взглядах и на прошлое, и на настоящее, и если считать все то, что имели осетины и абхазы в рамках трех грузинских республик – ГДР, ГССР и РГ – с 1918 по 1995 год, – т. е. уничтожение многих десятков тысяч людей, множества памятников культуры, бесчисленные оскорбления, ограбления, изнасилования, изгнания и т. д., – «привилегиями», то и слово «гротеск», осмелюсь предположить, должно быть в первую очередь адресовано Эбаноидзе и его единомышленникам из газеты «Грузия».

В качестве противовеса В. Кожинову и иным «деструктивным силам» России А. Эбаноидзе предлагает использовать тезисы «молодого ученого из МГИМО» Д. Трофимова, который видит в основе войны в Абхазии не распад СССР как результат предательства лидеров типа Шеварднадзе, а происки союзного, а затем российского руководства, в первую очередь парламентских и военных структур. Главный вывод Трофимова явно надиктован ему из Тбилиси и потому очень нравится Эбаноидзе: национальные интересы России, оказывается, во многом совпадают «с национальными интересами целостной Грузии». Это ли не еще

один гротеск?! Оказывается, национальные интересы России – это отторжение от нее Закавказья, подавление там пророссийских народов и республик (Абхазия, Юго-Осетия. Карабах и др.), поддержка усилий Шеварднадзе по блокаде Армении, в подавлении абхазов, осетин, русских и прочих инородцев в Закавказье, в организации осетино-ингушского конфликта и войны в Чечне...

«На каком языке говорила царица Тамара» – на этот вопрос Эбаноидзе так и не смог дать внятного ответа. Во-первых, потому, что, как подчеркнуто в статье, в отличие от прадеда Тамары Давида Строителя, который владел несколькими языками, сведения о том, на каких языках говорила Тамара, в источниках отсутствуют. Во-вторых, и об этом Эбаноидзе умалчивает, бабушка по отцу, мать и второй (первым был русский княжич Юрий Боголюбский) муж Тамары были осетинами, язык которых не мог не звучать вокруг царицы. Главную же помощь Давиду Строителю в создании его федеративного многонационального государства оказали не грузины, а тюрки-кипчаки, из среды которых вышли вторая жена царя и большинство военачальников и воинов. Вообще вся история «грузинских» (и не только грузинских) царей – это история разноязычных мужей, жен и детей – выходцев из среды абхазов, греков, армян, осетин, персов, тюрок, славян и т. д. Когда же все многоцветие истории бессовестно перекрашивается такими малярами, как Эбаноидзе, в единый, в данном случае «грузинский» цвет», то ничего, кроме крови и слез, лжи и позора для несчастных народов не остается.

Последняя фраза в статье А. Эбаноидзе – про любовь. Мы тоже за любовь, но за любовь не мононациональную, гермафродитную, бесплодную, а за Любовь, которая приносит счастье людям независимо от национальности и служит продолжению, а не уничтожению рода человеческого.

«Литературная Россия»,
18.08.1995, № 32–33

ТÆФÆРФÆС



АЙЛАРТЫ Измаил

Ирон литературæйыл æрцыди стыр зиан. 14 декабры 94-аздзыдæй цардæй ахицæн нæ куырыхон хистæр, поэт, прозаик, публицист æмæ адæмон сфæлдыстад æмбырдгæнæг Айларты Харитоны фырт Измаил.

Измаил райгуырди 1924 азы 22 августы Хуссар Ирыстоны Хъæдысæры хъæуы. Райдиан скъола каст фæци уым, астæуккаг скъола та – Цæгат Ирыстоны Кировы хъæуы. Хæсты заман æртæ азы бакуыста колхозы хыгъдхæссæгæй, уый фæстæ куыста Мамысоны æфцæгыл фæндæгтæ сыгъдæггæнджытимæ.

1945–1949 азты Измаил Хъæдысæры райдиан скъолайы куыста ахуыргæнæгæй. 1953 азы сахуыр кодта Цæгат Ирыстоны педагогон институты историон-филологион факультеты æмæ нæ республикæйы скъолаты амыдта ирон æвзаг æмæ литературæ.

Æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта 14-аздзыдæй. Йæ фыццаг фæлварæнтæ мыхуыргонд цыдысты Кировы районы газеты фæрстыл.

Измаил йе ‘мдзæвгæты фыццаг æмбырдгæндтæ «Гакк-гакк, куыдзы гакк» æмæ «Фæцæйсырдтон сæрджын саг» ныффыста сабитæн. Йе ‘мдзæвгæты æмбырдгонд «Раджы бадаг – æвæсмон» уырыссаг æвзагмæ тæлмацгондæй («Кто рано встает – не жалеет») мыхуыры рацыд 1970 азы, уацау «Дадаимæ хæхты» – 1974 азы.

Айларты Измаилæн ма уæдæй фæстæмæ мыхуыры фæзынди къорд чиныджы: æмдзæвгæты æмбырдгонд «Мады зæрдæ» (1977), уацау «Фæскъæвда – хур бон» (1981), стыр роман (æртæ чиныгæй) Мамысоны æфцæгыл (1987, 1990, 1996), æмдзæвгæтæ æмæ поэмæты æмбырдгонд «Царды хъæр» (2004), публицистикæйы чиныг «Хуыцауы рæстад» (2011). Измаил ирон адæмы цардыуаг æмæ æгъдæуттыл бæстон афæлгæсыд йæ чиныг «Ирон фарн»-ы, мыхуыры рацыди дыууæ хатты (1996, 2012).

Журнал «Мах дуджы» Измаилы уацмыстæ цыдысты 1955 азæй фæстæмæ. Уыди нæ иузæрдион автор.

Рухс дзæнæты бад, нæ хистæр хæлар Измаил.

«Мах дуджы» кусджытæ

Цъары фæрстыл:

1. Нарты симд.
2. Иллюстраци Лермонтовы поэмæ «Измаил-Бей»-мæ.
3. Æртæ Нарты.
4. Сосланы фæстаг балц.

Выражаем благодарность Художественному музею им. М. Туганова за предоставленные материалы для оформления обложки журнала.

В разделе «Выставка “Мах дуга» использована книга «Азанбек Джанаев – жизнь, ставшая легендой».
Организатор проекта – Национальный музей РСО-А.
Участник проекта – Художественный музей им. М. Туганова.
Куратор выставки – Ф. Г. Болатаева.
Фотосъёмка – А. Г. Робакидзе.

* * *

Гл. редактор	*К. Г. МАМУКАЕВ*
Зам. гл. редактора,	*А. М. КОДЗАТИ*
Шеф-редактор	*И. А. КОДЗАТИ*
Ред. отд. поэзии	*М. Л. ДЖУСОЕВ*
Ред. отдела прозы	*Е. К. МЕДОЕВА*
Корректор	*З. З. КАРАЦЕВА*
Технический редактор	*Н. М. ПРОВОТОРОВА*
Дизайн	*З. Р. ГУРИЕВА*
Компьютерный набор	*М. К. КИРГУЕВА*

* * *

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.

Учредитель и издатель:
Комитет по делам печати
и массовых коммуникаций РСО-Алания
362003. г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-20-52; зам. гл. редактора; шеф-редактор – 25-09-64; отдел поэзии, прозы, корректор – 25-09-74; бухгалтерия – 25-22-47.

Подписано к печати 15.01.19. Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. № 1.
Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,93. Учетно-изд. л. 8,56.
Тираж 1000 экз. Заказ № 2. Цена свободная.
Выход из печати 28 января 2019 г.

Отпечатано в АО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.